


# 2021 – 2022

## *Kòd sou Konduit Elèv yo*



**This document is also available on our website at:**

<http://www.collierschools.com/codeofstudentconduct>


*El Código de Conducta del Estudiante* está disponible en Español y Creole, por solicitud, ó en el internet en:

<http://www.collierschools.com/codeofstudentconduct>

*Dokiman sa a* disponib nan lang Espanyòl ak Kreyòl pou moun ki mande sa oubyen yo ka jwenn li sou sit entènèt nou an nan:

<http://www.collierschools.com/codeofstudentconduct>

**NÒT:** Nan tout Tèks Kòd sou Konduit elèv la, tèm “paran” an enkli responsab legal oswa lòt moun ki reprezante paran (tankou gran paran oswa paran etap ke timoun nan abite avèk yo, oswa yon moun ki legalman responsab pou byennèt timoun nan).



Collier County Public Schools

[www.collierschools.com](http://www.collierschools.com)

Dr. Kamela Patton  
Sipèntandan t of Schools

## THE DISTRICT SCHOOL BOARD OF COLLIER COUNTY

Erick Carter, Chair  
Jen Mitchell, Vice Chair  
Stephanie Lucarelli, Member  
Roy M. Terry, Member  
Dr. Jory Westberry, Member

This report has been prepared by The District School Board of Collier County.  
Additional copies, if available, may be obtained by writing:

The District School Board of Collier County  
Dr. Martin Luther King, Jr. Administrative Center  
5775 Osceola Trail  
Naples, Florida 34109-0919

**Nimewo Rapò a:**  
05112021

**Koòdone pa**  
Dr. Rachel Rutizer Dawes  
Lisa C. Roa  
Mark Rosenbalm

## DEKLARASYON VIZYON

*Tout elèv pral konplete lekòl byen prepare pou kontinye aprann avèk tou pou asime responsabilite nan kominote yo ak sou plan global.*

*Konsèy Administrasyon Lekòl Distri Collier County a pa diskrimine sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (enkli oryantasyon seksyèl epi/oswa idantite de jan, andikap, oswa laj nan pwovizyon opòtinite edikatif oswa opòtinite e benefis nan travay. Konsèy Administrasyon Lekòl Distri a pa diskrimine sou baz sèks oswa andikap nan pwogram edikasyon e aktivite ki opere e pouswiv egzijans Tit IX sou Amandman Edikasyon 1972 la, Seksyon 504 sou Lwa Reyabilitasyon 1973 la, e Lwa sou Ameriken ki genyen Andikap 1990 la, respektivman. Dwa pou moun pa diskrimine lòt moun kont pwolongasyon ni anplwaye ni elèv Distri a e ki dwe enkli aksè egal pou deziyen ògazinasyon adolesan an konfòmite avèk Lwa sou Aksè Egal pou Eskout nan Amerik. Yo ta dwe kontakte moun sa yo pou enfòmasyon sou dwa yo oswa pou aprann kòman pou pote yon plent kont diskriminasyon.*

*Anplwaye: Pou kesyon ki genyen rapò avèk Seksyon Plan 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la, Lwa sou Ameriken ki genyen Andikap, Lwa sou Diskriminasyon ki fonde sou Laj nan Travay, Tit VII, e Lwa Florid sou Ekite Edikatif, kontakte Ms. Valerie Wenrich, Direktris Egzekitif, Resous Imèn, nan (239) 377-0351, oswa nan 5775 Osceola Trail, Naples, Florida 34109.*

*Elèv: Pou kesyon ki genyen rapò avèk (a) Lwa Florid sou Edikasyon e Tit VI (kesyon ras, relijyon, orijin nasyonal), kontakte Ms. Rhoderica Washington, Director, Academic Attainment and Equity, Teaching and Learning, at (239) 377-0100, oswa nan 5775 Osceola Trail, Naples, Florida 34109; e (b) Seksyon 504 nan Lwa Reyabilitasyon 1973 la, Lwa sou Ameriken ki genyen Andikap, kontakte Ms. Jana Csenger, Sèvis Sikolojik Kowòdinatris nan (239) 377-0521, oswa nan 5775 Osceola Trail, Naples, Florida, 34109.*

*Tit IX: Pout tout kesyon ki genyen rapò avèk Tit IX, keseswa li genyen rapò avèk anplwaye epi/oswa elèv, Ms. Valerie Wenrich, Direktris Egzekitif, Resous Imèn, nan (239) 377-0351, oswa 5775 Osceola Trail, Naples, Florida 34109.*

## TAB POU KONTRNI YO

<b>ENTWODIKSYON</b>	<b>Paj</b>
Entwodiksyon.....	2
Trè Karaktè.....	4
Wòl ak Responsabilite.....	4
Otorite pou Disiplin Elèv yo.....	5

## **DWA AK RESPONSABILITE ELÈV YO**

Prezans ak Patisipasyon.....	6
Disiplin/Pwosè Ekitab.....	7
Kritè Administratif pou Readmisyon Elèv yo te Mete Deyò Lekòl la.....	8
Libète La Pawòl/Ekspresyon.....	9
Reparasyon Enjistis.....	9
Piblikasyon.....	10
Fouy ak Sezi.....	10
Gouvènman Elèv yo.....	11
Demand Aksè Piblik pou Elèv yo.....	11
Direktwa Enfòmasyon.....	12

## **KÒD SOU KONPÒTMAN AK KONDWIT ELÈV YO**

Kòd sou Konpòtman Elèv.....	12
Elèv Ki Sijè Pou Tonbe Anba Kontwòl Lekòl.....	12
Ekipman Siveyans Videyo ak Odio.....	13
Ranvwa pa yon Pwofesè.....	13
Komite pou Revize Plasman.....	14

## **DEFINISYON**

Sispansyon.....	14
Plasman Altènatif (Ofans Serye, Zak Kriminèl/Delenkans ki pa Komèt nan Lekòl).....	15
Ekspilsyon.....	16
Retire yon Elèv nan Klas ak nan Lòt Aktivite Ekstra.....	17
Sispansyon ak Ekspilsyon Elèv ki Andikape yo.....	17
Sekirite Lekòl e Zewo Tolerans.....	17

## **KÒD SOU KONDUIT**

Règleman 1. Ensandi Kriminèl, Fo Alam pou Dife/Apèl 911.....	18
Règleman 2. Atak Fizik, Abi Fizik pa yon Elèv, oubyen Nenpòt Menas Anvè Nenpòt Endividi.....	19
Règleman 3. Menas Bonb, Move Menas ki ap Simaye Vyolans oswa nui moun, oswa Fo Rapè.....	19
Règleman 4. Zak Entimidasyon ak Asèlman.....	19
Règleman 5. Règleman Pou Bis Lekòl yo.....	20
Règleman 6. Triche Oubyen Pran Poul.....	21
Règleman 7. Kominikasyon – Abizan/Vyolan/Obsèn.....	22
Règleman 8. Derespekte, Arasman Oubyen Zak Ilegal ki Fèt sou Pèsonèl Lekòl la Andeyò Etablisman Lekòl la.....	22
Règleman 9. Deranjman ak Entèferans nan Lekòl la.....	22
Règleman 10. Distribisyon Materyèl.....	23
Règleman 11. Kòd sou Vètman ak pou Abiye Byen.....	23
Règleman 12. Aparèy Elektwonik.....	25
Règleman 13. Ekstòsyon.....	26
Règleman 14. Fo Akizasyon.....	26
Règleman 15. Goumen.....	26

## TAB POU KONTNI YO (kontinye)

Règleman 16. Fòje Dokiman Lekòl oubyen Dokiman Paran .....	26
Règleman 17. Jwe Jwèt/Parye pou Lajan.....	27
Règleman 18. Gang, Sosyete Sekrè, Asanble Ilegal ou Lòt Ensitasyon .....	27
Règleman 19. Brimad.....	27
Règleman 20. Ensibòdinasyon – Meprize Direksyon oubyen Kòmand yo.....	28
Règleman 21. Limyè ak Lezè pou pwente – Posesyon oubyen Itilizasyon.....	28
Règleman 22. Pati Kite Lakou Lekòl la.....	28
Règleman 23. Veyikil a Motè – Operasyon ak Pakin pou Elèv yo .....	28
Règleman 24. Nakotik, Bwason ki gen alkòl ladan, ak Dwòg.....	29
Règleman 25. Ekspoze Afeksyon Lanmou an Piblik .....	30
Règleman 26. Pwopriyete Lekòl la – Batiman Lekòl yo/Veyikil yo.....	30
Règleman 27. Pwopriyete Lekòl la – Materyèl/Liv/Entènèt.....	31
Règleman 28. Move Kondwit Seksyèl .....	31
Règleman 29. Vòl.....	32
Règleman 30. Tabak – Posesyon oubyen Itilizasyon .....	32
Règleman 31. Vizitè/Rantre sou Pwopriyete san Otorizasyon.....	32
Règleman 32. Zam, Zam a Fe, Enstriman Danjere, ak Kontreband .....	33
Règleman 33. Lòt Ensidan/Zak Delenkan Serye .....	34
Règleman 34. Règleman sou Prezans nan Lekòl yo.....	34
Règleman 35. Kòd sou Kondwit pou Aktivite/Atletik .....	37
Règleman 36. Ekzijans GPA pou Aktivite/Atletik .....	44

### A. APENDIS

B. Ranvwa pa yon Pwofesè .....	46
Fòm Ranvwa TA-1 .....	48
Fòm Rejis TA-2 .....	49
B. Avi sou Sispanasyon Andeyò lekòl la .....	50
C-1 Lèt Otorizasyon Paran pou Bay Medikaman/Tretman .....	51
C-2 Fòm Otorizasyon Paran pou Bay Medikaman/Tretman .....	52
D Zero Tolerans pou Move Kondwit Diskriminatwa ak Arasman pa Elèv – Pwosedi ak Gid Direktiv .....	53
E Direktwa Enfòmasyon yo .....	55
F Matris Disiplin (Elemantè / Segondè).....	56

# ENTWODIKSYON

An akò avèk manda ke Lalwa Florid ekzije, tout elèv ki nan Lekòl Piblik nan Collier County pral jwenn aksè a yon Manyèl Kòd sou Kondwit Elèv yo, ke yo refere avèk li sou non Kòd la. Kòd Manyèl la di pou yo rekonèt dwa elèv yo, sa enkli dwa pou yo aprann. Elèv yo ap resevwa manyèl enfòmasyon sa a yon fason pou yo kapab konprann konplètman responsablite ak dwa yo. Li gen rekonesans sou responsabilite elèv yo genyen pou yo respekte dwa lòt yo e pou yo respekte obligasyon tout lekòl yo genyen pou yo fè lòd ak la pè ki nesèsè tabli pou yo kapab resevwa yon pen lenstriksyon ki solid e ki efektif.

Tout lekòl nan Collier County pral entegre kòd la nan nan devlopman livrè endividyèl lekòl yo a. Yo ap bay elèv yo liv sou règleman yo yon fason pou yo kapab konnen a plen responsabilite ak dwa yo.

Lekòl yo ap akonpli bi edikasyon ke yo tabli nan yon klima kote yo ap rekonèt epi respekte dwa ak responsabilite chak endividi. E sa ki enplisit nan dwa sa yo se responsabilite pou respekte dwa lòt yo genyen. Premye fonksyon lekòl piblik nou yo se pou bay tout elèv nou yo opòtinite pou yo jwenn yon edikasyon san pati pri. Edikasyon pap posib si pa gen yon atmosfè kote bon lòd ak disiplin ki dekri tankou lè pa gen distraksyon ak anpechman ki fè entèferans nan fonksyonman elèv yo, klas la avèk/oubyen lekòl la. Tanpri note ke kapab genyen aksyon disiplinè pou moun ki angaje nan aktivite nuisans, posesyon, epi/oswa itilizasyon atik nuizans oswa atik ki ap atire distraksyon.

Pandan ke elèv yo ap pwogrese nan lekòl la, li rezonab pou yo asime e rekonèt ke laj yo ap ogmante e ke yo ap vin genyen plis matirite ki vle di tou yo ap asime pi gwo responsabilite pou aksyon yo komèt. Diferans laj ak matirite antre an pati an konsiderasyon lè yo ap detèmine ki kalite sanksyon yo dwe pran kont yon elèv. Yo ap aplike pwosedi ki nan *Kòd* sa a pou tout elèv ki nan Lekòl Piblik Collier County yo.

*Kòd* la toujou an vigè lè elèv la ap vwayaje pou ale lekòl la oubyen soti lekòl la pou ale yon lòt kote, san konte evenman ke lekòl la òganize, joune, aktivite atletik, ak lòt aktivite kote administratè apwopriye yo gen kontwòl sou etidyan yo. An plis de sa, Direktè lekòl la gen otorite pou li pran lòt aksyon administratif lè konpòtman yon elèv an deyò lekòl la lage oubyen kapab lage yon move vèni sou lòt elèv yo oubyen sou lòd ki tabli nan pwosesis edikasyon-an. Elèv ke yo voye ale chita lakay yo pou kèlke jou, oubyen ke yo mete deyò lekòl la nèt, oubyen ke yo voye nan yon lòt pwogram altènativ pa dwe antre ou prezante a yon distans ki egal a mil pye devan yon batiman lekòl kèlkeswa lè a.

Bon lòd ak disiplin se panse ki pi bon pou yon moun genyen pou aji yon manyèl pozitif, pa yon manyèl negatif; pou ede yon etidyan ajiste li, olye pou pini li; pou chanje yon konpòtman inakseptab e fè li tounen yon konpòtman akseptab. Li se yon panse tou ki jistifye prezans yon atmosfè amikal olye de yon atmosfè komèsyal kote elèv avèk pèsònèl lekòl yo ap travay men nan men pou atenn bi ke yo tout ansanm vize e akseptè.

A travè sa ki ekri nan *Kòd la*, tèm “paran” enkli ladan gadyen legal oubyen lòt moun ki ap jwe yon wòl paran pou timoun nan (tankou pa egzans granparan oubyen bòpè, bèlmè ki abite ak timoun nan, oswa yon moun ki legalman responsab pou pran swen timoun nan).

Pandan yo ap revize *Kòd la*, li enpòtan pou yo konprann ke menmsi fòsdelòd chaje oswa pa chaje yon elèv oswa pwokirè jeneral la deside pou pa pouswiv yon ka kriminelman, li separe epi li apa avèk Distri a pou detèmine si yon elèv vyole *Kòd sa a*, sa kapab jenere konsekans aplikab ki prezande nan Règleman an men nan Matris disiplinè a tou.

Nou ankouraje lektè nou yo pou yo pa sèlman revize Règleman men pou yo li Matris disiplinè a tou.

***Kòd la aplikab epi li ap ekzekite pou tout elèv ki nan Lekòl Piblik Collier County***

SEE IT? • SAY IT!

# KEEP COLLIERS SAFE

DON'T SPREAD IT • REPORT IT

ALL THREATS ARE TAKEN SERIOUSLY

REPORT SUSPICIOUS ACTIVITY **IMMEDIATELY**

**DO NOT SPREAD** SUSPICIOUS IMAGES/POSTS ON SOCIAL MEDIA

## TALK TO AN ADULT

Tell a school administrator, teacher, YRB Deputy, coach, counselor, parent, or any adult with whom you feel comfortable talking.



## CALL TO REPORT

**Collier County Sheriff's Office**  
239-252-9300

**SWFL Crime Stoppers**  
1-800-780-TIPS (8477)



## REPORT ONLINE

Go to:  
[collierschools.com/keepcolliersafe](http://collierschools.com/keepcolliersafe)

Click the "REPORT IT" button to report suspicious activity or threats to the Collier County Sheriff's office.

Click here to  
**REPORT IT**

## USE THE APP

Download **FortifyFL**  
to report suspicious activity.  
[www.GetFortifyFL.com](http://www.GetFortifyFL.com)

Available on the App Store and Google Play



## TRÈ KARAKTÈ

### **Konsèy Administrasyon Distri Lekòl Collier County adopte Trè Karaktè Sila yo:**

- Kontwòl Tèt Ou:** Pou kontwole pwòp konpòtman ak emosyon ou epi, lè sa nesèsè, pou repòte bezwen ak dezi imedyà ou yo pou yon avantaj ki ap dire pi lontan.
- Jantiyès:** Pou w trete lòt moun yo jan ou vle yo menm yo trete ou.
- Charite:** Pou w ede lòt moun ki bezwen èd ou.
- Onètete:** Pou w onèt, fyab epi konpòte ou avèk entegrite.
- Ekite:** Pou w fè pwomosyon pou gen opòtinite egal-ego pou tout moun epi pou w aplike règleman tout moun ki pou aplike yo pou tout moun yon fason egal.
- Jistis:** Pou w jis/ekitab epi trete moun byen.
- Entegrite:** Pou w fyab, onèt, e veridik nan tout sa ou ap fè; pou w aji avèk onè e jistis.
- Swen:** Pou w janti, itil, padonab, e prete atansyon a lòt moun.
- Kouraj:** Pou w fè ou brav nan moman difisil; pou w gen fòs pèsònèl pou fè fas kare ak difikilte, obstak, ak defi yo.
- Padon:** Pou w padone, domine, eskize oubyen klarifye; pou w sispann akize oubyen fache kont lòt.
- Sitwayènte:** Pou w fè devwa pa ou pou rann kominote a vin pi bon.
- Patriyotis:** Pou w sipòte Konstitisyon Amerikèn nan epi montre ke ou renmen Etazini Damerik.
- Respè:** Pou w trete yon bagay (oubyen yon moun) swivan valè li ak sa li vo.
- Tolerans:** Pou w pèmèt deviyasyon fèt nan yon nòm. Pou w rekonèt kwayans oubyen pratik ki diferan de pa ou oubyen ki an konfli avèk pwòp kwayans pa ou.
- Koperasyon:** Pou rekonèt entèdepandans youn pou lòt ki ap soti nan trete lòt yo avèk politès e nan respè ou gen pou yo.
- Responsabilite:** Pou w pran pou devwa pou rann kont pou pwòp aksyon ou mennen, e pou w konnen e swiv lwa, règleman ak kòd kondwit yo.
- Pèseverans:** Pou w konplete yon travay menm lè travay la vin difisil, annwiye oubyen dekourajan.

## WÒL AK RESPONSABILITE

Disiplin nan lekòl la se yon responsabilite konjwen ant manb pèsònèl lekòl la, elèv yo, ansanm ak paran yo. Chak manb pèsònèl yo dwe konprann byen estrikti disiplin yo epi yo dwe aksepte responsabilite yo pou yo fè sistèm nan mache. Pwofesè ki panse ke wòl yo se senpman ansenye e ke asire disiplin elèv yo se travay yon lòt moun, yo ap fè menm erè ak administratè ki panse ke yon bon pwofesè kapab responsab tout pwoblèm disiplin etidyan yo san ankenn lòt asistans anplis. Kòd la rekonèt ke gen bezwen pou yon relasyon koperatif ant elèv, paran, ak edikatè. Responsabilite nou pral bay la yo reflekte jan de relasyon koperatif nou ap pale yo:

## **RESPONSABILITE PARAN**

1. Rete an kominikasyon regilye avèk lekòl la pou konnen kijan pitit yo ap kondwi tèt yo ak pou jwenn enfòmasyon sou pwogrè akademik yo
2. Asire yo ke pitit yo vin lekòl chak jou epi/oubyen yo rapòte e eksplike manb pèsonèl lekòl la rezon absans timoun yo.
3. Bay timoun li yo resous yo ap bezwen pou konplete travay nan klas yo.
4. Veye pou ke timoun li yo pran swen tèt yo byen, pou yo abiye bèl e byen pwòp.
5. Alète otorite lekòl yo sou nenpòt pwoblèm oswa kondisyon ki ap afekte pitit yo oubyen lòt timoun ki nan kominote lekòl la yon fason negatif.
6. Diskite avèk timoun yo sou kou yo seleksyone yo, rezilta kanè yo, ak devwa yo ba yo fè.
7. Asire ke pitit yo ap viv an bon sante.
8. Montre ke yo favorize yon atitud pozitif anvè lekòl.
9. Pratike ak ankouraje trè karakteristik ke Distri a adopte yo. (*Sitwayènte, Koperasyon, Onètete, Jantiyès, Patriyotism, Pèseverans, Respè, Responsabilite, Kontwòl Tèt yo, ak Tolerans*)
10. Voye je ak ekzèse sipèvizyon sou pitit yo nan evenman Distri a pou asire ke pitit yo konpòte tèt yo yon fason ki responsab nan evenman sa yo.

## **RESPONSABILITE ELÈV LA**

1. Vini patisipe nan tout klas yo epi vini a lè.
2. Prepare pou klas avèk mateyèl travay ki apwopriye.
3. Respekte pwopriyete ak dwa endividiyèl lòt moun.
4. Kondwi tèt yo yon fason ki an sekirite e ki responsab.
5. Byen abiye, pwòp, e byen òdone.
6. Asime responsabilite pou aksyon yo komèt.
7. Koube yo ak règleman ak regilasyon ke Distri a, lekòl la ak/oubyen pwofesè sal klas yo tabli yon fason endividiyèl.
8. Pratike epi ankouraje trè karaktè ke Distri a adopte a (*Sitwayènte, Koperasyon, Onètete, Jantiyès, Patriyotis, Pèseverans, Respè, Responsabilite, Kontwòl Tèt yo, ak Tolerans*).

## **YON MANB PÈSONÈL RESPONSAB NAN LEKÒL LA**

1. Ankouraje ltilizasyon bon pwosedi pou gide timoun yo.
2. Mentni yon atmosfè ki pou kondwi timoun yo pou adopte bon konpòtman.
3. Demontre yon atitud respè pou elèv yo.
4. Planifye yon pwogram fleksib epi dispansè enstriksyon ki pou reponn a bezwen elèv yo.
5. Devlope yon bon relasyon travay nan mitan kò pèsonèl pwofesyonèl yo, paran, ak elèv yo.
6. Ankouraje elèv la vin enplike nan devlopman règleman ak regilasyon pou lekòl la.
7. Mete sou pye yon sistèm rekonesans ki pou sipòte ak ankouraje bon konpòtman elèv yo.
8. Mentni yon atmosfè ki pou santre atansyon elèv yo sou aktivite akademik pou pèmèt ke yo bay bon rannman.
9. Pratike ak ankouraje pratik trè karaktè Distri a adopte yo. (*Sitwayènte, Koperasyon, Onètete, Jantiyès, Patriyotis, Pèseverans, Respè, Responsabilite, Kontwòl Tèt yo, ak Tolerans*)

## **OTORITE POU DISIPLIN ELÈV YO**

Daprè Lwa Florid F.S. 1006.07, pwofesè yo, Direktè yo, ak administratè yo gen otorite pou yo pran mezi ki nesèsè e ki rezonab pou yo kenbe yon kontwòl ak yon disiplin pwòp nan mitan elèv ki plase anba swen ak sipèvizyon. Direktè a kapab modifye nenpòt sanksyon ki pran. Tout moun konprann byen ke lè lapolis enplike nan yon sityasyon, elèv yo dwe respekte otorite ofisye polis la oubyen ofisye polis ki enplike yo si se pa sa yo ap kouri risk pou sibi konsekans pou fè obstriksyon kont aksyon ki gen rapò ak lalwa.



## **DWA AK RESPONSABILITE ELÈV YO**

Seksyon sa a kreye nan entansyon pou enfòmè elèv yo sou libète lalwa ba yo de konsè avèk responsabilite lekòl la genyen anvè yo pou garanti sante, sekirite ak byenèt elèv yo. Dwa ak responsabilite ki prezante yo reflekte opòtinite ke elèv nou yo genyen pou yo dialoge, fè deba, ak diskisyon pou yo akeri pi gwo opòtinite posib pou sèvi tèt yo ak sosyete a. Pa gen okenn kote nan dokiman sa a ki mansyone, ni ki sijere ke lekòl la ta dwe renonse a otorite ak responsabilite li. Nan chak lekòl, se Direktè a ki gen tout responsabilite ak otorite pou fè lòd ak disiplin renye nan pwosesis edikasyon yo. Dokiman sa a founi yon filozofi, pwen enpòtan, ak teknik ke administrasyon an, kò pwofesoral la, paran, ak elèv yo jenere.

Responsabilite sa yo pa sipoze gen entansyon ni entèprete kòm kwa se yo menm ki pral aji pou kontwòle règleman ki ap gouvène kondwit etidyan yo oubyen otorite lekòl la nan sikonstans espesifik yo. Li reprezante rezime yon dokiman ki gen yon prensip ki laj, ki bay prèv rekonesans e ki sipòte konsèp dwa etidyan yo ak responsabilite yo genyen sou do yo. Mete prensip sa yo an aplikasyon, ansanm ak pwosedi ki pou swiv nan bi pou gide alafwa etidyan yo ak ofisyèl ki responsab lekòl yo nan yon seri sitiyasyon espesifik, bagay sa yo depase pòte ak entansyon dokiman sa a.

### **PREZANS AK PATISIPASYON**

#### **BAZ FILOZOFIK**

Daprè Lwa Florid F.S. 1003.21 e 1003.31, administratè lekòl yo gen yon obligasyon ke la lwa ba yo pou yo ranfòse lwa lekòl yo ki ekzije obligatwaman pou timoun yo prezan e patisipe nan lekòl. Elèv yo genyen yon obligasyon pou yo tire avantaj sou opòtinite yo genyen pou jwenn edikasyon gratis, yon edikasyon ki kapab ede yo devlope konpetans yo ak konesans ki nesèsè pou ede yo fonksyone nan yon sosyete demokratik modèn.

#### **DWA**

- Elèv ak paran gen dwa pou yo gen aksè a enfòmasyon ki nan règleman Konsèy Administrasyon Eskolè ak lekòl endividyèl yo ki defini klèman absans ak reta ke yo bay eskiz pou yo.
- Elèv yo gen dwa pou yo ale an apèl kont yon desizyon ki pran kont yon absans (eskize ou pa eskize). Patipasyon nan aktivite ke lekòl la patwone pral konsidere kòm yon joune.
- Elèv yo gen dwa pou yo refè devwa ke yo te bay fè nan klas la an ka ke yo te gen nenpòt absans. Elèv yo pa dwe resevwa sispansyon pou "reta," "pa vini lekòl," oswa paske yo ap fè woul. Yo sipoze aplike lòt fòm disiplin pou vyolasyon sa yo. F.S. 1006.09(9)

#### **RESPONSABILITE**

- Elèv yo gen responsabilite pou pran avantaj opòtinite yo jwenn pou pran pen lenstriksyon lè yo vini nan klas chak jou e a lè.
- Elèv yo gen responsabilite pou bay lekòl la eksplikasyon ki ase ansanm ak dokiman ki apwopriye ki endike rezon ki fè yo te absan.
- Elèv yo gen responsabilite pou yo reklame devwa yo genyen pou yo refè yo ak pou chèche konnen delè yo genyen pou konplete devwa yo sito ke yo retounen lekòl.

## DISIPLIN/PWOSÈ EKITAB

### **BAZ FILOZOFIK**

Opòtinite pou resevwa edikasyon piblik se pa yon privilèj men se yon dwa enpòtan. Elèv ki twouve yo an danje pou yo sispann yo lekòl oubyen pou yo mete yo deyò lekòl sipoze benifisye yon pwosè ak pwosedi ekitab.

Elèv ki te soti lekòl la volontèman genyen dwa pou retounen antre nan yon pwogram. Yon administratè ki refize yon elèv re-antre nan yon pwogram dwe swiv pwosedi apwopriye pou yon pwosè ekitab avan ke li pran desizyon an

### **DWA**

- Elèv yo gen dwa pou resevwa yon pwosè ekitab si yo ta rive yon moman kote yo ap pran yon sanksyon disiplinè ki serye kont yo. Yo dwe konprann ke pwosè ekitab la vle di: a) yo sipoze bay elèv la avi oral ak ekri atan ki mansyone akizasyon ke yo pran kont li yo; b) yon eksplikasyon sou rezon/evidans ki sipòte aksyon sa yo; ak c) yon opòtinite pou yo tandè elèv la avan yo pran nenpòt aksyon disiplinè serye kont li
- Elèv yo gen dwa avèk eleman ki pi ba yo ki konsène pwosedi sou pwosè ekitab la:
  - Dwa pou yo eksplike, idantifye nenpòt faktè ki modere epi eksplike istwa a nan fason pa yo.
  - Dwa pou yo poze kesyon ansanm avèk paran yo, nan yon odyans administratif pou jwenn klarifikasyon sou pwoblèm ke yo ap revize a.
  - Dwa pou yo prezante evidans ak/oubyen temwen ki pou defann yo.
  - Dwa pou gen yon jijman san pati pri.
  - Dwa pou prezante devan, konfwonte ak kesyone temwen advèsè yo.
  - Dwa pou gen yon paran/responsab legal oubyen avoka (se elèv la ki ap peye avoka a) ki prezan nan jijman-an, epi, si yo reklame sa, pou yo akonpanye avèk yon lòt granmoun ki pou ede yo kominike avèk pèsònèl lekòl la nan nenpòt reyinyon.
  - Dwa pou yo anrejistre odyans administratif la sou baz yon konsantman mityèl.
- Elèv yo gen dwa, selon sikonstans ki apwopriye yo pou patisipe nan yon sispannyon altènatif entèn.
- Elèv yo gen dwa pou yo resevwa sèvis edikasyonèl diran lajounen oubyen nan yon pwogram edikasyon altènatif ki fèt nan aprè midi si yo sispann yo akòz pwosè ki ap pouswiv pou dezòd yo te fè.
- Elèv ki te soti lekòl la volontèman genyen dwa pou retounen antre nan yon pwogram. Yon administratè ki refize yon elèv re-antre nan yon pwogram dwe swiv pwosedi apwopriye pou yon pwosè ekitab avan ke li pran desizyon an epi adere avèk Politik 5112.01 Konsèy Administrasyon an.

### **RESPONSABILITE**

- Elèv yo gen responsabilite pou eksèsè disiplin pou tèt yo nan sal klas yo ak nan lakou lekòl la yon fason pou dwa tout moun kapab respekte epi pou efò tout moun ap fè kapab ale nan direksyon atmosfè ki pou tabli pou timoun yo aprann.
- Elèv yo gen responsabilite pou evite nesèsite pou ekzèsè dwa sa a, swivan seryezite pwoblèm nan, nan obeyi Règleman Konsèy Administrasyon yo ak règleman lekòl yo lè yo kondi tèt yon fason ki akseptab.
- Elèv yo gen responsabilite, pou yon fwa yo aksepte yon sispannyon altènatif entèn, pou yo patisipe yon fason konstruktif nan pwogram ansèyman ke yo ap ofri yo.
- Elèv ki re-antre nan lekòl yo gen responsabilite pou yo mennen paran yo pou vin diskite pwogram edikasyonèl apwopriye yo epi pou debouye yo pou yo prezan tout tan epi pou bay yon patisipasyon pwodiktif nan lavi lekòl la

## KRITÈ ADMINISTRATIF POU READMISYON PI BONÈ ELÈV YO TE METE DEYÒ LEKÒL LA

1. Yon elèv ke yo mete deyò nan Lekòl Piblik Collier County pa gen dwa pou li retounen nan lekòl yo te mete li deyò a pandan ke li ap sèvi tèm sa a. Sepandan, Elèv la sa a sipoze ranpli yon aplikasyon pou yon re-admisyon pou kondisyon pwobasyon an, tèm pwobasyon-an ap tabli a menm longè ke peryòd ekspilsyon orijinal la ap dire. Aplikasyon pou re-admisyon elèv la pral fèt pa ekri e yo dwe soumèt li nan biwo Direkè lekòl elèv la. Direktè a dwe rekòmande oubyen refize aplikasyon pou re-admisyon an. Direktè a dwe rekòmande oubyen refize aplikasyon pou re-admisyon an. Direktè a pral voye aplikasyon an avèk rekòmandasyon li yo bay Sipèentandan an pou revizyon. Sipèentandan an ta dwe selon jijman pèsònèl li pote aplikasyon an devan Konsèy Administrasyon Eskolè a pou yo kapab diskite sou li oubyen li kapab decide pou li pa fè sa. Se Konsèy Ekzekitif la ki ap pran desizyon final la pou konnen si yo ap readmèt elèv yo te mete deyò a. Kote yo ap bay elèv la yon solisyon altènatif aprè yo fin mete li deyò, Sipèentandan an kapab pran desizyon konsènan readmisyon an.
2. Lè yo ap evalye aplikasyon pou readmisyon pou yon etidyan konsa, yo sipoze konsidere kritè nou pral bay la yo pou konnen si elèv la:
  - a. te konplete yon pòsyon nan tèm ekspilsyon an san okenn ensidan.
  - b. te aplike pou readmisyon.
  - c. te soumèt ansanm ak aplikasyon li a fòm rekòmandasyon ki soti bò kote paran/responsab li yo, anplwaye li yo, sosyal li, polis, ajans pwobasyonè ou medikal yo, ki endike ke elèv la te jwenn rekonesans satisfèzan, yo te adrese li e korije pwoblèm nan osnon kòz ki te kontribye pou fè yo mete li deyò lekòl la.
  - d. reprezante yon menas, danje oubyen male pandye pou pou tèt li oswa pou sante, sekirite, oubyen byenèt lòt moun ki nan lekòl la.
  - e. kapab repare kredi li yo akademikman, repare ekzijans yo etc. ke li te pèdi pandan tout tan li te deyò lekòl la (yo ap konsidere laj kwonolojik) pou tan li rete yo nan bi pou li fè pwogrè ki rezonab pou reponn a ekzijans pou li gradye yo.
  - f. dakò pa ekri pou aksepte kondisyon ki mete devan li pou li readmèt nan klas Lekòl Piblik Collier County yo sou yon baz pwobasyon pandan ke li ap kenbe estati ofisyèl li genyen kòm yon elèv ki "deyò". Pral genyen yon konpreyansyon klè pou di ke si gen vyolasyon ki anrejistre kont kondisyon akò yo oubyen disiplin referal "majè yo", sou desizyon Sipèentandan-an oubyen yon lòt reprezantan li, sa pral abouti a yon fen nan estati readmisyon kondisyonèl etidyan-an epi li ap retounen nan estati li te genyen avan an ki se mete li deyò nèt nan lekòl la.
3. Direktè (tris) la gen dwa pou li ajoute restriksyon anplis sou elèv la ki ap bati yon ka endividyèl. Ekzanp ekzijans sila yo ki san limitasyon, ap parèt konsa:
  - a. Ekzamen dwòg peryodik, men se elèv la ki ap peye, ke yon doktè lisansye oubyen yon teknisyen laboratwa fè sou preskripsyon ke li resevwa bò kote yon doktè epi yo ap voye rezilta-a bay lekòl la si lekòl la mande li (ekzijans sa-a se Konsèy Administrasyon lekòl la ki pou di pou sa fèt pandan reyinyon yo ap òganize pou mete deyò etidyan ki enplike nan pwoblèm dwòg, ki itilize yo oubyen ap vann yo).
  - b. Evaliyasyon sikolojik peryodik, se elèv la ki ap peye pou sa, ke yon sikyat/sikològ lisansye fè epi yo ap voye rezilta-a bay lekòl la si li mande li (ekzijans sa-a se sipèentandan-an osnon Konsèy Administrasyon lekòl la ki pou di pou sa fèt pandan reyinyon yo ap òganize pou etidyan ki enplike nan zafè pote zam, vyolans, batay ak konpòtman kwonik ki bay pwoblèm ak lòt move konpòtman ki ap lakòz yo mete li deyò).
  - c. Pa gen arestasyon oubyen konviksyon pou okenn aktivite kriminel soti nan dat yo te mete li deyò a pou rive nan dat elèv la konplete edikasyon fòmèl li nan sistèm Lekòl Piblik Collier County a.

4. Nan ka kote li sibi yon arestasyon, nou jwenn yon tès dwòg ki pozitif, oubyen yon evaliyasyon sikolojik ki soti negatif, sa ap sifi tou pou Lekòl Piblik Collier County sispann peryòd pwobasyon pou readmisyon elèv sa a epi konsidere pou mete li deyò nèt.
5. Yo kapab rive anpeche elèv sa apatisipe nan aktivite ekstra yo pandan tout dire tan yo mete li deyò lekòl la.

## LIBÈTE LA PAWÒL/LIBÈTE EKSPRESYON

### **BAZ FILOZOFIK**

Youn nan rezon de baz edikasyon se pou prepare elèv yo pou yo kapab responsab tèt yo nan sa yo ap di nan yon sosyete demokratik. Sitwayen ki ap evolye nan demokrasi nou-an gen pèmision pou di sa yo panse selon dwa premye ak 14èm Amandman Konstitisyon nou an ba yo. Yo sipoze bay etidyan nou yo tout opòtinite posib pou yo mande, kesyone, ak echanje ide. Yo sipoze jwenn ankourajman pou yo patisipe nan diskisyon kote anpil pwend vi, san konte sa ki souleve opinyon diferan, ap eksprime lib e libè.

### **DWA AK RESPONSABILITE**

- Sèman Alejans la se yon tèks ki prezante ideyal Ameriken an, epi chak elèv dwe jwenn pwoteksyon nan dwa yo genyen pou yo afime idantite yo avèk ideyal yo.
- An akò avèk lalwa, elèv yo pral resite Sèman Alejans la nan kòmansman chak joulekòl. Sepandan, yon elèv ap gen dwa pou li pa patisipe nan resite Sèman Alejans la epi li dwe jwenn dwa sa lè paran li(yo) fè demand la pa ekri. Sa pral enkli pou y pa ekzije elèv la kanpe ep plase men dwat li sou kè li. Elèv ki pa jwenn eskiz sipoze respekte drapo a nan kanpe epi plase men dwat yo sou kè yo lè yo ap resite Sèman Alejans la.
- Elèv yo gen dwa pou yo deside pou pa patisipe nan aktivite ki vyole kwayans relijyon yo.
- Elèv yo gen dwa pou yo fè petisyon ak kondwi yon sondaj opinyon nan mitan etidyan yo pou konnen si yo dakò ak pwosedi ke Direktè a ap tabli.
- Elèv yo gen dwa pou yo fòme ak eksprime pwòp opinyon pa yo nan yon sijè ke anpil moun gen opinyon diferan sou li san mete relasyon yo genyen avèk pwofesè yo oubyen lekòl la an danje.
- Elèv yo gen responsabilite pou yo aji yon fason ki pou prezève dinyite okazyon an.
- Elèv yo gen responsabilite pou yo respekte kwayans relijye lòt yo.
- Elèv ki tanmen yon petisyon oubyen yon sondaj gen responsabilite pa sèlman pou fè demand la ak bon rezon, men tou pou kontni an soti avèk ekzaktitid.
- Elèv yo gen responsabilite pou fè efò pou yo enfòme ak pou yo gen konesans sou sijè ki souleve opinyon diferan yo epi pou yo eksprime opinyon yo nan yon fason ki kòrèk pou fowòm kote diskisyon an ap dewoule a.

## REPARASYON ENJISTIS

### **BAZ FILOZOFIK**

Yon enjistis se yon sitiyasyon ki rive nan moman kote lekòl la ap opere e ki lakòz yon etidyan konsidere ke yo trete li mal. Lekòl yo responsab pou yo founi mekanis pou moun ki santi dwa sitwayen yo vyole eksprime yo epi pou yo rezoud enjistis yo.

### **DWA**

- Elèv yo gen dwa pou yo gen yon pwosedi nòmal ki pou repare enjistis yo.
- Elèv yo gen dwa pou yo patisipe nan fòmilasyon pwosedi enjistis yo avèk administrasyon lekòl la a travè gouvènman etidyan yo a.

## **RESPONSABILITE**

- Elèv yo gen responsabilite pou yo dikite enjistis yo-a yon fason enfòmèl avèk moun ki enplike yo avan pou yo envoke yon pwosedi fòmèl sou ka enjistis la.
- Elèv yo gen responsabilite pou yo bay eta enjistis la klèman e avèk presizyon, pou yo kapab swiv yon pwosedi ki etabli, ak pou yo aksepte desizyon ki ap soti nan devlopman pwosesis sa a.

## **PIBLIKASYON**

### **BAZ FILOZOFIK**

Premye libète ki nan la vi yon elèv la gen pou wè avèk pwosesis pou demand ak aprantisaj, pou akeri ak pou resevwa konesans, epi pou echanje ide. Pwosesis sa a ekzije pou ke etidyan yo gen dwa pou eksprime opinyon yo, pou pran pozisyon, ak pou sipòte kòz yo yon fason piblik osnon prive. Youn nan wòl enpòtan lekòl yo se pou founi bon jan chimen kote etidyan yo kapab eksprime tèt yo atravè sijè ki gran e ki varye. Piblikasyon ofisyèl lekòl yo, tankou jounal yo, ta dwe reflekte politik ak jijman editè etidyan yo epi yo dwe enkli pwend vi ki reprezante komite lekòl la an antye.

### **DWA**

- Elèv yo gen dwa pou yo posede, poste epi distribye nenpòt fòm literati ki pap deranje pwogram lekòl la nan anyen. Direktè a kapab siprime nenpòt literati ki kapab mete lòd operasyonèl lekòl la an danje.
- Elèv yo gen dwa pou pibliye literati tankou jounal lekòl yo. Direktè-a kapab siprime oubyen raple literati ke li konsidere ki gen yon estati komèsyal oubyen materyèl an premye lye e ki kapab mete lòd operasyon lekòl la an danje.

## **RESPONSABILITE**

- Elèv yo gen responsabilite pou yo itilize sèlman tablo bilten yo oubyen pati ki rezève nan mi yo pou etidyan yo ak òganizasyon etidyan yo itilize, epi yo dwe aksepte responsabilite pou efè sa yo ap poste yo, piblikasyon yo, ak distribisyon literati yo kapab genyen sou aktivite nòmal lekòl la.
- Etidyan yo gen responsabilite pou yo refize pibliye materyèl ki fo epi ki gen karaktè vagabon, pou yo chèche tout enfòmasyon ki nesèsè sou yon sijè ke yo ap ekri, epi pou yo obsève règleman nòmal ki tabli pou yon jounalis responsab.

## **FOUY AK SEZI**

### **BAZ FILOZOFIK**

Elèv yo posede dwa entimite yon moun dwe genyen menm jan ke yo dwe gen libète pou yo pa sibi fouy ak sezi ki pa rezonab ki fèt nan pwopriyete ke 4èm Amandman Konstitisyon Ameriken an garanti. Dwa moun sa-a, sepandan, ap balanse avèk responsabilite lekòl la genyen pou li pwoteje sante, sekirite, ak byenèt tout elèv li yo.

### **DWA**

- Elèv yo gen dwa pou yo gen entimite yo sou bagay pèsònèl yo amwens ke Direktè-a gen yon kòz rezonab oubyen li sispèk ke elèv la posede e ap sere materyèl, sibstans, osnon bagay, ke règleman lekòl la ak lwa yo entèdi pou moun posede.
- Ofisyèl lekòl yo pa admèt pou yo ap dezabiye yon elèv pou fouye li.

## **RESPONSABILITE**

- Elèv yo gen responsabilite pou yo pa pote osnon posede jan materyèl konsa, sibstans oubyen bagay ke règleman lekòl la osnon nenpòt lwa entèdi oubyen ki ilegal ou ankò ki ap detounen atansyon lekòl la sou pwosesis edikasyon-an ou ki ap detounen sekirite anviwonman lekòl la.
- Ofisyèl lekòl la pèmèt "pou yo tate" yon moun pou fouye li.

## **GOUVERNMAN ELÈV YO**

### **BAZ FILOZOFIK**

Nan yon fason jeneral, respè ke yo bay yon gouvènman elèv se rezilta aktivite konstriktif li nan operasyon lekòl la chak jou. Nan bi pou li kapab efektif, gouvènman elèv la ansanm ak tout responsabilite li genyen sigjere pou ke manb ki reprezante li yo jwenn yon opòtinite pou patisipe nan desizyon sila yo ki ap afekte klima lekòl la. Yon gouvènman elèv ki respekte reprezante yon fowòm pou ekspresyon, diskisyon, ak aksyon ki regade sijè enpòtan yo ki ap debat pou jounen yo.

### **DWA**

- Elèv yo gen dwa anba direksyon yon pèsònèl konseye pou yo fòme epi opere yon gouvènman elèv nan lekòl kote yo ye a.
- Elèv yo gen dwa pou yo rekòmande pou manb fakilte yo sèvi kòm patwon pou òganizasyon gouvènman lekòl yo.
- Elèv yo gen dwa pou yo pote yo kandida pou dirije gouvènman etidyan yo osnon nenpòt lòt òganizasyon kèlkeswa ras, sèks, fwa relijye, oubyen kwayans politik yo.
- Ofisyèl gouvènman etidyan yo ansanm ak reprezantativite yo gen dwa pou yo asiste reyinyon ofisyèl gouvènman etidya elèv yo.

## **RESPONSABILITE**

- Ofisyèl gouvènman elèv yo ansanm ak reprezantativite yo gen reponsabilite pou yo alète moun sou bezwen lekòl la ak sou sa ki konsène kò elèv la ak pou yo travay nan bi pou satisfè bezwen sa yo ak sa ki konsène yo swivan meyè abilite yo.
- Elèv yo gen responsabilite pou konsilte avèk yon pèsònèl konseye avan ke li adrese bezwen ak preyokipasyon sa yo.
- Elèv yo gen responsabilite pou yo mennen kanpay elektoral yo yon fason pozitif, responsab, ak nan respè pou lòt kandida opozan yo.
- Elèv yo gen responsabilite pou patisipe regilyèman e pou kondi tèt yo yon fason ki apwopriye; pou yo demontre leadership pozitif nan gouvènman lekòl la; ak pou yo opere pandan ke yo ap respekte limit politik, pwosedi administratif, Konsèy Administrasyon Lekòl yo, ansanm ak règleman lekòl la. Tout manb kominote lekòl yo ap pataje responsabilite yo pou ka fòme gouvènman elèv yo byen.

## **DEMAND AKSÈ PIBLIK POU ELÈV YO** **DISTRIBISYON AK AFICHAJ NÒTY AK MATERYÈL PIBLISITÈ**

1. Distri a etabli yon fowòm panflè limite pou pibliye avi sou evenman avèk aktivite ke manb nan kominote a soumèt. Avi sa yo, ki sou fòm panflè, pral afiche sou sit entènèt Distri a. Bi fowòm nan se pa pou pèmèt tout òganizasyon itilize li kòm yon fowòm pou libète lapawòl. Panflè ki soumèt yo dwe konsistan avèk misyon ansanm ak bi Distri a epi epi yo pral revize avan pou poste yo sou sit web la. Distri a rezève li dwa pou fèmen fowòm nan nenpòt lè nan pwòp enterè pa li. (Ale wè [Règleman 9700](#) Konsèy Administrasyon an, Seksyon C.) Soumisyon ak distribisyon piblikasyon elèv yo dwe jwenn apwobasyon Direktè lekòl la.
2. Yo entèdi moun distribye bay elèv yo materyèl ki ap fè piblisite pou patizan eleksyon.

Patisipasyon distri lekòl la nan aktivite sektè prive a ak òganizasyon non gouvènmantral yo pa vle di ke li andose nenpòt byen ak sèvis yo ofri.

Pèsòn nan règleman sa a pa sipoze mete sou kote akò “collective bargaining” yo.

**Otorite: 1003.31, 1001.32(2), 1001.41(2), 1001.42(6), 1006.07(2)(c)**

### **DIREKTWA ENFÒMASYON**

#### **Règleman sou revelasyon nan direktwa enfòmasyon yo chita nan Atik sou Dwa ak Vi Prive Fanmi Edikasyonèl la (FERPA).**

1. Direktwa enfòmasyon pral enkli enfòmasyon ki tabli nan FERPA. Anplis de ekzanpsyon ki figure nan FERPA, distri a pral revele direktwa enfòmasyon limite pou etidyan klas onzyèm ak douzyèm ane bay moun ki ap fè rekritman militè yo ak enstitisyon inivèsité ki ap enskri elèv ki pase nan bakaloreya yo, men fòk se yo ki fè demand la.  
Byen ke la lwa pèmèt sa, yo entèdi andedan Lekòl Piblik Collier County yo pou pibliye enfòmasyon bay twazyèm pati yo sou fòm lis non etidyan yo, non paran, adrès ak/oubyen nimewo telefòn yo, eksepte bay moun ki ap fè rekritman militè yo ak enstitisyon inivèsité ki ap enskri elèv ki pase ekzamen bakaloreya yo, sof si gen yo rekòmandasyon ki soti nan la Lwa Federal.
2. Paran oubyen elèv ki kalifye yo ap gen dwa pou enfòmasyon lekòl la pa ekri pou fè konnen ki enfòmasyon yo pa vle lekòl la pibliye san ke paran an li menm osnon etidyan kalifye a pa bay konsantman li avan. Distri a pral prezante enfòmasyon ki limite bay moun ki ap fè rekritman militè yo ak enstitisyon inivèsité ki ap enskri elèv ki pase ekzamen bakaloreya yo sof si direktè lekòl la resevwa avi pa ekri ki di ke paran elèv la pa dakò pou yo revele enfòmasyon ki nan dosye timoun nan.  
Yon avi konsa dwe rive jwenn lekòl la pa ekri nan yon espas trant (30) jou aprè ke etidyan an fin enskri nan lekòl la chak ane.  
Si paran an neglije voye yon avi ekri bay direktè lekòl la nan yon espas trant (30) jou aprè ke etidyan an fin enskri pou ane lekòl la, paran an ap oblije konsanti pou yo pibliye enfòmasyon ki limite bay moun ki ap fè rekritman militè yo ak enstitisyon inivèsité ki ap enskri elèv ki pase ekzamen bakaloreya yo. Nenpòt objeksyon paran elèv la oswa yon elèv ki kalifye fè pa ekri a nenpòt oswa tout direktwa enfòmasyon yo pibliye yo – objeksyon sa yo dwe ale klase nan dosye kimilatif elèv la epi yo dwe anrejistre li nan seksyon ki rezève pou sa nan baz done elèv nan Distri yo.

Distri a pral avize paran osnon elèv ki kalifye yo chak ane nan *Kòd la* pou fè yo konnen ke yo dwe fè rekòmandasyon an si yo pa vle enfòmasyon ki nan dosye pitit yo pibliye. (*Ale Wè Appendix E*)

**Otorite: F.S. 1002.22 (2) ak Règleman Konsèy Administrasyon 8330, Dosye Elèv yo**

**20 U.S.C. Section 7908; 10 U.S.C. Section 503**

### **KÒD SOU KONPÒTMAN AK KONDUIT ELÈV YO**

Elèv yo dwe konpòte tèt yo byen tout tan yon fason ki ap pèmèt yo kontribye a enterè bòn mach sistèm lekòl la e yon fason ki pap anpyete sou dwa lòt yo. Aktivite nou pral site la yo ap trennen dèyè yo sanksyon disiplinè, ki ap enkli men ki pa limite a sa sèlman, opsyon disiplinè ke yo mete nan *Kòd la*. Nou konsidere ke yon moun vyole règleman yo keseswa lè aksyon an rive sou lakou lekòl la a nenpòt ki lè, andeyò lakou lekòl la men nan yon aktivite lekòl la, yon fonksyon, ou yon evenman, oubyen lè yo nan wout pou yo ale ak pou soti nan aktivite ke lekòl la òganize.

**ELÈV KI SIJÈ POU TONBE ANBA KONTWÒL LEKÒL (F.S. 1003.31)**

1. An akò avèk lwa ak Estati Florida, Règleman Depatman Edikasyon yo, Ak Konsèy

Administrasyon an, chak elèv ki enskri nan yon lekòl dwe rete anba kontwòl lekòl la:

- a. pandan moman ke yo ap transpòte li ale lekòl osnon soti lekòl avèk lajan piblik la,
  - b. pandan tout moman li nan lekòl la,
  - c. pandan moman ke li sou pwopriyete lekòl la pou li patisipe avèk otorizasyon nan yon aktivite ke lekòl la òganize,
  - d. pandan yon "tan rezonab" avan e aprè yon elèv te sou pwopriyete lekòl la pou vini lekòl oubyen pou patisipe nan yon aktivite ke lekòl la otorize pou òganize; epi sèlman lè lekòl la anba sipèvizyon ak kontwòl manb pèsonèl ki an chaj aktivite timoun nan ap patisipe nan lakou lekòl la. Sepandan, chak elèv sijè pou tonbe anba kontwòl ak direksyon Direktè (tris) ki an chaj lekòl la nan moman kote elèv la nan wout pou vini oswa pou soti lekòl la oubyen kote li prezime dapre lalwa pou vini lekòl la. Sa aplike tou tan yo fè nan bis la pou soti ak retounen lekòl la sou sipèvizyon dirèk chofè bis la.
2. Genyen yon prezonpsyon refitab ki fè kwè ke tèm "tan rezonab la" vle di 30 minit avan oubyen aprè aktivite lekòl la patwone ki pwograme a osnon ki deja kòmanse ou fini, kèlkeswa peryòd ki pi long la. Yon lekòl oubyen distri a kapab, swivan règleman ou lòt aksyon fòmèl, asime yon peryòd sipèvizyon ki pi long (*wè Kòd sou Aktivite/Atletik la*). Kontak pa ensidan ak okazyonèl ki fèt sou lakou lekòl la ant pèsonèl distri lekòl la avèk etidyan yo pa dwe konsidere kòm yon devwa legal ki antre nan kad sipèvizyon andeyò "tan rezonab" ki pale nan seksyon sa a. Paran yo pral resevwa yon avètisman avèk ansèy ki afiche responsabilite fòmèl sipèvizè lekòl yo e ki fè konnen ke paran yo pa dwe konte sou lòt sipèvizyon an plis. Devwa sipèvizyon-an dwe konsène sèlman elèv ki frekante lekòl la ak elèv ki otorize pou patisipe nan aktivite ke lekòl la patwone.

### **EKIPMAN SIVEYANS VIDEYO AK ODYO**

Gen kèk batiman lekòl/bis ki enstale ekipman siveyans videyo ak odyo pou rezon sekirite. Ekipman sa yo kapab rete anba siveyans tout tan. Tout videyo sekirite ap rete pwopriyete Konsèy Administrasyon Eskolè a. Videyo ki enplike nan idantifye elèv ap konsidere kòm dosye konfidansyèl elèv la e yo ap antre anba pwoteksyon règleman ak pwosedi dosye elèv yo.

### **RANVWA PA YON PWOFESÈ (F.S. 1003.32)**

1. Yon pwofesè kapab voye yon elèv nan biwo Direktè lekòl la pou mentni yon bon disiplin efektif nan klas la. Direktè a dwe reponn referans la pandan yo ap anplwaye bon jan teknik ki pou pèmèt yo pran sanksyon ki apwopriye ak dezòd elèv la komèt la swivan sa Kòd la di nan atik FS. 1006.07.
2. Yon pwofesè kapab mete yon elèv deyò nan klas la si li jije ke elèv sa a adopte yon konpòtman pou fè dezòd, pou anpeche klas la travay, oubyen yon konpòtman ki abizan e ki kapab anpeche pwofesè-a kominike byen avèk rès etidyan yo ki nan klas la oubyen ki kapab anpeche kamarad klas li yo aprann.
3. Si yon pwofesè mete yon elèv deyò pou dezòd ki mansyone nan sou-seksyon ki pi wo a (2) yo, Direktè lekòl la dwe plase elèv la nan yon klas kòm pou li bay yon pinisyon nan lekòl la, oswa mete li nan yon lòt pwogram edikasyon jan atik FS.1003.53 eksplike sa; oswa Direktè lekòl la ka rekòmande pou voye elèv la ale chita lakay li, oubyen ekspilzyon si sa apwopriye. Yo kapab anpeche etidyan an ale oubyen patisipe nan aktivite lekòl la patwone ou òganize. Direktè lekòl la gen dwa pa retounen mete elèv sa a nan klas menm pwofesè-a san konsantman pwofesè sa-a amwens ke komite ki tabli anba atik FS.1003.32 a detèmine ke se plasman sa-a ki pi bon osnon se sèl solisyon ki disponib. Pwofesè a ak komite ki pou revize plasman-an dwe rann yon desizyon nan yon espas 5 jou aprè ke yo fin mete elèv la deyò nan klas la.



## **KOMITE POU REVIZE PLASMAN (F.S.1003.32)**

Chak lekòl pral mete sou pye yon komite ki pou detèmine plasman yon elèv lè yon pwofesè pa konsanti pou elèv la retounen nan klas li. Manb komite sa yo dwe enkli omwen moun sa yo:

1. De pwofesè, youn ke kò pwofesoral lekòl la seleksyone ak youn pwofesè ki mete elèv la deyò a chwazi (pwofesè ki pa konsanti pou elèv la readmèt nan klas li a gen dwa pa sèvi nan komite a.
2. Yon manb ki soti nan kò pwofesoral lekòl la ke Direktè a chwazi.

**NÒT:** Pou plis plis definisyon ak fòm yo tanpri refere a *Appendix A*.

## **DEFINISYON POU SISPANSYON, PLASMAN ALTÈNATIF, EKSPILSYON, RANVWA DIJANS, AK SISPANSYON AK EKSPILSYON ELÈV KI ANDIKAPE**

Konsekans pou ofans serye yo enkli youn oubyen plis nan aksyon disiplinè ki pi ba yo: Sispansyon andedan lekòl la, sispansyon andeyò lekòl la, plasman altènatif, mete deyò, ak ranvwa dijans. Nou mete pwosedi nou pra l bay la yo pou moun swiv.

### **SISPANSYON (Andeyò Lekòl la, Andedan Lekòl la)**

Nou defini Sispansyon Andeyò Lekòl la kòm ranvwa yon elèv kote elèv la pap gen dwa patisipe nan ansèyman ak nan aktivite ke lekòl la patwone pou jiska dis (10) jou kòm youn mezi disiplinè (*wè Apendis B*). Yo voye elèv yo retounen al jwenn paran yo e yo kapab mande lekòl la ba yo devwa. Se responsablite lekòl la pou reponn demand la e se responsablite elèv la pou konplete devwa ke yo ba li pou fè lakay li. se responsablite Direktè a pou swiv Matris la an konsiltasyon avèk, sis a nesèsè, Asosye Sientandan pou Operasyon Lekòl e Distri.

Sispansyon Andedan Lekòl la dwe defini kòm youn mezi pou retire yon elèv nan pwogram regilye lekòl la ak plasman nan youn chanm sispansyon nan lekòl la kòm youn mezi disiplinè.

Se Direktè lekòl la ki ka òdone Sispansyon Andeyò Lekòl la oubyen Sispansyon Andedan Lekòl la lè gen youn dezòd serye ki rive ki enkli men ki pa limite a sa sèlman, dezobeyisans ki fèt avèk premeditasyon, lè yo soti pou kontrekare otorite lekòl la, lè gen pawòl sal ak jouman ki anrejistre, ak/oubyen pou lòt dezòd ke ke yo detèmine ki kapab deranje bòn mach lekòl la ak bon anviwonman elèv yo bezwen pou yo aprann. Kantite jou sanksyon sa-a dwe pran se dis (10) jou. Se sèl administratè yo ki gen otorite pou sispansyon youn elèv oubyen nan lekòl la oubyen nan youn klas li ye.

In cases of serious offenses that may result in an Out-of-School Suspension, a parent conference will be held with the Principal, at which time the student will receive specific notice of the rule violation, a brief summary of the facts supporting the charge(s), and the opportunity to refute the charges and tell the student's side of the story.

Si genyen sispansyon andedan lekòl la ki fè swit, yo ap fè tout efò ki posib pou enfòmè paran elèv la pa telefòn nan jou sispansyon andedan lekòl la. Sispansyon aktyèl la dwe kòmanse menm jou a oubyen nan jou ki vini apre a. Yo ap bay elèv youn avi pa ekri pou remèt bay paran li nan jou sispansyon an oswa yo kapab voye youn kopi bay paran an pa lapòs nan espas 24è. Paran an gen dwa pou konteste sispansyon sa-a an apèl devan Direktè lekòl la.

Si elèv la resevwa youn sispansyon andeyò lekòl la, yo dwe kontakte paran li pi rapid ke posib. Yo pral fè tout efò ki posib pou òganize youn konferans pa telefòn oubyen yo ap bay elèv la youn kopi sispansyon andeyò lekòl la pou pote bay paran li nan jou sispansyon an oubyen yo ap voye youn kopi lakay pa lapòs nan espas 24è. Paran an gen dwa pou konteste sispansyon/desizyon plasman sa-a an apèl devan Direktè lekòl la.

Yon paran gen dwa pou li mache avèk youn lòt granmoun ki pou ede li kominike avèk manb pèsònèl lekòl la nan nenpòt reyinyon ki konsène disiplin pitit yo

### **Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09**

## **PLASMAN ALTÈNATIF**

### **Ofans Serye:**

Direktè lekòl la gen dwa rekòmande devan Sipèentandan an yon plasman altènatif pou nenpòt elèv ki fè yon dezòd serye, ki enkli, men ki pa limite a sèlman, dezobeyisans ki fèt avèk premeditasyon, lè yo soti pou kontrekare otorite yon manb pèsònèl lekòl la, vyolans kont yon moun oubyen pwopriyete, oubyen nenpòt lòt zak ki soti pou deranje lòd ak bòn kondwit lekòl la ki enkli menas pou koze frakti serye nan kò moun oubyen domaj fizik. Pandan li ap teni kont de lwa ki an vigè ki endike dwa elèv la genyen pou jwenn yon pwosedi nòmal pa rapò a sitiyasyon disiplinè yo, Direktè a pral òganize yon ti reyinyon administratif brèf aprè li fin avize elèv la ansanm ak paran li, pandan peryòd sispansyon an, pou konsidere si yo dwe rekòmande plasman altènatif. Yo kapab voye avi an ekri bay paran elèv la tou, e yo dwe konprann pou yo enkli men pou yo pa limite a, kominikasyon pa kouryèl si paran an te founi yon adrès elektwonik. Elèv la, paran li, responsab li, ak yon entèprèt kapab vini patisipe nan reyinyon sa a. Si yo deside mete li nan plasman altènatif, Sipèentandan an pral avize paran elèv la (yo) pa ekri konsènan plasman an. Elèv la/paran li kapab mande pou ale an apèl devan Komite Apèl pou Plasman Altènatif nan Distri a pandan peryòd sispansyon an si paran an genyen enfòmasyon nouvo oswa adisyonèl pou pataje avèk komite a ke yo pat pataje pandan jijman avèk Direktè (tris) la. Si pa genyen enfòmasyon nouvo oswa enfòmasyon adisyonèl ki prezante, yo pap pouswiv avèk apèl la. Desizyon Komite a dwe yon desizyon final epi elèv la dwe koube avèk li. Direktè a pral rekòmande pou elèv la rete nan pwogram altènatif la pou omwen diran semès kote li te komèt enfraksyon an ak pou yon lòt semès oubyen pou de semès si se mwens pase nèf semèn ki rete nan semès yo ye a. Nenpòt elèv ki detèmine pou pote yon zam a fe oswa zam fann fwa (ale wè Règleman 32 – Zam Fann Fwa, Za a Fe, Enstriman Danjere, ak Kontreband, ak F.S. Chapit 790) nan lekòl la, nan nenpòt fonksyon ak/oubyen evenman nan lekòl la, oswa atravè nenpòt transpòtasyon ki patwone pa lekòl la, oswa pou posede yon zam a fe nan lekòl la, yo pral mete elèv sa a nan plasman altènatif pou yon peryòd ki pa plis ke yon (1) ane anplèn epi yo pral refere li bay sèvis sante mantal ke Distri a idantifye epitou yo pral refere li bay jistis kriminèl oubyen sistèm jistis jivenil. Nenpòt elèv ki detèmine pou pwofere yon menas oubyen bay fo rapò ki enplike lekòl la oubyen pwopriyete pèsònèl lekòl la, transpòtasyon lekòl la, oubyen yon aktivite ak/oubyen evenman ki patwone pa lekòl la pral plase nan pwogram altènatif pou yon peryòd ki pa depase plis pase yon (1) ane anplèn epi refere li devan tribinal kriminèl ak bay sèvis sante mantal ke Distri a idantifye. Aprè li fin revise dosye a, Sipèentandan an gen otorite pou pwolonje plasman altènatif la pou ofans serye ak/oubyen si yo te deja plase elèv la nan plasman altènatif. Akoz rezilta desizyon sa a, elèv la gen dwa pa ale nan okenn Lekòl Piblik ki nan Collier County a oubyen nan okenn aktivite lekòl yo ap òganize pandan peryòd tan li nan pwogram sa a. Si li vyole restriksyon sa a, yo pral rapòte li bay lapolis imedyatman kòm moun ki antre san otorizasyon sou pwopriyete lòt moun.

**Otorite: F.S. 1001.43(1), 1002.20(e), 1003.31(3), 1006.07, 1006.09, F.S. Chapit 790**

### **Atik sou Deli/Delenkans Andeyò Lekòl la**

F.S. 1006.09(2) bay pwosedi ki pou swiv nan ka yon sispansyon, ke yo ka pran kont nenpòt elèv ke yon adilt akize fòmèlman pou yon zak kriminèl, oubyen ki koze yon zak delenkan ki ta kapab konsidere kòm yon zak kriminèl si se te yon granmoun ki te komèt li pou yon ensidan konsa ki ta kapab rive nan yon kote ki pa yon lekòl piblik, si ensidan sa a prezante pou yon jijman administrative, pou ka genyen yon enpak serye sou pwogram edikasyon an, disiplin, oswa byenèt nan lekòl kote elèv la enskri a. Nenpòt elèv ki tonbe anba sispansyon akoz yon pwosedi konsa dwe sispann nan tout klas ansèyman li yo, epi Direktè lekòl la gen dwa rekòmande bay Sipèentandan an yon plasman altènatif pou elèv la, oubyen Sipèentandan an pral asime otorite pou detèmine si yo dwe fè yon rekòmandasyon pou ekspilsyon devan Konsèy Administrasyon

Eskolè a. Pa definisyon, se yon elèv yo jwenn ki komèt yon zak kriminel si li plede ke li koupab, oubyen yon pwononse yon vèdik kilpabilite kont li. Règleman sa a ap aplike menm si tribinal ta deside fè yon kanpe sou desizyon jijman an. Si pa la swit yo jwenn yon elèv pa koupab, sispansyon an, plasman altènatif la, oubyen ekspilasyon pral tèmine imedyatman.

Anplis de sa, distri a rezève dwa pou konsidere plasman altènatif pou nenpòt elèv yo arete ak fòmèlman tonbe anba akizasyon pou nenpòt move enfraksyon ki enplike zam ke yo ekzibe an piblik, menas pou dechaje zam nan osinon dechajman aktyèl zam ki ta rive fèt nan yon andwa ki pa pwopriyete distri a, e ki kreye yon perèz kòm si ta gen yon danje iminan ak/oubyen yo ta mete lavi, pwoteksyon, ak/oswa byennèt yon lòt moun, an danje.

Règleman Komisyon Konsèy 5500.01, konsènan Atik sou Disiplin Elèv la ak Sekirite pou Zak Kriminel ki Pa Rive sou Pwopriyete Lekòl la, afiche an antye nan

<https://www.boarddocs.com/fl/collier/pl/Board.nsf/goto?open&id=AQHSM6524F8>

**Otorite: F.S. 1006.09**

## **EKSPILSYON**

Direktè lekòl la dwe òganize yon reyinyon ki pa long aprè li fini voye yon avi bay elèv la ak paran li, pandan peryòd sispansyon an, pou li kapab konsidere si wi ou non li ap rekòmande mete timoun nan deyò lekòl la. Etidyan-an, paran li, responsab li, tradiktè avèk avoka li kapab asiste reyinyon sa a. Direktè lekòl la dwe rekòmande bay Sipèentandan-an nenpòt desizyon yo pran pou mete yon etidyan deyò lekòl la akòz li komèt yon zak malonèt, ki enkli ladan dezobeyisans entansyone, deside pou defye otorite yon manb pèsònèl lekòl la, fè zak vyolans kont yon moun oubyen yon pwopriyete, oubyen nenpòt lòt zak ki gen pou entansyon deranje lòd ki renye nan lekòl la tankou pa ekzanp menas pou domaje kò oubyen fizik yon moun seryezman. Sipèentandan an kapab deside plase elèv la nan yon pwogram altènatif olye pou yo ta voye li al chita lakay li. Akòz rezilta desizyon sa a, elèv la pa dwe ale nan okenn Lekòl Piblik ki nan Collier County a oubyen nan okenn aktivite lekòl yo ap òganize pandan peryòd tan li nan pwogram sa a. Si li vyole restriksyon sa a, yo pral rapòte li bay lapolis imedyatman kòm moun ki antre san otorizasyon sou pwopriyete lòt moun.

Mete yon elèv deyò dwe defini tankou yon aksyon pou anpeche ke elèv la vini nan lekòl la pou plis ke dis (10) jou oubyen separe elèv la de sistèm lekòl la avèk desizyon direktè-a ak Konsèy Administrasyon lekòl la, pou yon peryòd ki pa dwe depase rès ane lekòl la ak yon lòt ane ankò pou elèv ki poze zak ki pi grav yo. Sepandan, yon elèv ki enplike nan zak vyolans, atak fizik ou atak vyolan ilegal, oubyen ki nan vann dwòg e/ou ankò ki posede/ki ap itilize zam ki pa tire bal (jan sa dekri nan Kòd sou Kondwit Etidyan yo) elèv sa-a, yo dwe repòte-l bay direktè lekòl la ki pou mete li deyò pou o mwen rès semès ki rete a plis yon lòt semès ankò jan sa endike nan Ekzizans Atik sou yon Lekòl san Zam, ki di ke “si yo jwenn yon elèv avèk oubyen ap itilize yo zam a fe, yo sipoze mete elèv sa-a deyò lekòl la imedyatman pou tout rès ane-a ki kòmanse apati moman Konsèy Administrasyon Lekòl la pran desizyon pou mete li deyò-a.” Se Konsèy Administrasyon lekòl la ki pou deside mete timoun nan deyò sou rekòmandasyon direktè lekòl la ak Sipèentandan an.

Si Direktè a avèk Sipèentandan an rekòmande pou yo mete elèv la deyò, Konsèy Administrasyon an kapab pran desizyon voye timoun nan al chita lakay li pou yon peryòd ki pa dwe depase de (2) ane lekòl. Yo dwe swiv pwosedi sa yo: Yo sipoze bay elèv la yon avi sou pwolongasyon sispansyon li a ak yon avi sou entansyon pou yo òganize yon jijman pou konsidere voye timoun nan al chita lakay li. Yon jijman administratif sou desizyon pou mete timoun nan deyò a dwe fèt devan Konsèy Administrasyon an. Ni Sipèentandan an, ni elèv la dwe prezante temwanyaj yo avèk ekspoze yo. Elèv la ap gen dwa pou li resevwa avi eksepsyonèl sou akizasyon an, dwa pou li ekzamine prèv ak ekspoze yo, dwa pou li pran yon avoka oswa konseye legal reprezante li men se elèv la ki ap peye frè yo, dwa pou li prezante evidans, dwa pou li poze kesyon, ansanm avèk

paran li, nan odyans la pou li ka jwenn klarifikasyon sou pwoblèm yo ap revize yo, dwa pou l verifye ke desizyon yo baze sou bon jan prèv, e dwa pou anrejistre odyans la dapre yon konsantman mityèl. Desizyon Konsèy Administrasyon Lekòl la se ap desizyon final la.

Konsèy Administrasyon an gen otorite pou li onore oubyen rejte desizyon ke yon lòt Distri pran pou li mete yon etidyan deyò oubyen voye li ale chita lakay li. Si yo onore ekspilsyon-an, yo ap resevwa dosye distri yo “òd final pou mete timoun nan deyò” epi yo ap mete aplikan an o kouran de desizyon an.

**Otorite: 1001.43(1)**

## **RETIRE YON ELÈV NAN KLAS AK NAN LÒT AKTIVITE EKSTRA**

Yo kapab retire yon elèv nan yon klas oubyen yon aktivite si prezans elèv la poze yon danje kontini pou lòt moun oswa pou pwopriyete yo, oubyen tou si prezans elèv la poze yon menas san rete ki ap deranje pwosesis akademik klas la. Si pwofesè a pwopoze pou yo mete elèv la deyò san pèdi tan, li dwe prezante rezon an bay Direktè a, pa ekri, sito ke ranvwa dijans la vini yon aksyon pratikab. Yo pra l swiv pwosedi ki pi ba yo:

1. Yo pral bay elèv la rezon ki lakoz yo mete li deyò ak lòt mezi disiplinè ki posib ke yo kapab pran kont li pandan rankont li avèk Direktè a.
2. Odyans la pra l fèt avèk Direktè a avan pou elèv la retounen nan klas li osnon nan aktivite li. Yo pra l eksplike elèv la ki règleman li vyole epi yo ap ba li chans pou li reponn. Yo dwe enfòmè li nan moman sa a sou tout sanksyon ki kapab pran kont li. Yo dwe fè tout efò posib pou kontakte paran li pa telefòn nan yon espas 24è.
3. Yo pra l voye yon lèt pa lapòs bay paran elèv la nan espas 24è si yo pran desizyon pou sispann elèv la an akò avèk pwosedi ki anlè yo.

## **SISPANSYON AK EKSPILSYON ELÈV KI ANDIKAPE**

Sispansyon oubyen ekspilzyon pou pliske dis (10) jou konsekitif ak/oubyen yon abitud sispansyon oubyen ekspilzyon ki depase dis (10) jou nan yon ane eskolè kapab konsidere pou fè “chanjman nan plasman” pou elèv ki gen yon andikap ki genyen yon Plan Seksyon 504 oubyen ki elijib sou Lwa Edikasyon pou Endividi avèk Andikap (IDEA) epi ki genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP). Lè yo retire elèv la nan plasman edikasyon li pou pliske dis (10) jou, yo dwe kondwi yon detèminasyon manifestasyon pou konsidere si wi ou non nenpòt estrateji, entèvansyon, oubyen evaliyasyon apwopriye epi yo dwe bay elèv la sèvis edikasyon apwopriye yon fason pou l resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE).

Règleman sou disiplin pou elèv ak andikap ki elijib pou IDEA yo espesifye nan Pwosedi ak Règleman pou Edikasyon Elèv Eksepsyonèl Distri a (SP&P) ak règleman pou disiplin Seksyon 504 pou elèv avèk andikap yo nan Manyèl Pwosedi 504 distri eskolè a.

## **SEKIRITE NAN LEKÒL LA AK ZEWÒ TOLERANS**

Konsèy Administrasyon an kwè ke li esansyèl pou lekòl yo depouye yo de tout danje e pou yo gen lòd ak disiplin yon fason pou yo kapab founi yon anviwonman kote moun kapab pran pen lenstriksyon ak ansèyman akademik ak kè poze. Plis ankò, Administrasyon an kwè ke lekòl yo dwe pèmèt yon anviwonman ki san vyolans, ki san dwòg e ki pwoteje sante, sekirite ak dwa sivil etidyan yo. Kwayans sa a apiye sou tout moun ki gen yon wòl pou jwe, san konte etidyan yo ak paran yo, pou yo asime yon responsabiltè pèsonèl pou atenn bi sa-a. Byen ke edikasyon ak prevansyon se mwayen ki pi prefere pou rive gen yon lekòl ki an sekirite, Fòk gen yon deklarasyon klè sou politik ki di ke nou pap pèmèt gen vyolans ak dwòg ki anrejistre nan lekòl yo. Pa konsekan, Administrasyon an mete sou pye yon politik tolerans zewo kont **vyolans**, **krim**, ak itilizasyon oubyen posesyon **substans** oubyen **zam** ki gen pou bi pou anjandre vyolans ak krim nan lekòl la. Pou Agresyon ki tonbe nan kad zewo tolerans elèv yo pap kapab resevwa kredi pou devwa yo rate. Règleman sa a ekzije pou Direktè lekòl yo:

1. enpoze kòm konsekans zak sa yo sanksyon ki pi sevè ke yo jwenn nan *Kòd* (F.S. 1006.13) lè yo ap aji ak etidyan ki angaje yo nan zak kriminel vyolan sou pwopriete lekòl la, nan transpòtasyon ki sou kont lekòl la, oubyen pandan aktivite ke lekòl la òganize, osinon ki ap fè menas pou pwopaje vyolans sou pwopriete lekòl la;
2. avize ajan lokal ki la pou fè respekte la lwa (polis) lè yon granmoun oubyen yon elèv komèt youn nan dezòd ki site nan atik lwa F.S. 1006.13, oswa jan sa mansyone nan paragraph 1 ki pi wo a, yo sou pwopriete lekòl la, nan transpòtasyon ki sou kont lekòl la, oubyen nan aktivite ke lekòl la òganize;
3. adopte yon pwosesis pou fasilite yon kominikasyon ak yon koperasyon aktif ant lekòl yo ak ajan polis yo, Depatman ki Okipe Zafè Timoun ak Fanmi yo, ak Depatman Jistis Jivenil nan pataje enfòmasyon ki ap ede ofisyèl lekòl yo pran ddesizyon ki meye nan sa ki konsène sèvis edikasyonèl ak plasman elèv yo; epi
4. asiste pwofesè yo ak lòt pèsonel lekòl la, avèk règleman ak *Kòd* Administrasyon an, pou yo kapab aji yon fason desizif e efktiv lè yo an afè avèk jèn ki vyolan e ki ap deranje bòn mach lekòl la.

Pou egzanp ofans ki kapab lakoz yo pran aksyon disiplinè, gade F.S. 1006.07(2), ansanm avèk sa yo ki etabli spesifikman nan *Kòd* ki nan Règleman yo.

Avan ke yo pran yon aksyon kèlkonk kont nenpòt elèv la, Administratè Lekòl la ansanm ak Sipèntandan an dwe asire yo ke gen yon pwosesis nòmal apwopriye ki swiv. Si yon etidyan ki komèt youn nan aksyon nou mansyone yo nan yon pwogram pou elèv eksepsyonèl yo, nou mete sa ki gen don yo sou kote, lè sa-a pèsonel lekòl la dwe swiv pwosedi ki nan Règleman Pwogram Edikasyon pou Etidyan Eksepsyonèl yo.

Chak lekòl dwe asire yo ke tout elèv ak fanmi yo o kouran de règleman sa yo. Jan de kominikasyon sa yo avèk fanmi yo dwe an amoni avèk aksè egal atik Règleman 6A-6.0908(2) yo. Konsèy Administrasyon an dwe asire li ke tout pèsonel lekòl la o kouran de sa ki nan règleman sa a ak politik tolerans zewo Konsèy Administrasyon an

Direktè yo dwe asire ke otorite ak fòsdelòd yo okouran san pèdi tan chak lè gen youn nan dezòd nou endike yo ki komèt ou pwopriete lekòl la, nan transpòtasyon ke lekòl la patwone, pandan aktivite ke lekòl la òganize. Anplisdesa, si ofans lan lakoz yon moun victim, ofisyèl lekòl yo pral notifiye viktim ak paran li si moun ki viktim nan zak la se yon minè ak dwa viktim nan genyen pou li tradui moun ki fèk la devan lajistis.

Règleman sa-a se sèlman yon sipleman e li pa yon seri repons ki limite pou dezòd ki pa apwopriye ke elèv yo ak lòt moun komèt sou pwopriete lekòl la, nan transpòtasyon lekòl la patwone ak/oubyen pandan aktivite lekòl la patwone yo.

## **KÒD SOU KONDUIT**

**Yo avèti elèv ki sou dènye ane yo ke yon sispansyon nan dènye jou nan ane lekòl la ka okazyone ke yo retire privilèj yo ta dwe jwi kòm senyò ki enkli patisipasyon nan ekzès pou seremoni gradiyasyon yo.**

“Kòd ensidan yo” mansyone nan chak Règleman ansanm avèk aksyon disiplinè ki kapab prezante kòm referans nan Matris yo, paj 54-62.

### **RÈGLEMAN 1. ENSANDI KRIMINÈL OUBYEN FO ALAM POU DIFE/APÈL 911**

Nenpòt elèv yo twouve ki koupab ki fè espere pou ensandye lekòl la osnon ki aktive yon fo alam ensandi oubyen yon ekipman ponpye, oswa ki konpoze apèl 911, elèv sa a Sipèntandan-an kapab rekòmande pou mete li deyò nan Lekòl Piblik Collier County yo. Epi tou, yo kapab menm trennen li devan lajistis an akò ak Lwa Florida yo.

**Otorite: F.S. 1006.08, 1006.09, 1006.13, 784.011, 784.03, 784.045, 784.081, 836.10**  
**Kòd ensidan: AN (ARS), FA (DOC), OS (OMC)**

## **RÈGLEMEN 2. ATAK FIZIK, ABI FIZIK PA YON ELÈV, OUBYEN NENPÒT MENAS ANVÈ NENPÒT ENDIVIDI**

Yon elèv pap kapab konpòte li nan yon fason parèy nan bi pou koze menas, konspirasyon, pou koze, oubyen pou tante koze domaj fizik oubyen vyolans fizik kont yon lòt kamarad elèv oswa nenpòt lòt endividi. Nou pap tolere vyolans sou okenn sikonstans.

Pyès elèv pa dwe ap fè, planifye, konspire oubyen kominike nenpòt menas vyolans oubyen fè nenpòt endividi mal san retire manb pèsònèl lekòl la ak elèv yo, oswa reprezante yon menas pou sekirite kominote lekòl la.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 1006.13, 784.011, 784.03, 784.045, 784.081, 836.10**

**Kòd ensidan: AZ, TE, YA (TRE), AT (TRE), YB (BAT), AG (BAT), YS (SXB), OS (OMC), PA (PHA), SA (SXA)**

## **RÈGLEMEN 3. MENAS BONB OUBYEN MOVE MENAS KI AP SIMAYE VYOLANS**

Pyès elèv pa gen dwa fè fo rapò osnon pote sou transpòtasyon lekòl la, sou lakou lekòl la oubyen nan aktivite lekòl yo yon bonm osnon kopi bonm avèk entansyon pou mete an danje, deseewa, bay move direksyon, osnon bay move enfòmasyon avèk nenpòt moun oubyen elèv ki nan lekòl yo nan fè konnen ke li pale osnon plante yon bonm oubyen fomante yon istwa konsa sou oubyen alantou pwopriyete lekòl la. Nenpòt “menas bonm” ki fèt konsa konsidere kòm yon krim grav anba Lwa Florid la epi tout elèv yo sispèk ki ta patisipe nan zak ilegal sa-a, lajistis pral pouswiv yo epi tou administrasyon lekòl la kapab rekòmande pou yo mete etidyan sa yo deyò pou yon peryòd tan ki pa pi piti ke yon ane an plen.

Pyès elèv pa gen dwa konplote, planifye, konspire oubyen kominike nenpòt menas osnon simaye vyolans ou danje nan lekòl la oubyen sou nenpòt pèsònèl lekòl la ou elèv yo. Sa enkli ladan yo lè yon elèv fè espere pote sibstans, materyèl oubyen ekipman nan lekòl la ki pou koze menas vyolans ak lòt danje ankò.

Menas bonm ak lòt menas ki simaye vyolans osnon koze danje se bagay ki kapab deranje operasyon lekòl la ak aktivite yo, keseswa se yon elèv inisyè zak sa yo ou pa andedan oubyen andewò teritwa lekòl la.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 1006.13, 1006.14, 790.161, 790.162, 790.163, 836.10, 877.03, 877.13**

**Kòd ensidan: TE, BT (DOC), DC (DOC), OS (OMC)**

## **RÈGLEMEN 4. ZAK ENTIMIDASYON AK ASÈLMAN**

Elèv yo pa dwe angaje yo nan okenn zak entimidasyon. Yo defini “zak entimidasyon” kòm aktivite moun mennen pou bay lòt blesi fizik yon fason sistematik e kwonik oubyen pou koze detrès psikolojik sou youn oubyen plis elèv oubyen anplwaye. Yo defini li pi lwen kòm aksyon moun pa aksepte ak aksyon ki repete, keseswa ekri, vèbal, oubyen konpòtman fizik ki enkli nenpòt menas, ki ensiltan, oubyen jès ki pa imen, ke yon elèv oubyen yon granmoun komèt, ki sevè e anvayisan ase pou kreye yon anvivonman edikasyon ki entimidan, ostil, oswa ofansif; ki koze malèz oubyen imilyasyon, oubyen ki entèfere yon fason irezonab avèk pèfòmans oubyen patisipasyon endividyèl lekòl la; e sa ka enplike men ki pa limite a sa sèlman a: anwiye lòt moun, eksklizyon sosyal, menas, entimidasyon, pouswiv moun, vyolans fizik, vòl, asèlman seksyèl/relijye/rasyal, imilyasyon piblik, oubyen destriksyon pwopriyete. Nenpòt elèv yo jwenn ki ap mennen zak entimidasyon sou yon lòt elèv ap an vyolasyon avèk règleman sa a.

Nenpòt elèv ki fè espere voye nenpòt kourye elektwonik (email), tèks mesaj, mesaj enstantane, mesaj sou telefòn, oubyen ki poste sou nenpòt rezo sosyal entènèt (ekzanp Facebook) avèk entansyon pou menase, entimide, oubyen fè move zak sou lòt elèv oubyen anplwaye konsèy

administrasyon an pral tonbe anba akizsyon moun ki ap fè zak entimidasyon sou cyber e yo pral sibi konsekans yo. Ale li Règleman 8 la – Disrespekte, Arasman, Zak Ilegal oubyen Atak sou Manb Manb Pèsonèl Lekòl la Andedan oubyen Deyò Lekòl la, pou plis restriksyon/klarifikasyon.

Direktè (tris) yo kapab redwi aksyon disiplinè yo pou yon ofans ki komèt pou premye fwa pou yon elèv ki vyole Règleman sa a si elèv la ak paran li patisipe nan yon pwogram kont zak entimidasyon/arasman ke Distri a apwouve.

Règ Komisyon Konsèy 5517.01, Nuizans ak Arasman, ou kapab wè yo nan antye li yo nan <https://www.boarddocs.com/fl/collier/pl/Board.nsf/goto?open&id=AUPNVJ5A84C3>

**Otorite: F.S. 1006.13, 1006.147**

**Kòd ensidan: BH (BUL), BI (HAR), CH (BUL)**

## **RÈGLEMEN 5. RÈGLEMEN POU BIS LEKÒL YO**

**YON ELÈV AP RETE ANBA SIPÈVIZYON CHOFÈ-A PANDAN TOUT TAN LI NAN BIS LA. SI LI REFIZE KOUBE A RÈGLEMEN AK REGILASYON YO LI AP PÈDI PRIVILÈJ LI GENYEN POU LI MONTE BIS LEKÒL YO.**

### **A. Responsabilite Elèv yo**

1. Chita nan plas ke chofè bis la ba yo epi pou yo fè atansyon pou yo pa leve kite plas yo tout tan.
2. Obsève menm kondwit yo espere pou yo obsève nan klas yo pandan yo ap monte, chita.
3. Obeyi demand rezonab chofè a fè yo tout tan epi ale jwenn Direktè lekòl la lè chofè a ekzije pou yo fè sa. Evite pale avèk chofè a lè bis la an mouvman
4. Koopere avèk pèsonèl lekòl la ki ap voye je sou elèv ki ap monte bis yo, yon fason pou ke yo kapab monte ak desann bis yo san pwoblèm epi avèk koutwazi.
5. Kanpe nan zòn kote yo sipoze ye-a chak maten pou yo kapab monte bis la omwen senk minit avan lè ki nan orè-a. Nou ap espere pou pa gen dezòd ki fèt nan estasyon bis yo. Chofè bis la responsab pou swiv e respekte orè yon pakou epi li pap kapab rete tann elèv ki an reta.
6. Pa antre nan bis la avèk manje ak bagay pou yo bwè.
7. Fè atansyon pou yo pa pote osnon itilize sigarèt ak lòt pwodui ki fèt ak tabak nan bis yo.

### **B. Pou Sekirite Elèv yo**

1. Pa janm kanpe tann bis la nan mitan lari a.
2. Tann bis la fini kanpe nèt avan pou yo kòmanse monte.
3. Rete chita nan plas yo jiskaske bis la kanpe nèt epi pou yo tann chofè a ba yo sinyal avan pou yo desann.
4. Pase nan pòt devan-an sèlman pou yo monte oubyen desann bis la apre li fin kanpe, eksepte si ta gen yon ka ijan, oubyen yon antrenman pou evakiyasyon.
5. Travèse wout yo, selon fason nou pral di la yo:
  - a. Rete tann pou bis la kanpe nèt.
  - b. Apre ou fin desann, kanpe sou kote wout la nan yon pozisyon pou ou kapab wè epi tandè sa chofè-a ap di ou epi rete tann sinyal li avan ou janbe lari-a.
  - c. Yon fwa chofè-a ba ou sinyal pou-w janbe, gade ni a dwat ni a goch avan pou-w kòmanse janbe pase a yon distans 12 pye devan bis la.
6. Kenbe tout pati kò yo andedan fenèt bis la tout tan.
7. Fè atansyon pou yo pa voye ankenn bagay jete nan lari-a pandan ke yo chita nan bis la.
8. Plase enstriman mizik fanfa yo sou janm yo osnon anba chèz yo.
9. Resevwa otorizasyon Direktè a pa ekri pou chanje estasyon kote yo otorize pou yo pran bis la.
10. Fè silans lè bis la ap travèse yon ray tren.

11. Fè atasyon pou yo pa goumen/pouse lòt/teke pye lòt pandan ke yo ap monte, ap pran woulib, ak pandan ke yo ap desann bis la.
12. Fè atasyon pou yo pa di mo sal nan bis la.
13. Fè atasyon pou yo pa pote bagay ki pou nwi moun nan bis la, ekzanp, animal, revolvè dlo, objè ki file, objè ki gen vit ak/oubyen jwèt.
14. Fè atasyon pou yo pa itilize telefòn pòtab ak/oubyen lòt aparèy kominikasyon elektwonik sof si chofè bis la otorize sa.

**C. Responsabilite Paran yo**

1. Asire yo ke timoun yo vini nan estasyon bis la a lè chak maten.
2. Bay timoun yo pwoteksyon ki nesèsè pandan ke yo prale oubyen pandan ke yo ap soti nan estasyon bis la.
3. Aksepte pataje responsabilite yo avèk otorite lekòl yo pou timoun yo obsève yon kondwit pwòp nan estasyon bis yo e nan bis yo.
4. Fè efò ki rezonab pou konprann epi pou kowopere avèk moun ki responsab transpòtasyon elèv yo.
5. Asime responsabilite yo pou al tann timoun yo nan kote bis la ap lage yo a si elèv la gen yon andikap fizik.

**Otorite: F.S. 1001.42(10), 1001.51(9), 1006.07, 1006.10, 1006.21**

**Kòd ensidan: B1, B2, B3**

**RÈGLEMEN 6. TRICHE OUBYEN PRAN POUL**

**A. Kalite fason ou kapab triche**

1. Pandan tès la
  - a. Gade nan fèy/ekran òdinatè yon lòt elèv.
  - b. Kenbe fèy ou yon fason pou yon lòt elèv kapab li ak/oubyen kopye ladan
  - c. Itilize "ti papye akòdeyon," oubyen lòt enfòmasyon ki kache
  - d. Ouvè liv pou chèche repons
  - e. Bay yon lòt elèv oubyen lòt elèv repons kesyon tès yo
  - f. Ekri repons sou biwo yo
  - g. Pataje enfòmasyon a travè aparèy kominikasyon elektwonik
2. Devwa pou fè lakay
  - a. Kopye repons oubyen nan fèy yon lòt elèv
  - b. Soumèt rapò ekri san ou pa li tout devwa a o konplè, pa ekzanp ou li rezime yon liv epi ou pa li tout liv la
  - c. Kopye enfòmasyon ki soti nan nenpòt lòt sous, san retire entènèt
3. Modifye oubyen chanje repons ki nan devwa ou fè nan klas la
4. Pase repons oubyen enfòmasyon bay lòt elèv ki nan lòt kla
5. Peye oubyen fè presyon sou lòt elèv pou fè devwa pou ou.

**B. Sanksyon oubyen Aksyon disiplinè yo ap pran kont moun ki triche**

- 1er ofans: li pap resevwa nòt pou devwa a epi yo ap avize paran li.
- 2èm ofans: li pap resevwa nòt pou devwa a epi yo ap fè li ale reyini ak direktè lekòl la, paran li, ak pwofesè a. Yo ap detèmine lòt sanksyon yo kapab ba li nan konferans la.
- 3èm ofans: li posib pou li pèdi kredi li pou kou sa a; yo ap fè paran li konnen sa.

**C. Nou trete tout aksyon elèv ki ap vòlè ekzamen, fèy repons, oswa travay lòt elèv kòm Règleman 29 - Vòl. Sanksyon yo ap menm ak sa Kòd Disiplin Lekòl la di - Vòl**

**Kòd ensidan: CT**



## **ÈGLEMAN 7. KOMINIKASYON - ABIZAN/VYOLAN/OBSÈN**

Yon elèv (keseswa nan lakou lekòl oubyen deyò lekòl la) pa dwe ap itilize nenpòt metòd kominikasyon, nou enkli tou kominikasyon elektwonik ki gen mo sal osnon mo pwofan ladan yo, ki ap koze imilyasyon lakay yon lòt moun osnon ki kapab deranje bòn mach pwosesis edikasyon an, aktivite lekòl yo oubyen pwosesis administratif lekòl la. Yo entèdi elèv yo voye, pataje, gade, oubyen posede imaj, mesaj tèks, email oswa lòt materyèl ki ki gen mo sal, pwofanite, oubyen mo ki gen nati seksyèl sou aparèy elektwonik oubyen nenpòt lòt fòm sou yon òdinatè, telefòn pòtab, oswa lòt aparèy elektwonik.

**Otorite: F.S. 1006.08, 10006.13, 1006.147**

**Kòd ensidan: PR, AZ, BP, RF, RX, OS (OMC), SH (SXH), SM (SXO)**

## **RÈGLEMAN 8. DERESPEKTE, ARASMAN OUBYEN ZAK ILEGAL KI FÈT SOU PÈSONÈL LEKÒL LA ANDEYÒ ETABLISMAN LEKÒL LA**

Operasyon lekòl yo nan lòd ak disiplin ansanm ak akonplisman fonksyon edikasyonèl yo ekzije pou ke etidyan yo trete pèsonèl lekòl la ak respè epi ak koutwazi keseswa andedan oubyen andeyò etablisman lekòl la. Yo entèdi pou etidyan yo kondwi yo yon fason ki derespektan oubyen ki arasan vizavi manm lekòl yo oubyen yon fason ki konstitye yon zak malonèt oubyen fizik kont pèsonèl lekòl la. Sa enkli ladan, men li pa limite a sa sèlman, nenpòt fòm kominikasyon ekri oswa elektwonik ki genyen yon nati denigran oswa menasan.

Kèlkeswa lè yo akize yon elèv poutèt li komèt zak ilegal, atak danjere, atak fizik, oubyen atak fizik danjere sou nenpòt anplwaye nan nan distri a, san pran an kont nenpòt lòt atik lwa, yo pral plase elèv la nan yon pwogram nan lekòl altènatif oswa mete li deyò. Lè yo fin akize li de ofans li komèt la, yo pral retire elèv la nan klas li ye a imedyatman epi plase li nan yon pwogram lekòl altènatif pandan li ap tann dispozisyon yo.

Zak ilegal oubyen menas ki fèt sou yon anplwaye lekòl yo andedan osnon deyò etablisman lekòl la ap resevwa pinisyon tou anba Seksyon 784.081, Estati Florida.

**Otorite: F.S. 784.081, 836.10**

**Kòd ensidan: AZ, BI (HAR), PY, TE, ZB (BAT), OS (OMC)**

## **RÈGLEMAN 9. DERANJMAN AK ENTÈFERANS NAN LEKÒL LA**

Pyès elèv pa dwe:

1. okipe kèlkeswa batiman lekòl la oubyen pwopriyete lekòl la nan entansyon pou anpeche lòt elèv osnon pou ekate lòt moun pou y opa itilize li.
2. bloke pasaj nan pòt yo oubyen nan koulwa nenpòt batiman lekòl yo oswa pwopriyete yo nan bi pou anpeche lòt moun gen aksè ladan yo.
3. anpeche oubyen tante pou anpeche bòn mach oubyen fonksyonman nenpòt klas, reyinyon, asanble, oubyen aktivite nan lakou lekòl yo.
4. anpeche etidyan yo ale patisipe nan klas yo oubyen nan nenpòt aktivite lekòl la.
5. bloke trafik nòminal a pye oubyen trafik machin nan lakou lekòl yo.
6. deranje, fè bwi, oubyen aji nenpòt ki lòt fason pou entèfere nan abilite pwofesè yo pou yo kondwi klas la oubyen nenpòt lòt aktivite.
7. refize idantifye tèt li kòrèkteman sou demand nenpòt pwofesè, direktè, administratè, chofè bis lekòl yo, oubyen lòt pèsonèl lekòl la.

**NÒT:** Enfraksyon ki mansyone pi wo yo se ekzanp yo ye e yo pa mete sou kote lòt dezòd ki kapab anrejistre nan lekòl la.

**Otorite: F.S. 1006.08, 1006.145, 877.13**

**Kòd ensidan: RX, DC, RF, NI, OS (OMC)**

## **RÈGLEMAN 10. DISTRIBISYON MATERYÈL**

Youn nan wòl enpòtan lekòl la genyen se pou founi bon jan mwayen pou ke elèv yo kapab ekspriye yo sou divès kalite sijè ki vas. Piblikasyon ofisyèl etidyan yo, tankou pa ekzanp journal, te dwe gen ladan yo pwen de vi ki reprezante sa ke kò etidyan yo an antye panse. Etidyan yo pa dwe pibliye osnon distribye fèy oubyen materyèl ki gen karaktè dezòdone. Règ nòrmal pou journalis responsab yo ap aplike lè ke yo ap ekri ak distribye objè literati sou pwopriyete lekòl la. Piblikasyon etidyan yo dwe entèdi si yo gen tandans pou koze deranjman nan anviwonman edikasyonèl lekòl la. Direktè lekòl la sipoze revize epi otorize tout materyèl ki ap distribye epi poste sou pwopriyete lekòl la.

**Otorite: F.S. 1006.28**

**Kòd ensidan: UD**

## **RÈGLEMAN 11. KÒD SOU VÈTMAN AK POU ABIYE BYEN**

Tout elèv fèt pou swiv ekzijans abiman nou pral bay la yo. Direktè lekòl la pral konpòte li kòm abit pou jije fason elèv yo abiye pou vini nan lekòl yo ap dirije a. Direktè endividyèl an konsiltasyon avèk Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC) kapab redije lòt ekzijans pi devan pou evite deranjman nan pwosesis edikasyon-an. Nou konsidere ekzijans nou mete la yo kòm ekzijans minimal pou chak lekòl yo.

1. Elèv yo dwe mete bon jan chosi nan pye yo tout tan. Yo pa dwe vini lekòl la ak zèl sapat oubyen sandal yo mete nan chanm yo lè yo pral dòmi.
2. Yo pa dwe abiye avèk ti bout mayo ki koupe nan mitan, ti bout tib, chòt kout, chemiz ki ekspoze pati nan kò yo, chemiz ak kòsaj do kale. Manch ki kouvri zepòl yo sipoze gen yon lajè ki plis pase de pous. Yo dwe mete yon chemiz ki an akò ak lwa yo anba yon mayo baskèt bòl. Chemiz, mayo ak kòsaj sipoze depase tay moun yo a yon distans ki egal a twa pous osnon yo sipoze antre andedan pantalon oubyen jip moun nan pou pati anba moun nan pa ekspoze. Elèv yo pa dwe ekspoze pyès pati nan tay yo oubyen nan vant yo. Yo dwe mete rad ki kouvri tout pwatrin yo yon fason pou yo pa ekspoze zòn pwatrin nan.

*(Swiv ekzanp ki nan imaj ki pi ba a)*



3. Cheve yo fèt pou pwòp e byen penyen. Koulè nan cheve avèk kwafi moun pran pa dwe entèfere nan pwosesis edikasyon an. Direktè lekòl la kapab pran desizyon ki apwopriye pou sa.
4. Yo pa dwe mete chapo, chaperon, ak lòt bagay sou tèt yo lè yo andedan lekòl la eksepte nan lye kote direktè a apwouve pou sa fèt. Direktè a kapab fè eksepsyon pou moun ki kouvri tèt yo akòz relijyon yo mande sa oswa pou rezon medikal.
5. Nou pa aksepte moun fè espere mete rad ki depafini oubyen ki deboutonnen e ki dechire sou yo. Lè nou di rad ki dechire nou vle pale tou de rad sere ki ap pete sou moun nan oubyen ki si tèlman twò laj li ap plede sot tonbe sou moun nan. Nou pa aksepte elèv yo mete rad transparan, rad bwode ak twou san ke yo pa mete lòt bagay anba li. (FS 1006.07 (2)(d)).
6. Rad ki sou yo pa dwe gen okenn desen dwòl, ki bay yon sigjesyon, osnon lòt bagay ki pa apwopriye, ki ap fè piblisite, oubyen desen atistik, ki enkli men ki pa limite a sa sèlman desen ki fè referans ak dwòg, alkòl, nikotin, oubyen zam.
7. Drapo moun pote sou yo oubyen ap souke anlè sou lakou lekòl la deja koze anpil disansyon ak yon anviwonman danjere ki te ka antrave pwosesis edikatif elèv nou yo. Nan efò nou ap fè pou fè lekòl nou yo rete sen e sof e pou nou prevni derapaj, men ki drapo sèlman nou admèt

moun brandi e pote nan lakou Lekòl Piblik Collier County yo ak nan aktivite lekòl yo òganize nan lòt andwa: (1) drapo peyi Etazini an ak drapo POW/MIA; (2) drapo Eta Florid la; ak (3) drapo ofisyèl lekòl la. An plis de sa, yo pa otorize pou moun brandi osnon mete sou yo ankenn lòt senbòl sou lakou lekòl la oubyen nan aktivite lekòl la òganize nan lòt andwa. Yo kapab fè eksepsyon a règleman sa a pou sa ki konsène okazyon espesyal kote yo ap selebre joune nasyonal yon drapo oubyen nan yon zòn konsistan yo dezinye pou sa ki antre nan objektif akademik distri a avèk si direktè lekòl la jije ke gen yon nesosite pou afiche yon drapo.

8. Nou pa aksepte òneman nan kò moun (ekzanp, òneman ki pèse nan po moun nan) nan nenpòt pati vizib nan kò yon moun apa de zòrèy li, si òneman sa a prezante yon danje pou sante moun nan ak/oubyen si li ap deranje pwogram lekòl la nan yon fason kèlkonk. Direktè lekòl la kapab pran desizyon ki apwopriye pou sa.
9. Yo entèdi tout atik moun kapab itilize pou fè lòt mal. (ekzanp, sentiwon ki gen gwo bouk, oubyen bag ki kouvri de oubyen plis dwèt.)
10. Longè jip/rad ak chòt yo dwe reflète modesti ak bon gou e chak lekòl dwe siveye ke elèv yo respekte règleman sa yo. Si yon elèv mete de men li sou kote li e ke dwèt li touche po janm li, rad li mete a twò kout e li pa dwe vini lekòl ak li.
11. Nou pa pèmèt moun mete rad degizman, chemiz de nwi oubyen lòt rad/òneman ki kapab kreye distraksyon
12. Chòt/pantalon dwe rete byen chita sou mèl li yon fason pou yo pa glise tonbe, pou sou-vètman yo pa parèt (ale li nimewo 5 ki pi wo a).
13. Nou pa admèt moun mete oubyen afiche rad, senbòl ki gen rapò ak gang, osnon lòt atik ki asosye ak gang.
14. Nan lekòl ki bay inifòm yo, Direktè yo gen diskresyon pou aleje kòd abiman inifòm yo akòz pwoblèm lapli oubyen move tan.
15. Pou ogmante sekirite elèv yo, tout elèv dwe pote yon badj ki genyen foto idantifikasyon ke lekòl la bayo, elèv dwe pote li avivwa, kote pou tout moun wè li, tout tan pandan li nan lekòl la pou jounen an. Badj idantifikasyon an pa dwe defigire oswa kraze. Badje idantifikasyon se pwopriete Distri a e yo dwe retounen li nan lekòl la yonfwa elèv kite lekòl la.

Elèv yo kapab gen opsyon pou telefone lakay yo pou mande pou yo pote lòt rad pou yo chanje oubyen pou mande prete lòt rad nan biwo lekòl la pou chanje, si genyen ki disponib, pou yon premye vyolasyon Règleman sa a.

### **Lòt Langaj Anplis pou Règleman 11 la, Kòd sou Vètman ak pou Abiye Byen**

Lekòl yo kapab aplike endividyèlman pou mande Konsèy Administrasyon an pèmèt yo adopte yon kòd abiman ki ekzije elèv yo mete inifòm. Men kijan pwosesis aplikasyon mache:

1. Yo dwe fè yon sondaj nan mitan elèv yo, paran yo ak manb pèsone l la pou pran opinyon yo sou pwopozisyon sa a
2. Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAC) dwe tabli yon paramèt pou itilize lè yo pral fè sondaj la nan mitan paran yo pou rekeyi opinyon yo.
3. Gwoup SAC la ap kondidere rezilta sondaj yo e li ap fè rekòmandasyon bay direktè a.
4. . Si Gwoup SAC la rekòmande lòt restriksyon ankò e direktè a dakò ak sa, li ta dwe voye yon rekòmandasyon pa ekri bay Asosye Sientandan ki anchan Operasyon Lekòl e Distri a epi pou li mete tout enfòmasyon pètinan yo.
5. Asosye Sipèntandan pou Operasyon Lekòl e Distri a pral prezante rekòmandasyon an bay Sipèntandan an ki pral transfere menm rekòmandasyon sa a bay Konsèy Administrasyon an pou desizyon pa yo.
6. Nouvo lekòl ki swete aplike devan Konsèy Administrasyon an pou yon kòd abiman ki ekzije pou elèv yo mete inifòm pral swiv yon pwosedi ki lejèman revize olye pou yo tanmen etap 1 ak 3 yo.
  - a. Endividi nou pral bay la yo tad we gen opòtinite pou konplete yon sondaj konsènan restriksyon an plis yo pwopoze:

- i. Elèv yo pral chwazi pou frekante lekòl la pandan premye ane operasyon an;
- ii. Paran elèv yo refere nan seksyon (i); ak
- iii. Manb pèsònèl (nou rekonèt ke se pral yon kantite moun ki limite).
- b. Direktè lekòl la ta dwe al chèche enfòmasyon nan men gwoup SAC ki nan nenpòt lekòl ki pral voye plis pase 20% nan popilasyon elèv yo nan nouvo lekòl la.
- c. Direktè a ta dwe envite elèv yo ak paran yo an yon reyinyon kote yo ka bay konsèy pa yo konsènan restriksyon an plis yo pwopoze yo.
- d. Direktè a ta dwe konsidere rezilta sondaj la ak konsèy ki soti bò kote SAC la, e si Direktè a swete mande restriksyon anplis, li ta dwe voye yon rekòmandasyon ekri bay Asosye Sipèendandan pou Operasyon Lekòl e Distri a e li ta dwe enkli tout enfòmasyon pètinan yo.

**Otorite: F.S. 10006.07, 1006.08, ak Règleman 5511 Konsèy Administrasyon, Abiman ak Pwòpte Elèv yo**

**Kòd ensidan: DV**

### **RÈGLEMAN 12. APARÈY ELEKTWONIK**

Yon elèv ki genyen aparèy elektwonik nan men li nan lekòl la ak nan bis lekòl yo dwe konnen ke se yon privilèj yo ba li pou li ka kominike avèk paran li ak/oubyen lapolis ak/oubyen pou li ka fè rechèch pwofesè a ap direjè e ki apwouve ansanm ak pratik ansèyman. Aparèy elektwonik yo enkli men yo pa limite a sa sèlman: telefòn pòtab, òdinatè, bipè, sistèm jwèt pòtab; jwèt medya dijital, oubyen lòt enstriman ki ka pèmèt moun ki ap itilize yo kominike elektwonikman avèk lòt moun oubyen atravè rezo sosyal ki sou sit entènèt yo (ekzanp Facebook, SnapChat, Instagram, ak Twitter). Pou nou ka prezève bòn mach anviwonman edikasyonèl la epi anpeche la twoublay nan lekòl la, yo dwe obsève kondisyon sa yo:

1. Yo PA dwe itilize aparèy elektwonik pandan jounen lekòl la pou rezon pèsònèl. Elèv kapab itilize aparèy elektwonik sèlman nan kontni enstriksyonèl avèk diskresyon pwofesè a epi se sou diskresyon administrasyon lekòl la ke elèv kapab itilize aparèy elektwonik pandan yo ap manje, rekreyasyon, oswa lè yo pa nan salklas
2. Yo dwe fèmen aparèy elektwonik yo epi sere yo yon kote lè yo andedan bis lekòl yo, eksepte si chofè bis la otorize pou yo itilize li.
3. Yon elèv kapab itilize yon aparèy elektwonik sou lakou lekòl la avan jounen lekòl la kòmanse ofisyèlman epi aprè ke lekòl lage.
4. Direktè lekòl la kapab ekzije pou tout paran ki ap bay timoun Aparèy Elektwonik vin anrejistre telefòn yo nan biwo lekòl la avan pou elèv la jwenn otorizasyon pou posede yo jan nou dekri pi wo a.
5. Direktè a kapab bay pèmisyon pou yon elèv itilize telefòn pòtab li an prezans yon administratè pou yon ka ijan lè lòt mwayen kominikasyon yo pa disponib (ekzanp, telefòn piblik, telefòn lekòl la).
6. Yo entèdi yon elèv itilize Aparèy Elektwonik pandan li lekòl la oswa nan bis yo pou anrejistre son oubyen pran foto moun san konsantman moun li ap filme oubyen pran foto a.
7. Yo kapab pran sanksyon kont elèv la pou objè ki pa apwopriye ki estoke nan Aparèy Elektwonik ke li pote lekòl la, pandan lekòl la ap fonksyone, ak/oubyen nan bis lekòl la.
8. Sa nou pral di la yo kapab okazyone ke yo pran sanksyon kont yon elèv nan lekòl la: si li refize fèmen yon aparèy elektwonik lè yon pwofesè, administratè, konseye, oubyen lòt ofisyèl lekòl la pase li lòd pou fè sa; si li domaje yon aparèy elektwonik ki pou lekòl la; si li koze deranjman nan klas yo, si li ap itilize yon aparèy elektwonik pou triche, e sa enkli pran ak bay repons tès ak pou kopye nan entènèt; si li itilize aparèy elektwonik pou entimide, menase, annwiye, atake yon lòt elèv oubyen manb pèsònèl lekòl la keseswa li kominike dirèkteman avèk moun nan ou pa; si li voye (oubyen mande pou resevwa) foto oubyen videyo moun ki dezabiye an pati

oubyen konplètman, oubyen si li ap pretann ke li ap pèfòme yon ak seksyèl oubyen si li ap fè ak la vre.

9. Lekòl la kapab enpoze konsekans kont elèv ki ap itilize aparèy elektwonik yo mal andeyò lekòl la oubyen nan pwòp tan pa yo si tou de bagay sa yo se vre. Fason elèv la itilize aparèy elektwonik yo ap koze latwoubly nan lekòl la oubyen koze serye pwoblèm emosyonèl, fizik, oubyen sikolojik ki ap nwi lekòl la, lòt elèv, oubyen manb pèsònèl lekòl la epi elèv la te konnen, oubyen li ta dwe konnen ke nwizans sa yo t ap rive.
10. Yo pral aplike an fòs tout règleman sou itilizasyon Teknoloji/Entènèt ki konsène aparèy elektwonik elèv yo.

Si yon moun pèdi/kite yo vòlè zafè pèsònèl li nan lekòl la osnon nan bis lekòl la, responsabilite a pap tonbe sou do lekòl la oswa Distri a

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09**

**Kòd ensidan: BI (HAR), BP, CD, CH (BUL) (Ale Wè Règleman 4 – Zak Entimidasyon ak Asèlman)**

### **RÈGLEMEN 13. EKSTÒSYON**

Keseswa moun ki ap menase lòt fizikman osnon ki ap komèt vyolans fizik sou lòt moun nan bi pou li jwenn kado, sèvis, lajan osnon nenpòt lòt bagay ki gen valè kapab tonbe anba sanksyon disiplin lekòl yo ke otorite lekòl yo ap pran epi yo kapab menm refere yo bay otorite polis yo.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 1006.135, 1006.148, 836.05**

**Kòd ensidan: ET (TRE)**

### **RÈGLEMEN 14. FO AKIZASYON**

Nenpòt elèv yo jwenn ki fè fo akizasyon yon fason entansyone pou ka mete repitasyon pwofesyonèl, travay, oubyen sètifikasyon pwofesyonèl yon pwofesè oswa lòt manb pèsònèl lekòl la an danje, yo kapab rekòmande pou mete elèv sa a deyò lekòl la. Nenpòt elèv yo jwenn ki fè fo akizasyon entansyonèlman kont yon lòt elèv ki kapab mete elèv sa a nan pwoblèm, yo ap pran sanksyon kont elèv ki bay fo akizasyon an.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09**

**Kòd ensidan: LY, OS (OMC)**

### **RÈGLEMEN 15. GOUMEN**

Yo pap tolere goumen nan okenn sikonstans. Yo entèdi kòm zewo tolerans pou de moun patisipe nan itilizasyon fòs oubyen vyolans fizik ki ekzije restriksyon fizik oubyen ki lakòz moun blese, kèlkeswa moun kòmanse aksyon an, nou konsidere sa kòm yon ofans. Elèv ki patisipe nan goumen an pral tonbe anba sanksyon disiplinè.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09**

**Kòd ensidan: FT, FX (FIT)**

### **RÈGLEMEN 16. FOJE DOKIMAN LEKOL OUBYEN DOKIMAN PARAN**

Yo entèdi elèv yo fòje epi/oubyen chanje dokiman lekòl la oswa dokiman paran yo. Yo entèdi tou ke yo itilize fo idantifikasyon pou telefòn lekòl la pou absans, pou soti pi bonè, pou reta, sou fòm pou bay pèmision.

**Otorite: F.S. 1006.08**

**Kòd ensidan: FR, FS (OMC)**

## **RÈGLEMEN 17. JWE JWÈT POU LAJAN**

Nou pa pèmèt pou etidyan yo angaje yo nan jwe jwèt pou chans, nenpòt jwèt pou lajan, oubyen nenpòt lòt bagay ki gen rapò ak fè paryaj pandan ke yo anba kontwòl otorite lekòl yo.

**Otorite: F.S. 1006.08, 849.09**

**Kòd ensidan: GB (OMC)**

## **RÈGLEMEN 18. GANG, SOSYETE SEKRE, ASANBLE ILEGAL OU LÒT ENSITASYON**

Konsèy Administrasyon an te inisye yon filozofi zewo tolerans kont sa yo rele sosyete sekre yo, gangs, ak lòt gwoup ki sanble avèk yo. Etidyan ki fè pati sosyete sekre yo, gang, ak lòt gwoup ki menm jan, kapab sispansyon lekòl/plase nan pwogram Enhanced ASSIST epi yo kapab rekòmande pou mete yo deyò lekòl la nèt. Yon etidyan ki konseye yon lòt etidyan pou fè rasanbleman ilegal pou fè soulèvman, deranje, oubyen pou vyole nenpòt règleman ak fonksyonman lekòl la, oubyen ki ap deranje ou entèfere lwa administrasyon oubyen fonksyonman lekòl la pra-l tonbe anba sanksyon disiplinè otorite lekòl la (epi li Règleman 11 la, Kòd Abiman ak Pou Byen Abiye).

Règleman sa a ansanm avèk Kòd 874.03 Florida-a defini yon “gang” kòm yon òganizasyon, asosyasyon oubyen yon gwoup ki gen twa ou plis moun, keseswa fòmèl ou enfòmèl, ki gen pou aktivite priyorite fè plizyè zak kriminel, ki pote non ki fasil pou idantifye oubyen siy ou senbòl ki kapab idantifye ki angaje endividyalman ou kolektivman nan yon seri aktivite gang kriminel. “Modèl aktivite gang yo” vle di komèt, fè atanta pou komèt, fè konspirasyon pou komèt, oubyen fè solisitasyon pou de ou plis zak kriminel, epi zak kriminel sa yo te komèt nan de dat separe oubyen se de ou plis moun ki fè pati gang kriminel sa yo ki òganize yo. Pyès etidyan ki sou pwopriete lekòl la oubyen nan aktivite lekòl la:

1. pa dwe pote, posede, itilize, distribye, afiche oubyen vann rad, bijou, anblèm, badj, senbòl, siy oubyen lòt bagay ki bay evidans li se manb oubyen li gen afilyasyon ak yon gang.
2. pa dwe komèt nenpòt zak oubyen itilize vye langaj, keseswa se langaj vèbal ou pa (ekzanp, jès oswa fòm pou bay la men.) ki demontre ke yo se manb oubyen yo afilye nan yon gang.
3. pa dwe itilize vye diskou oubyen komèt nenpòt vye zak ki an konvans avèk enterè nenpòt gang oubyen nenpòt aktivite gang, sa enkli tou, men se pa sa sèlman:
  - a. mande lòt moun pou yo vini fè pati nenpòt nan gang yo;
  - b. ekzije nenpòt moun po yo peye pou “pwoteksyon” sinon ou ap entimide yo epi menase yo;
  - c. komèt nenpòt zak ilegal osnon zak ki vyole politik distri a;
  - d. ensite yon moun pou li fè vyoans fizik sou yon lòt moun.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 1006.14, 1006.135, 1006.148, 877.03, 877.13**

**Kòd ensidan: GA, OS (OMC)**

## **RÈGLEMEN 19. BRIMAD/BLE YON ELÈV**

Yon elèv pa dwe angaje li nan okenn fòm aktivite pou ble lòt timoun oswa ba yo brimad ki enplike lòt elèv ladan. Menm si yon lòt elèv ta fè konnen ke li konsanti oubyen li ta dakò pou lòt elèv patisipe nan aktivite pou bay brimad, sa pap reprezante yon defans ki pou anpeche yo tonbe anba sanksyon poutèt yo ap mennen aktivite sa a.

Brimad se nenpòt aksyon yon elèv komèt, ki mete an danje yon fason entansyonèl oubyen ensanse osnon ki afekte sante mantal oubyen fizik, sekirite, byenèt, oubyen diyite yon lòt elèv, oubyen tou ki minimize, ki fè wont, degrade, anbarase, osnon imilye yon lòt elèv swivan pratik yon inisyasyon pou ka gen aksè pou patisipe nan yon pwogram oubyen nan yon aktivite nan lekòl la. Sa enkli ladan, men li pa limite a sa sèlman, nenpòt fòm kominikasyon elektwonik.

Brimad kapab lakòz tou ke yo bay elèv ki an fot la yon peryòd sispansyon pou li pa patisipe nan aktivite elèv yo ap òganize oubyen ki asosye ak kote ensidan brimad la te rive a.

**Otorite: F.S. 1001.43(1)(a), 1006.135**

**Kòd ensidan: HZ (HAZ)**

## **RÈGLEMEN 20. ENSIBÒDINASYON - MEPRIZE DIREKSYON OUBYEN KÒMAND YO**

Yon elèv ap koube avèk direksyon oubyen kòmand rezonab tout pèsonèl lekòl la, keseswa elèv anba sipèvizyon dirèk yo ou pa, avan, pandan, ak aprè lè fonksyonman lekòl yo pandan yo sou pwopriyete lekòl la oubyen pandan yo ap patisipe nan aktivite, fonksyon ak evenman ke lekòl la patwone. Pwofesè yo, pwofesè envite yo, èd pwofesè yo, sekretè yo, para-pwofesyonèl yo, gadyen lekòl yo, direktè, pèsonèl administratif, antrenè, volontè ki otorize yo ansanm avèk chofè bis yo, yo tout konsidere kòm pèsonèl lekòl la. Gen direksyon ak rekòmandasyon rezonab yo ap bay ki enkli ladan yo, men ki pap sa sèlman, konpòtman ki apwopriye ak fason pou abiye pou vini nan aktivite lekòl yo.

**Otorite: F.S. 1006.07, 1006.09**

**Kòd ensidan: FF, ID, DA, VC, RV, DE, DX, OA, LY, NI**

## **RÈGLEMEN 21. LIMYÈ AK LEZÈ POU PWENTE - POSESYON OUBYEN ITILIZASYON**

Limyè ak laser se yon objè ki kapab koze gwo domaj imedya nan zye lòt moun menm jan-an tou li kapab koze domaj a long tèm nan zye yo. Li reprezante yon gwo danje sitou si yon moun pote li oubyen itilize li nan bis lekòl yo. Yo entèdi limyè sa yo sou tout pwopriyete lekòl la epi ak nan tout fonksyon lekòl yo.

Frakti oubyen Aksidan (keseswa kantite ofans li genyen an) pral okazyone li pran dis jou OSS – rekòmandasyon pou mete li deyò nèt ak pou mete otorite yo okouran.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09**

**Kòpd ensidan: LD**

## **RÈGLEMEN 22. PATI KITE LAKOU LEKÒL LA**

Lekòl Piblik Collier County yo adopte yon filozofi kote yo "fèmen lakou lekòl yo." Konsa, yo pa pèmèt pou etidyan yo pati kite lekòl la pandan ke lekòl la ap fonksyone pou kèlkeswa rezon-an amwens ke paran yo bay apwobasyon pou yo al siyen nan direksyon-an pou yo sòti. Nan lekòl Elemantè yo, paran yo dwe swiv pwosedi ki etabli pou yo al siyen nan lekòl pa pitit yo a pou yo kapab soti avèk elèv la avan lè. Nou pap kite okenn elèv kite lekòl la san otorizasyon granmoun apwopriye ki responsab li. Pou kenbe anviwonman lekòl la an sekirite nan prevni elèv yo fè pratik kontreband sou lakou lekòl la, elèv ki kite lakou lekòl la an vyolasyon a [Règleman sou Prezans 5200](#) sou Prezans ak patisipasyon e ki retounen ankò pandan jounen an, yo ap fouye tout bagay ki an posesyon elèv sa a, ansanm avèk machin li.

**Otorite: F.S. 1006.08, 1006.09, 1003.31**

**Kòd ensidan: LS, OA**

## **RÈGLEMEN 23. VEYIKIL A MOTÈ - OPERASYON AK PAKIN POU ELÈV YO**

Eta Florid la, a travè Depatman Sikilasyon ak Sekirite Wout yo, kontwole dwa yon moun genyen pou li kondi ak opere yon veyikil a motè sou pwopriyete lekòl la. Tout règleman ki aplike pou eta a ap obsève. Gen plizyè lwa ak regilasyon ki kontwole operasyon yon veyikil a motè pou sekirite tout moun ki konsène e tout moun sipoze konsidere sa kòm yon privilèj.

Lekòl Piblik Collier County yo founi yon plas espesyal pou etidyan high school yo pake machin yo. Tout elèv ki vin lekòl nan machin yo dwe anrejistre machin yo-a epi pran yon pèmi pou pakin. Se yon privilèj ou genyen pou pake yon machin sou lakou lekòl la se pa yon dwa ou genyen. Yo gen dwa sispann oubyen revoke privilèj sa a nenpòt lè.

Lapolis de konsè avèk ofisyèl lekòl yo kapab vini avèk chyen ki kapab detekte dwòg yon fason peryodik pou tcheke machin ki sou pwopriyete lekòl la san avèti. Tchèk sa yo kapab abouti pou rive fouye machin ki nan lakou lekòl la. Yon elèv ki kondi yon machin pou vini lekòl ap asime

responsabilite epi yo ap konsidere ke se li menm ki an posesyon nenpòt bagay yo jwenn nan machin sa a. Elèv yo pral tonbe anba aksyon disiplinè pou bagay yo jwenn nan machin yo ke Kòd sa a entèdi.

Yo entèdi elèv yo mete otokolan ki pa apwopriye, ki gen vye mo, oubyen ki ap ensite moun, oswa pou yo ap ekri bagay ki ka deranje bòn mach lekòl lam sou machin ke yo estasyon sou lakou lekòl CCPS yo.

Elèv klas segondè yo pa otorize pou yo al chita nan machin yo a nenpòt ki lè diran fonksyonman lekòl la, eksepte elèv ke administratè lekòl yo lage bonè. Depi elèv yo rive lekòl la, yo fèt pou yo klete pòt machin yo epi ale nan klas yo imedyatman. Espas pakin etidyan yo ap sèvi pou pake machin sèlman, epi elèv yo pa sipoze gonfle nan espas pakin sa a avan, pandan, osnon aprè lekòl.

Elèv ki derefize obeyi règleman ak regilasyon sila yo oubyen ki ap kouri machin yon fason ki danjere ap pèdi privilèj yo genyen pou yo pake machin yo sou pwopriete lekòl la epi yo ap pran sanksyon kont yo poutèt yo endisipline, epi tou fòsdelòd yo kapab ba yo kontravansyon selon lwa Florid oswa òdonans lokal.

Elèv Lekòl Elemantè ak Mwayen yo gen dwa pa kondi mobilèt oubyen veyikil a motè oubyen scooters sou lakou lekòl yo.

Yo pa aksepte elèv opere "hoverboard" sou lakou lekòl la.

**Otorite: F.S. 1006.08**

**Kòd ensidan: PV**

## **RÈGLEMEN 24. NAKOTIK, BWASON KI GEN ALKÒL LADAN, AK DWÒG**

Yon "sibstans kontwole" sinyifi yon dwòg nakotik, dwòg ki fè tèt moun vire, amphetamine, barbiturate, marijuana, fo dwòg, oubyen nenpòt lòt sibstans ki defini kòm sibstans kontwole ilegal ki nan Chapit 893 nan Lwa Florid la. Atik Federal sou Kontwòl Sibstans Analòg pèmèt yo trete nenpòt pwodui chimik "ki sanble konsiderabman" a yon dwòg ilegal kòm yon sibstans ilegal ki kontwole. Sa ta dwe enkli nenpòt pwodui chimik ki genyen yon efè estimilatè, depresan, oswa, alisinòjèn sou sistèm nève santral yon mon ki sanble konsiderabman a oubyen ki gen pi gwo efè pase yon sibstans ki anba kontwòl.

Lè nou ap pale de yon "bwason alkolize" nou vle pale de byè, diven, likè, oubyen nenpòt bwason ki gen alkòl oubyen ki gen nenpòt kalite entoksikasyon ladan.

Yon elèv pa dwe genyen sou li, ni li pa dwe ap vann, delivre, itilize transmèt, distribye, solisite, fè konspirasyon pou vann oubyen pou achte oubyen tou pou li anba enfluyans yon sibstans kontwole oubyen bwason ki gen alkòl pandan ke li sou pwopriete lekòl la, oubyen pandan li ap patisipe nan yon fonksyon nan lekòl la. Nenpòt elèv ki dakò, planifye, oubyen fè konspirasyon avèk lòt elèv oubyen lòt moun pou komèt yon zak ki dekri nan Règleman sa-a, ap koupab de konspirasyon. Nenpòt elèv ki kòmande, ankouraje, anplwaye oubyen ekzije yon lòt elèv oubyen yon lòt moun pou angaje li nan kondwit ki vyole règleman sa-a koupab kòm moun ki ap pouse moun fè dezòd. Posesyon yon seri ekipman ki nòmalman asosye a itilizasyon sibstans kontwole, tout bagay sa yo entèdi kareman. Fabrikasyon, posesyon, ak/oubyen itilizasyon fo idantifikasyon oubyen lisans pou kondwi ki itilize pou achte sibstans ki ilegal oubyen bwason alkòl reprezante tou yon vyolasyon a règleman sa-a.

Règleman sa a aplike tou pou remèd legal ke moun itilize, posede ou distribye mal keseswa se remèd doktè preskri oubyen remèd yo kapab achte sou kontwa famasi ansanm ak nenpòt lòt atik yo pran pou yo kapab chanje manyè konpòteman yo. (Ale wè Apandis "C-1 ak C-2" Fòm Otorizasyon pou Medikaman ak Lèt Paran pou preskri medikaman ak medikaman sou koutwa legalman). Pèsonèl lekòl la gen dwa pou konfiske nenpòt atik ki enkli nan règleman sa a. Pèsonèl



lekòl la gen dwa pou yo fouye moun, lockers ak pwopriyete pèsònèl lè ke yo gen rezon pou yo sispèk ke gen endividi ki kapab posede bagay ke règleman sa a kouvri. Yo kapab itilize nan fouy sa-a detektè metal avèk animal ki drese tankou chyen ki pou detekte dwòg

### **Fouy ak Sezi**

Konsèy Administrasyon an te tanmen yon filozofi zewo tolerans anvè sibstans ilegal pou tout lekòl piblik nou yo. Kòm yon mezi pou anpeche sa rive, nou kapab deside fouye lekòl nou yo chak yon peryòd. Nou kapab itilize chyen ki antrene pou detekte dwòg pou localize dwòg kin an kazye (locker) nan batiman lekòl la, nan machin ki pake sou lakou lekòl la ak/oubyen nan nenpòt lòt lokalite ki sou pwopriyete lekòl la. Nou pap itilize chyen pou fouye elèv.

**NÒT:** Si ekipman yo gen rès kras sibstans ladan yo, yo pral pran menm kalite aksyon disiplinè kont elèv la ki menn avèk aksyon discipline pou "Itilizasyon oubyen Posesyon

### **Resous pou ede moun ki gen pwoblèm dwòg ak alkòl**

Alanon/Alateen/Alcoholics Anonymous	85 12th Street S	262-6535
David Lawrence Mental Health Center	6075 Golden Gate Pkwy	455-8500
Narcotics Anonymous	9001 Tamiami Trail E.	1-888-HELP-301
24-Hour Club	1509 Pine Ridge Rd.	597-5681
Vince Smith House	2450 Prince St, Ft. Myers	338-2306

**Otorite: F.S. 1006.08, 1006.09, 1006.09(9), 877.111, 893.03, 893.13, 893.135, 893.145, 893.146, 893.147**

**Kòd ensidan: DT (OMC), DS (DRD), DO (DRU), DF (DRU), DP (DRU), DU (DRU), AP (ALC), AU (ALC), AD (ALC)**

### **RÈGLEMEN 25. EKSPOZE AFEKSYON LANMOU AN PIBLIK**

Bo, anbrase, peze oubyen fè lòt kalite lanmou, nou pa konsidere yo kòm yon konpòtman ki apwopriye nan espas lekòl la. Nan travay pou tabli yon bon anviwonman edikasyonèl, fòk nou mete anpil aksan pou fè chak etidyan konnen pou yo kenbe respè tèt yo, disiplin tèt yo, asanm avèk yon kondwit ki gen wo nivo. Gen respè pou tèt ou, pou lekòl la ak pou lòt moun yo reflète anpil nan konpòtman etidyan yo. Afeksyon ou genyen pou yon gason osnon yon fi se yon bagay ki pèsònèl e ki prive, e konsa, se pa yon bagay ou dwe demontre lè ou sou pwopriyete lekòl la. Elèv yo ki anmize yo ap fè lanmou nan lekòl la sitou aprè ke pèsònèl lekòl la avèti yo pou yo pa fè sa, lekòl la pral konsidere yo kòm moun ki koupab dezobeyisans, e gen aksyon disiplinè ki pral aplike kont yo.

**Otorite: F.S. 1006.08, 1006.09**

**Kòd ensidan: RV, ID**

### **RÈGLEMEN 26. PWOPRIYETE LEKÒL LA - BATIMAN LEKÒL YO/VEYIKIL YO**

Kèlkeswa moun nan ki fè espre koupe, pentire, make oubyen defigire pwopriyete lekòl la ki enkli men ki pa limite a sa sèlman, yon batiman pou ansèyman, mèb yo, aparèy, enstriman, antiray, pye bwa, machin, bis lekòl, teren atletik, oubyen lòt pwopriyete lekòl yo avèk mo, imaj, oubyen lòt objè, pral resevwa yon pinisyon sevè nan men otorite lekòl yo. Etidyan ak/oubyen paran yo dwe responsab pou peye pou repare oubyen ranplase objè ki domaje yo. Moun ki kraze pwopriyete lekòl la pou antre al pran bagay oubyen demanbre ou modifiye òdinatè yo ak lòt ekipman yo ap tonbe anba menm sanksyon disiplinè yo.

**NÒT:** Elèv ki angaje yo nan fè zak vandalis sou kèlkeswa fòm nan oubyen ki tante fè zak vandalis sou pwopriyete lekòl la pral kapab sispann nan lekòl la epi refere bay otorite legal yo pou mete li nan prison ak tradwi li devan la jistis.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 1013.22, 806.13**

**Kòd ensidan: DM, VD (VAN)**

## **RÈGLEMEN 27. PWOPRIYETE LEKÒL LA – MATERYÈL/LIV/ENÈNÈT/REZO/AVÈK LÒT APARÈY DISTRI A**

Nou ap atann nou pou elèv yo pran swen byen lekòl la. Elèv yo dwe asime tout responsab pou pran swen pwopriyete lekòl la ki a dispozisyon yo. Sa enkli ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, liv lekòl la ba yo, inifòm, ekipman, aparèy elektwonik, oswa liv bibliyotèk. Se manb pèsònèl lekòl yo ki distribye materyèl sa yo e yo dwe retounen vini jwenn menm moun ki te distribye materyèl sa yo nan finisman ane lekòl la oubyen si elèv la kite lekòl la nan mitan ane a. Elèv ki resevwa byen lekòl yo responsab pou pwoteje yo. Si materyèl yo pèdi keseswa se vòl oubyen lòt sikonstans, elèv la pa ka itilize sa kòm eskiz pou li pa peye dedomajman yo osinon pou fè devwa klas li. Si nenpòt elèv pa peye materyèl ki pèdi oswa ki domaje nan men li, li ap pèdi privilèj li genyen pou li itilize lòt materyèl lekòl la bay gratis yo pou ale lakay li. Si yon materyèl pèdi e avan yo ba elèv la yon lòt, yo ap ekzije li peye li an plen depi materyèl la poko gen yon lane. Pou materyèl ki ansyen yo, pri li ap peye a ap depann de pri materyèl la te koute lè li te nèt ak laj ak kondisyon materyèl la te ye lè yo te bay elèv la li.

Yo ap remèt elèv la tout kòb li si li vin jwenn materyèl ki te pèdi a epi li pote li remèt. Si materyèl la domaje, yo ap ekzije pou li peye pou domaj la tou depan de ki kalite domaj li sibi ak kondisyon lmateryèl lekòl la te ye lè elèv la te resevwa li.

Yo pa te etabli sistèm entènèt/sistèm rezo Distri a kòm yon sèvis daksè ni yo pa pa te etabli li pou kreye yon fowòm piblik limite. Distri a gen dwa pou li mete restriksyon sou jan yo ap itilize li pou asire ke fason yo itilize sistèm Entènèt Distri a tonbe dakò avèk bi edikasyonèl li ki limite a. Se [Règleman 7540.03 Konsèy la](#) ansanm ak gid direktiv administratif ansanm ak Kòd la ki ap gouvène fason elèv yo ap itilize òdinatè, rezo ak sèvis (“Network”) entènèt ki nan distri a. Yon elèv ki mal itilize rezo a pral tonbe anba sanksyon disiplinè. Yo ap respekte dwa tout moun ki ap itilize entènèt la nan mezi ke ta genyen yon soupson sou yon moun ki ap mal itilize Rezo a. Moun ki ap itilize li yo genyen yon vi prive ki limite nan sa ki konsène fichye, fichye elektwonik, ak dosye pèsònèl yo sou sit web yo vizite lè yo sou rezo a.

**Otorite: F.S. 1006.28, 1006.28(3)(b), 1001.43(1), 1001.51(4)**

**Kòd ensidan: CD, CE**

## **RÈGLEMEN 28. MOVE KONDUIT SEKSYÈL**

Move konpòtman seksyèl gen ladan li mande yon moun fè sèks, fè demand favè seksyèl osnon yon kontak fizik oral ki pa apwopriye, ekri, elektwonik, (tèks oubyen voye imaj), osnon yon kondwit ki gen nati seksyèl, ki kreye yon anviwonman entimidan, ostil, oubyen ofansif oubyen ki abizif, osnon menase yon moun fizikman, oubyen aji yon fason ki anpyete nan dwa yon moun genyen pou li jwenn edikasyon oubyen pou li gen aksè avèk osnon pou li patisipe nan pwogram oubyen aktivite lekòl yo.

Elèv yo sipoze rapòte nenpòt move kondwit seksyèl bay yon administratè.

Rapòte yon pwoblèm ki pase pa fòseman vle di ke sa pral afekte pèfòmans etidyan-an, aktivite li yo nan lekòl la, nòt li yo osnon devwa li gen pou li fè yo.

Yo pral ranfòse [Règleman 5517 Konsèy la](#) nan lekòl la ak andeyò lekòl la kèlkeswa kote anplwaye yo gen otorite sou elèv yo.

Vyolasyon règleman sou move kondwit seksyèl ap tonbe anba aksyon disiplinè e moun sa a kapab menm pouswiv pou aksyon kriminel.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09**

**Kòd ensidan: SM (SXO), SH (SXH)**

## **RÈGLEMEN 29. VÒL**

Vòl oubyen lè yon moun konnen ke li pran yon bagay ki pa pou li se yon zak ki pa siye ak la lwa nan sosyete nou an epi se yon bagay ke yo pran o serye menm lè objè ou vole a pa gen valè ou pa. Yo entèdi tout zak konsa, ki enkli yon moun ki pa di verite lè li konfwonte ak jan de aksyon sa yo, epi yo kapab mennen aksyon legal kont moun nan mete sou aksyon disiplinè ke otorite lekòl yo ap pran.

Yon elèv ki pa rapòte yon vòl ke li remake lè manb pèsonèl la poze li kesyon ap tonbe anba aksyon disiplinè tou.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 812.014**

**Kòd ensidan: ST, SX (STL), SC (STL), FS (OMC), RB (ROB)**

## **RÈGLEMEN 30. TABAK - POSESYON OUBYEN UTILIZASYON**

Nou anpeche elèv itilize oubyen posede pwodui ki gen tabak ladan yo, ki enkli men ki pa limite a sa sèlman (pa egzanp: siga, sigarèt, sigarèt elektwonik/dispozab/sigarèt atifisyèl/vap, tankou pa egzanp Juuls), pip, tabak pou chike, tabak an priz, e atik woule ki genyen tabak ladan li, nan lakou lekòl la, andedan batiman lekòl yo, nan transpòtasyon ke lekòl la patwone, osnon nan nenpòt aktivite ke lekòl la patwone. Restriksyon sa a aplikab 24è pa jou, chak jou ki nan ane.

### **Yo Entèdi Moun Fimen Tou Prè Pwopriyete Lekòl yo F.S. 386.212**

1. La lwa pa pèmèt pou nenpòt moun ki poko gen 18 ane fimen tabak nan, sou oubyen a yon distans mil pye yon pwopriyete ki loje yon lekòl elemantè, mwayen, oubyen segondè piblik ou prive nan espas 6è nan maten pou rive minwi.
2. Yon ofisyè polis ki plase pou fè respekte la lwa kapab bay yon moun ki vyole lwa sa-a kontravansyon jan ke kanton-an ansanm avèk minisipalite-a preskri sa
3. Nenpòt moun ki ta resevwa yon kontravansyon ki an rapò avèk seksyon sa-a pra-l resevwa yon pinisyon kote yo kapab peye yon penalite ki pa dwe depase 25 dola oubyen 50èd tan travay fòse oubyen, lè yo gen sa disponib, li kapab ale konplete avèk siksè yon pwogram kont tabak ke lekòl la apwouve.
4. Nenpòt moun ki pa ta vle koube a direksyon sa yo ki nan kontravansyon an kapab itilize dwa li genyen pou li konteste desizyon an epi tribinal kapab vini avèk yon demand pou montre koz aksyon an.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 386.212**

**Kòd ensidan: PT, TO, TP (TBC), TU (TBC)**

## **RÈGLE 31. VIZITÈ/RANTRE SOU PWOPRIYETE SAN OTORIZASYON**

Lè yo vini nan lekòl la, vizitè yo dwe prezante devan resepsyonis nan direksyon an epi prezante yon idantifikasyon valab ke yon gouvènman ba yo. Vizitè ki antre san otorizasyon ap tonbe anba sanksyon la lwa.

Elèv yo pa otorize pou vini sou lakou lekòl la ak/osnon andedan batiman lekòl la avan oubyen aprè lè lekòl san yo pa gen otorizasyon oubyen san pa gen yon pwofesè oubyen yon granmoun ki la pou sipèvize yo. Otorizasyon nou ap pale a sipoze espesifik pou elèv la menm jan li dwe jeneral pou piblik la. La jistis pral pouswiv tout elèv ki antre sou pwopriyete lekòl la san otorizasyon, ki fòse antre nan lekòl la, ak/oubyen ki angaje-l nan nenpòt fòm pou devalize oubyen pou tante devalize pwopriyete lekòl la. Yo pral sispann elèv sa yo oubyen plase yo nan pwogram Enhanced ASSIST epi refere yo bay otorite legal yo pou arete yo ak tradwi yo devan la jistis. Elèv ke yo sispann lekòl la, mete deyò, oubyen ki nan yon plasman altènatif pou vyolasyon nenpòt règleman pap admèt pou vini sou nenpòt nan pwopriyete lekòl la, ni yo pa dwe vini patisipe nan

nenpòt bagay lekòl la ap fè padan tout tan ke sispansyon yo, ekspilsyon an, oubyen plasman altènatif la an vigè.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 810.08**

**Kòd ensidan: TR (TRS), BU (BRK)**

### **RÈGLEMEN 32. ZAM, ZAM A FE, ENSTRIMAN DANJERE, AK KONTREBAND**

Yon elèv pa dwe posede, kenbe, oubyen transmèt nenpòt objè ki rezonabman kapab konsidere kòm yon zam, yon enstriman ki kapab domaje kò moun, yon dispozitif destriktif, (pami yo nou jwenn fo dispozitif) oubyen nenpòt lòt kontrebann. Tèm “zam” epi/oswa “dipozitif destriktif” dwe entèprete selon F. S. 790.001. Tèm sayo dwe siyifi nenpòt objè ki, nan fason ke yo itilize li, oswa ki reprezante, ki kapab enflije lanmò, blesi kòporèl ki serye, oswa domaj pwopriyete, osibyenke mete sante e sekirite moun anje. Dispozitif zam e distriktif enkli, men ki pa limite a, zam-a-fe, nenpòt tip pistole, bonb, eksplozif, dispozitif eksplozif, gaz pwazon, kouto, razwa, baton, zam elektrik, fo pwen metalik, zam pou la masyal (karate), minisyon, oswa nenpòt lòt kategori zam epi/oswa dipozitif destriktif jan sa defini nan F. S. 790.001; ki se pwovizyon ki enkòpore pa referans nan dokiman an.

Otorite lekòl yo gen dwa pou yo konfiske tout objè nou sot site pi wo yo e yo gen dwa pou fouye tout moun lè yo gen yon soupson rezonab ki endike ke moun sa a kapab posede odjè sa yo. Si yo jwenn ke yon elèv posede epi/oswa ap itilize objè sa yo, yo pral rekòmande pou mete li deyò lekòl la.

Direktè (tris) yo kapab itilize pwòp jijman pa yo, an koneksyon avèk Matris yo, pou pran desizyon disiplinè kont elèv ki an posesyon zam ke yo lokalize nan machin li si zam nan pa ilegal epi si elèv la rapòte posesyon zam nan pou kont li oswa si elèv la bay yon eksplikasyon ki klè e ki apwopriye sou rezon ki fè li genyen zam nan andedan veyikil li.

Anplis de sa, dapre règleman Zewo Tolerans la, [Règleman 5772 Konsèy la](#), sou posesyon yon zam a fe oswa nenpòt lòt zam (jan sa defini nan paragraf 1 ki anlè-a) sou lakou lekòl la oubyen a yon distans 1000 pye de lekòl la ou ankò nan nenpòt aktivite lekòl la patwone, yo ap rekòmande pou mete moun sa a deyò nan Lekòl Piblik Collier County to epi lajistis pral pouswiv li kòm kriminèl.

An plis de sa, Lwa (GFSA) ki baze sou debarase Lekòl yo ak zam, 18 USC 921 et. seq., endike ke lwa eta a ekzije pou ajans edikasyon lokal yo mete yon elèv deyò pou yon peryòd ki pa mwens ke yon ane anplèn nan kalandriye a si yo jwenn ke li te pote yon zam a fe nan lekòl la.

Ekzijans pou mete timoun nan deyò pou yon lane ap aplike pou tout etidyan, soti nan klas matènèl pou rive nan pwogram klas aprè segondè yo, ki pote zam nan nenpòt zòn ki sou kontwòl ak sipèvizyon lekòl la. Sipèntandan an kapab ekzèse otorite li pou li detèmine nenpòt eksepsyon ki gen nan lwa sa-a, nan panche sou sijè a ka pa ka.

Nenpòt elèv ki pote yon zam nan lekòl la pral refere bay jistis kriminèl oswa sistèm delenkans jivenil.

Selon sa Seksyon 921 an di, bagay nou pral site la yo fè pati definisyon an:

- nenpòt zam ki pral oubyen ki dezinye pou oubyen ki kapab pare pou lanse yon anjen eksplozif
- ankadremman oubyen resepte nenpòt nan zam ki dekri pi wo yo
- nenpòt zam afe ki fè bwi oubyen zam ki tire bal an silans
- nenpòt eksplozif, anjen pou mete dife, oubyen gaz pwazon
- nenpòt bonm
- nenpòt grenad
- nenpòt rocket ki genyen yon chaj pou tire li ki gen yon valè plis pase kat ons
- misil ki genyen yon eksplozif oubyen yon chaj ensandyè ki plis pase yon ka ons, minn, oubyen lòt aparèy ki menm jan e

- nenpòt zam ki pral, oubyen ki kapab pare pou, lanse yon pwojektil nan avèk eksplozif oubyen lòt sistèm pou lanse li, epi ki genyen nenpòt kanon avèk yon ouvèti ki mezire plis pase mwatye pous dyamèt
- nenpòt konbinezon pyès oubyen ki dezinye pou oubyen ki gen entansyon pou itilize nan ranje dispozitif pou konvèti yo an materyèl ki pou detwi, jan sa dekri nan de ekzanp nou bay avan yo, epi yo kapab refè lòt anjen eksplozif avèk materyèl sa yo

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09, 790.001, 790.01, 790.10, 790.115, 790.161, 806.111, 810.095**

**Kòd ensidan: WP (WPO)**

### **RÈGLEMEN 33. LÒT ENSIDAN OUBYEN ZAK DELENKAN MAJÈ/SERYE**

“Lòt Ensidan Majè” pral antre nan kad ensidan mechen illegal ki pa tonbe nan kategori lòt definisyon Rapò sou Ensidan Sekirite Anviwonman Lekòl la (SESIR) epi yo se nenpòt ensidan serye, ki nefas ki ka okazyone entèvansyon fòs de lòd e ki pat klasifye avan.

Egzanp “Lòt Ensidan Majè” yo kapab enkli jwe jwèt pou lajan, pwodui oswa itilize fo lajan, posesyon pònografik sou timoun, montre imaj grafik ki ekzibe zak seksyèl, enstriman pou pran dwòg, nenpòt ensidan vyolan, oubyen nenpòt ensidan ki okazyone blesi kòporèl.

**Otorite: F.S. 1006.07 – 1006.09**

**Kòd ensidan: OI, OS (OMC)**

### **RÈGLEMEN 34. RÈGLEMEN SOU PREZANS NAN LEKÒL YO**

#### **FILOZOFI**

Eksperyans elèv yo ap fè nan sal klas la gen yon valè moun pa ka egale e se sa ki fè nou pa ka ranplase li avèk devwa ratrapaj. Lè yon elèv absan nan klas, li pèdi entèaksyon li ta dwe fè avèk lòt elèv yo ansanm ak devlopman ide li yo a travè diskisyon. Lè yon elèv enskri nan yon klas, li pran angajman pou li patisipe nan tout sesyon klas yo. Donk, se entansyon règleman sa a pou refize elèv ki pa vle vin chita nan sal klas yo amwens ke gen yon sitiyasyon ki prezante e ki rann absans yo absoliman nesèsè.

#### **REZON**

Rezon ki fè nou vini avèk règleman sou prezans sa a se pou ankouraje elèv nan Distri nou yo pran responsablite yo epi pou yo depann de volonte pèsonèl yo pou vini chita nan tout klas yo pou aprann. Elèv yo pral an konesans enpòtans nou mete nan prezans yo nan lekòl paske kredi yo ap resevwa nan klas yo depann de prezans yo.

#### **ABSANS**

##### **A. Absans Eskize**

1. Yon maladi elèv la sibi ki dokimante sou yon nòt doktè li oubyen yon randevou medical/dan ki dokimante
2. Obsèvans yon jou konje relijye oubyen yon enstriksyon relijye ki aranje dabò jan sa defini nan [Règleman 5223 Konsèy la](#) (ofisyèl lekòl yo kapab ekzije dokimantasyon afilyasyon relijye elèv la).
3. Yon asinyasyon pou ale temwanyen nan tribinal, yon envitasyon pou parèt devan lajistis, oubyen plasma nan sant detansyon jivenil kote elèv la ap kontinye edikasyon li.

##### **B. Aktivite Lekòl ki Apwouve (pa pou yo konte kòm absans):**

1. Aktivite Akademik oubyen joune ke lekòl la òganize ki gen rapò dirèk sou rezilta ansèyman pou youn (1) oubyen plis kou
2. Lòt aktivite ke yo apwouve pou elèv yo tankou Konsèy Elèv yo, Sosyete Onè Nasyonal, reyonyon klas yo, ak konpetisyon akademik/atletik

Paran oubyen responsab legal elèv la dwe telefone lekòl la oubyen voye yon avi ekri davans bay lekòl la chak lè yon elèv ap absan pou rezon ki eskize.

### **C. Absans yo Valide**

Yo konsidere maladi sanzatann, randevou, avèk zafè ki regade fanmi yo kòm absans pou rezon ki tonbe anba règleman sou prezans yo. Yo dwe dokimante absans sa yo avèk yon nòt ke paran yo ekri voye bay lekòl la

### **D Absans yo Pa Eskize**

Absans yo pa eskize yo ap enkli ladan yo, men yo pap limite a sa sèlman, Sispansyon andeyò Lekòl la, lè timoun nan ap fè woul, lè li pa ale nan klas, ak lè li rive dis (10) minit ou plis an reta nan yon klas.

## **LISANS AK TRIBINAL POU ELÈV KI AP FÈ WOUL**

Yon elèv ki ap akimile absans eksepsyon ki pa eskize avèk/oubyen absans ki valide ka lakòz key o dezibye li kòm elèv ki “pran abitud fè woul” e sa ka vin abouti a yon ranvwa devan Tribinal pou elèv ki ap Fè Woul oubyen rekòmandasyon pou revoke lisans elèv la genyen pou kondi machin.

## **TRAVAY RATRAPAJ**

Elèv yo dwe genyen yon (1) jou lekòl pou chak jou lekòl ke yo absan pou yo ka refè devwa yo te pèdi yo san okenn penalite akademik. Se elèv la ki responsab pou aranje li pou refè devwa sa yo. Li ap resevwa yon “F” pou devwa li pa rive refè nan peryòd ki espesifye yo. Direktè a kapab pwolonje kantite tan pou refè devwa yo lè nan jijman pali gen sikonstans tanjib ki jistifye pwolonjman sa a. Sepandan, yo ap tann pou elèv yo retounen devwa ki ap dire plizyè jou pou konplete ke yo te bay avan li te absan an nan jou elèv la ap retounen lekòl la. Yo pral aplike dispozisyon sa yo nan tout nivo klas yo.

## **RETA/RANVWA BONÈ**

Li nesèsè pou ke yon elèv rete nan klas li pandan tout jounen lekòl la yon fason pou li kapab benefisye a plen tout pwogram ansèyman Distri a ap ofri yo. Sepandan, Konsèy Administrasyon an rekonèt ke de tanzantan genyen kèk sikonstans ki pa depann de volonte fanmi yo ki kapab lakòz yon elèv rive an reta lekòl oubyen soti lekòl la avan yo lage.

Yo konsidere yon elèv vini lekòl an reta lè li parèt aprè lè ke jounen lekòl la kòmanse a, oubyen lè li pa prezan nan sal klas li ta sipoze ye a lè dènye klòch ki anonse reta a ap sonnen.

Yo rekòmande pou paran yon elèv avize lekòl la davans si reta konsa ap rive e se paran elèv la ki pou kontakte lekòl la, e ke yo pral endike rezon reta a oubyen rezon ki fè timoun nan ap kite lekòl la pi bonè. Yo pral ekskize yon elèv ki vini anreta oubyen ki kite lekòl la bonè si direktè lekòl la jije ke gen yon rezon valab pou sa. Yon elèv ki pran abitud ap vini lekòl an reta ak/oubyen ki ap plede kite lekòl la bonè pral tonbe anba aksyon disiplinè administrasyon lekòl la ap pran kont li ki ap enkli men ki pa ap limite a sa sèlman sispansyon nan lekòl la, ekzije pou voye rele paran li pou yon konferans, estati Chwa Parantal ki anile, ak/oubyen ranvwa bay yon Tribinal Jistis pou timoun ki ap fè woul.

## **PWOSEDE SOU PREZANS AK PATISIPASYON**

li kapab fè nòt pou klas la. Lè yon elèv pa vini lekòl li pèdi entèaksyon ki fèt nan klas la ansanm avèk devlopman ide yo a travè diskisyon. Lè yon elèv enskri tèt li nan yon lekòl se yon angajman li pran pou li vini lekòl la chak jou. Konsa, règleman sa yo la pou ankouraje elèv la epi raple li ke li dwe vini lekòl chak jou sof si gen yon sityasyon ki ekziste e ki pèmèt yo oblije absan nesèsèman. An plis toujou, se yon devwa chak lekòl genyen pou yo founi elèv yo bon jan pwogram ki fè sans avèk bon jan motif apwopriye pou ankouraje elèv la kenbe Aktivite nan klas yo gen pwòp valè pa

yo e yo pa kapab ranplase devwa ke elèv la dwe remèt pou angajman li pran pou pouswiv edikasyon li ak pou li onore prezans li.

Se responsabilite paran an avèk elèv la pou ke elèv la vini lekòl. Tout elèv lekòl yo sipoze vini lekòl regilyèman epi yo fèt pou yo rive a lè nan klas yo yon fason pou yo kapab benefisye pwogram enstriksyonèl yo epi pou yo kapab devlope yon bon abitud pou yo toujou a lè, pou yo disipline tèt yo, ak pou yo asime responsabilite pwòp tèt pa yo.

Yon elèv ki absan san apwobasyon Direktè lekòl la osnon yon lòt otorite Dezinye dwe fè paran li rele lekòl la pou fè konnen pou kisa li absan swivan jan Kòd la dekri pou sa fèt.

Nou ap konsidere ke yon elèv ap fè woul lè li pa vini lekòl epi li pa genyen yon pèmisyon paran li oubyen lè paran oubyen responsab legal li konsanti ke timoun nan absan pou ezon ki pa nesèsè (e.g., vakans, etc.) ki pral konsidere kòm absans ki pa eskize.

## **AVI SOU ABSANS ELÈV LA**

Yo rekòmande pou Paran/Responsab yo avize lekòl la chak lè pitit yo ap absan e pou yo enfòmè lekòl la sou rezon ki jistifye absans la nan espas venkatrè (24) pa telefòn oubyen pa yon nòt ekri. Pou yon elèv kapab kalifye pou yon absans ki eskize oubyen yon absans ki valide, paran yo dwe avize lekòl la sou absans timoun li a nan espas venkatrè (24) avan dat absans la. Yon kout telefòn nan dat absans la avan 10:00 a.m. preferab. Si li pa posib pou paran an kontakte lekòl la pa telefòn, donk yo dwe bay elèv la yon nòt pote nan direksyon lekòl la nan jou elèv la ap retounen an pou ka eksplike absans la. Si ou pa avize lekòl la nan espas venkatrè (24) pa telefòn oubyen avèk yon nòt lè elèv la ap retounen lekòl, yo pap eskize absans elèv la kèlkeswa rezon absans la. Si lekòl la pa avize avan 10:00 a.m. nan jou absans la, lekòl la pral tante kontakte paran elèv la lè sa pratik e lè sa posib. Direktè lekòl la kapab pa aplike rekòmande avi pou peryòd venkatrè (24) a lè li jije genyen sikonstans valab ki jistifye desizyon li a. an plis de avi paran an, yo ekzije yon verifikasyon ekri pou ka eskize absan yo.

Lekòl la pral fè bon jan efò pou kontakte paran yo an rapò avèk [Pwosedi Administratif 5200](#) avèk Estati 1003.26 Eta Florida.

## **KREDI POU KOU NAN KLAS SEGONDÈ YO**

Kredi pou kou nan klas segondè yo ta dwe yon fonksyon pou demontre ke elèv la metrize nòm pèfòmans nan kou li ap etidye a dapre règleman ke Konsèy Administrasyon an trase yo. Nan nivo lekòl segondè yo ak pou kou nan klas segondè ke elèv ki nan klas mwayen yo ap swiv, yo ap resevwa kredi si yo pase klas la avèk yon mwayèn pou semès la e pou yo akimile PA PLIS KE KENZ (15) jou absans pou semès la. Yo pap fè okenn distenksyon ant absans eskize, valide, ak absans ki pa eskize lè yo ap kalkile absans pou kredi yo. Yo pral konsidere absans ki eskize yo avan ke yo pran yon desizyon sou moun ki pa reponn a ekzijans sou prezans yo.

## **KREDI POU KOU NAN KLAS SEGONDÈ YO – PWOSEDI POU ANTRE YO ANRETA**

Yon elèv ki pa genyen kredi pou klas segondè li paske li pat rive reponn a ekzijans sou prezans yo kapab ale an apèl nan espas dis (10) jou apati dat yo voye avi ba li pou di li ke li ap pèdi kredi yo. Yon komite ki ap konpoze avèk yon administratè, yon konseye, ak yon manb fakilte a pral revize ka kote elèv la ak/oubyen paran li te fè demand pou yo ba li kredi a. Aprè key o fin revise ka elèv la, komite a pral fè rekòmandasyon bay direktè lekòl la pou konnen si yo ap bay kredi a.

## **KREDI POU KOU NAN KLAS SEGONDÈ YO – PWOSEDI POU ANTRE KREDI AN RETA**

Elèv yo gen dwa antre lekòl ta pou yo kapab akeri konpetans ak konesans nan kou yo. Sepandan, menm lè ke elèv ka antre nan klas la, sa pa garanti ke li pral resevwa kredi pou kou akademik la.

Elèv ki antre aprè peryòd yo rele “drop-add” la ap resevwa nòt yo jan nou pral di la yo:

A. Absans ki eskize avan enskripsyon an – elèv la ka fè devwa ratrapaj yo epi yo ap korije yo.

- B. Absans ki eskize avan enskripsyon an, ot ke sispansyon andeyò lekòl yo (lè yo voye elèv la al chita lakay li) – elèv la ap resevwa yon nòt ki ap endike ke li pa pase pou devwa li pa konplete pandan ke li pat ko enskri a. Nòt pou peryòd kontwòl yo ap soti nan nòt li akimile ak travay ki fèt apati lè li antre nan klas la pou rive nan finisman period la.
- C. Yo fèt pou aplike ekzijans règleman sou prezans yo pou li ka resevwa kredi jan yo aplike sa pou nenpòt lòt elèv, avèk jou absans ke li te genyen avan yo.
  - D. Yon elèv ki enskri aprè dat yo te prevwa pou kou a kòmanse dwe patisipe nan omwen katreven dis pousan (90%) aktivite ki ap fèt nan klas la aprè dat li fin enskri a. Depi absans yo rive depase dis pousan (10%) nan nenpòt kou epi absans yo plis pase dis pousan (10%) nan tan ki rete nan kou a aprè enskripsyon oubyen transfè elèv la, yo pral avize elèv la avèkparan li ke li pap ka resevwa kredi pou kou a ak nenpòt lòt kou kote li depase limit absans la

Ou kapab li Règleman 5200 Konsèy la, sou Prezans, nan tout entegralite li sou sit entènèt sa a <https://www.boarddocs.com/fl/collier/pl/Board.nsf/goto?open&id=AQHSM96524E2>

Ou kapab li Pwosedi Administratif 5200, sou Prezans, nan tout entegralite li sou sit entènèt sa a <https://www.boarddocs.com/fl/collier/pl/Board.nsf/goto?open&id=APNM7B568091>

**NÒT:** F.S. 1003.26, 1003.27, ak 984.03(27) ekzije pou direktè chak lekòl rapòte bay Konsèy Administrasyon an chak ka kote yo dekouvri genyen elèv ki ap fè woul. Anplis de sa, yo rekòmande pou sipèentandan an rapòte bay Depatman Sikililasyon ak Veyikil a Motè non avèk lòt enfòmasyon ki pou idantifye elèv kip ran abitud ap fè woul. Lè nou di elèv ki pran abitud ap fè woul, nou vle pale de elèv ki genyen kenz (15) absans ki pa eskize nan espas katreven dis (90) jou nan kalandriye lekòl la.

**F.S. 1002.20(2), 1003.21, 1003.24, 1003.26, 1003.27**

**Kòd ensidan: CC, TX, TT**

### **RÈGLEMAN 35. KÒD SOU KONDWIT POU AKTIVITE/ATLETIK**

Konsèy Administrasyon an envite tout elèv (ki refere kòm patisipan) ki gen abilite, atitud, espri koperatif, ansanm avèk devouman pou yo reprezante byen lekòl segondè nou yo pou yo vini kandida epi pou yo patisipe nan pwogram aktivite entèskolè nou yo ak aktivite ki andyò pwogram eskolè yo. Gras a kòd sa-a, aktivite entèskolè oubyen aktivite ki andyò pwogram yo (ki gen ladan yo reyinyon de baz lekòl yo, pratik, pèfòmans, jwèt, ak konpetisyon.) aplike pou tout Asosyasyon Atletik Lekòl Segondè Florida (FHSA), lòt aktivite ke eta-a patwone ansanm avèk lòt òganizasyon ke Lekòl Piblik Collier County yo patwone nan lekòl segondè yo, ofisye, patisipan ak/oubyen manb ki ranpli kondisyon sila yo.

Se yon privilèj nou ba ou pou w patisipe nan aktivite sila yo men se pa yon dwa ou genyen. Gen yon relasyon ki ekziste ant konpòtman yon patisipan andedan ak andeyò pwopriyete lekòl la ak ekzèsis privilèj patisipan yo jwenn pou yo patisipe nan aktivite yo. Patrisipan yo reprezante lekòl yo-a ansanm avèk kamarad elèv yo.

Elèv ki ap patisipe nan aktivite entèskolè oswa aktivite ekstra genyen vizibilite ki pi wo ak pi gwo rekonesans la, yo asime wòl lidè epi yo trase bon ekzanp pou lòt etidyan parèy yo. Sa vin kreye yon devwa ak responsabilite bò kote patisipan yo pou yo kondwi tèt yo nan la dwati keseswa andedan oubyen andeyò pwopriyete lekòl la. Geyen tou yon relasyon ki ekziste ant aktivite sa yo avèk sante patisipan yo, abilite fizik ak mantal yo, konpetans ak disiplin sosyal yo. Yon patisipan ki adopte yon konpòtman apwopriye kapab kontribye nan fòme karaktè patisipan yo ak moun ki pa patisipan yo.



Nan bi pou yo kapab kenbe yon pefòmans de wo nivo nan aktivite entèskolè yo oubyen aktivite ki andeyò pwogram lekòl yo, yo ekzije pou tout kandida yo obeyi avèk règleman ki an vigè nan *Kòd Kondwit sou Aktivite/Atletik* yo. Sepandan, antrenè yo, direktè mizik yo ansanm ak moun ki patwone klèb/klas yo dwe itilize jijman ak otorite yo pou yo devye sou *Kòd Kondwit sou Aktivite/Atletik* yo sèlman pou yo kapab tabli kèk pratik an plis ak règleman pou aktivite yo ap mennen yo ki mande plis efò e ki gen plis restriksyon pase lòt aktivite ki te deja an pratik yo, si yo konsistan avèk filozofi Kòd sa a. Kalite pratik ak règleman estanda sa yo dwe revize e apwouve pa Koòdinatè Aktivite yo avèk Direktè a pou wè si yo apwopriye epi yo dwe kominike yo klèman pa ekri bay tout patisipan yo ansanm avèk paran yo avan pou yo kòmanse aktivite a, epi avan ke yo tanmen aplike yo sou yon patisipan nan yon seri sikonstans espesyal.

Li enpòtan pou ke patisipan-an konprann ke yo fèt pou yo adere a règleman sila yo pou tout tan ke yo ap patisipe nan aktivite entèskolè yo oubyen aktivite ki an deyò pwogram lekòl yo atravè karyè patisipan ki nan lekòl segondè yo. Aprè ke yon patisipan fin angaje nan premye patisipasyon li nan yon aktivite ki an deyò pwogram regilye lekòl la, si li fè kèk move zak nenpòt lè a keseswa nan lekòl la oubyen andeyò lekòl la, 365 jou nan yon ane, li pral tonbe anba sanksyon ki prevwa nan kòd la. Li enpòtan pou ke patisipan-an ansanm avèk paran li konprann ke patisipasyon li nan aktivite sa yo se yon privilèj, se pa yon dwa, epi li pa gen anyen pou-l wè nan sa yo ekzije pou gradyasyon li. Patrisipan ki kwè yo pap kapab koube a gid ki genyen nan Kòd yo dwe pran desizyon pou yo pa patisipe nan pwogram entèskolè yo ak aktivite ki andeyò pwogram lekòl yo. Se nan ide sa a ke nou ekzòte patisipan yo pou yo adopte yon karaktè ekzanplè. Patrisipan yo pwomèt pou yo sipòte ak tout fòs yo *Kòd Kondwit Aktivite/Atletik* yo epi yo dakò pou yo obeyi lwa ak atik ki nan Kòd sa-a, lè yo ap patisipe nan youn oubyen plis nan aktivite entèskolè yo osnon aktivite ki pa nan pwogram lekòl la ke Kòd sa a kouvri.

Nan yon sitiyasyon kote yon patisipan refize koube a règleman yo, antrenè-a, direktè mizik la, oubyen lòt moun ki patwone evenman-an pral entèprete konpòtman patisipan sa-a kòm yon endikasyon kòm kwa li pa manifeste enterè pou li patisipe nan pwogram entèskolè ak aktivite ki andeyò pwogram nòmal lekòl la. Si li pa vle koube a Kòd yo, sa kapab lakoz yo sispann li oubyen mete li deyò nèt nan aktivite nou t-ap pale pi wo yo.

Yo pra-l distribye epi diskite kopi *Kòd Kondwit Aktivite/Atletik* Lekòl Piblik Collier County yo ak tout patisipan etidyan yo nan lekòl ke yo ye-a ak nan kòmansman chak peryòd aktivite osnon chak ane lekòl, oubyen nan moman kote yon etidyan ap transfere nan yon Lekòl Piblik nan Collier County-a. Paran yo pral resevwa envitasyon pou yo vini patisipe nan reyinyon aktivite yo pou yo kapab jwenn enfòmasyon epi diskite Kòd la.

## **A. EKZIJANS POU PREZANS**

1. Patrisipan nan aktivite entèskolè yo ak lòt aktivite yo dwe rete lekòl la pou tout lè ki pwograme yo pou yo ka kalifye pou patisipe nan konpetisyon yo epi/oubyen bay pefòmans yo nan aktivite yo pou jou sa-a epi yo dwe vini lekòl a lè nan demen si yo vle patisipe nan lòt evenman osnon aktivite ki ap vini apre yo. Eksepsyon pou ekzijans sa-a sipoze klè A LAVANS bò kote kowòdonatè aktivite yo aprè ke li fin chita pale avèk direktè lekòl la.
2. Se sèlman elèv ki pa kouraman sispann nan aktivite entèskolè oubyen aktivite entraskolè ekstra, oubyen sispann oswa yo mete li deyò nan lekòl la, swivan pouvwa la lwa bay yon konsèy administrasyon distri eskolè pou sispann oswa ekspilse elèv, ki enkli F.S. 1006.07, 1006.08, ak 1006.09, kalifye pou patisipe nan aktivite entèskolè ak aktivite entraskolè ekstra.
3. Yon elèv gen dwa pa patisipe nan yon disiplin espòtif si elèv la te patisipe nan menm disiplin espòtif sa a nan yon lòt lekòl pandan ane eskolè sa a, amwens ke elèv la reponn a kritè ki nan F.S. 1006.15(3)(h).
4. Abilite yon elèv pou patisipe na nenpòt aktivite entèskolè oubyen aktivite entraskolè ekstra gen dwa pa afekte pa okenn vyolasyon pou rekwite jiskaske dispozisyon final alegasyon an swivan F.S. 1006.20(2)(b).

5. Elèv ki patisipe nan aktivite entèskolè avèk aktivite entraskolè ekstra pou, men ki pa enskri nan, yon lekòl piblik swivan F.S. 1006.15(3)(c)-(e) ak (8), sijè a Kòd Kondwit Elèv ki nan Konsèy administrasyon an pou rezon ki limite nan etabli ak mentni kalifikasyon elèv la pou patisipe nan lekòl la.
6. Pwovizyon lwa ki nan sou seksyon sa a aplike pou aktivite entèskolè avèk aktivite entraskolè ekstra ke lekòl semi-prive ak lekòl prive ap ekzekite, jan sa aplikab, eksepte ke konsèy gouvènans lekòl semi-prive yo, oubyen otorite ekivalan lekòl prive, responsab pou otorite ak responsabilite ke konsèy administrasyon distri lekòl yo ap founi.

## **B. 2.0 ENFÒMASYON SOU EKZIJANS POU MWAYÈN JENERAL 2.0 A ANSANM AVÈK KRITÈ POU MANB YO AK PÈFÒMANS POU AKTIVITE ENTÈSKOLÈ YO AK AKTIVITE EKSTRA NAN LEKÒL YO**

1. Pa gen apèl pou elèv ki pa fè mwayèn jeneral G.P.A. 2.0 a ki se yon ekzijans akademik yo dwe konble pou semès ki vini avan-an jan ke FHSAA fè konnen sa ansanm avèk Lekòl Piblik Collier County yo nan sa ki konsène ekzijans kou pou gradiyasyon yo.
2. Yo sipoze konprann pi devan ke antrenè yo, direktè mizik yo, ansanm avèk moun ki ap patwone klèb/klas yo pral kanpe kòm sèl jij manb ak pèfòmans kandida yo; epi si, oubyen nan ki nivo, yo ap patisipe.

## **C. KONSEKANS POU ITILIZASYON/ABI SIBSTANS**

**NÒT:** Fòk yo enpoze konsekans pou vyolasyon kòd yo ka sèvi keseswa laj elèv I, e menmsi vyolasyon yo rive andeyò sezon aktif patisipan an. Si pa gen okenn aktivite kote elèv la te ka patisipe ki pwograme pou moman Kòd administrasyon an, patisipan an pap kalifye pou premye jou kalandriye a epi/oswa kontès yo, jan kòd vyolasyon espesifik la detèmine sa, oubyen pwochen aktivite regilye ki pwograme a kote patisipan an ta dwe patisipe.

### **1. TABAK/VAPE (egzanp, Juuls, siga, sigarèt)**

Yon patisipan ki ap itilize epi/oubyen ki posede nenpòt pwodwi ki fèt ak tabak, kèlkeswa laj yo, ap konsidere kòm moun ki an vyolasyon a Kòd Kondwit la. Si yon moun vyole Kòd Kondwit la poutèt yo jwenn li ap itilize pwodwi ki fèt ak tabak, men ki kalite konsekans li ap sibi:

- a. **PREMYE OFANS**– Yon patisipan ki komèt yon premye ofans pap kalifye pou patisipe nan okenn aktivite pou katòz (14) pwochen jou ki nan kalandriye aktivite yo aprè ke yo fin pran desizyon administratif yo. Premye ofans la pa okazyone yon sispansyon nan antrenman yo. (Sispansyon nan aktivite atletik yo enkli yon sispansyon pou yon (1) konpetisyon).
  - b. **DEZYÈM OFANS**– Yon patisipan ki komèt yon dezyèm ofans pap kalifye pou patisipe nan okenn aktivite pou vente-en (21) pwochen jou ki nan kalandriye aktivite yo aprè ke yo fin pran desizyon administratif yo. Anplis de sa, yon dezyèm ofans ap trennen dèyè li yon sispansyon pou yon minimòm twa (3) konpetisyon. Dezyèm ofans lan genyen akonpanye li yon sispansyon sou pratik.
  - c. **TWAZYÈM OFANS** – Yon patisipan ki komèt yon twazyèm ofans pap kalifye pou li patisipe nan okenn aktivite entèskolè ak aktivite ki andeyò pwogram lekòl la pandan yon kalandriye ane lekòl soti nan dat ke yo te pran aksyon administratif la.
- 2. "AN ASOSYASYON AVEK" BWASON NAKOTIK, BWASON KI GEN ALKÒL LADAN YO AVÈK ITILIZASYON LÒT DWÒG KI ILEGAL POU OGMANTE PEFOMANS**
- \* Yo define yon dwòg ki ogmante pèfòmans moun kòm yon medikaman oubyen vitamin yo itilize pou elanse pèfòmans atletik, pou kouri dèyè fatig ak/oubyen pou ogmante aparans fizik yo.
- \*Yon patisipan ki twouve li "an asosyasyon avèk" alkòl ak/oubyen lòt sibstans ki kontwole pral tonbe an vyolasyon avèk **Kòd Kondwit Aktivite/Atletik la**. "An asosyasyon avèk" nan

ka sa-a defini kòm, "nenpòt patisipan ki ta prezan nan yon zòn kote moun ap itilize yon fason ilegal alkòl ansanm avèk lòt sibstans ki kontwole epi ki te konnen osnon ki te gen yon kwayans rezonab ke yo tap al itilize bagay sa yo, oubyen ki, san li pat konnen sa ta pral fèt avan, men lè li vin dekouvri ke gen zak ilegal ki ap fèt, li deside rete nan zòn nan kan menm."

- a. **PREMYE OFANS** – Yon patisipan ki komèt yon premye ofans pap kalifye pou li patisipe nan okenn aktivite pou sèt (7) pwochen jou ki nan kalandriye aktivite yo aprè ke yo fin pran desizyon administratif yo. Premye ofans la pa okazyone yon sispansyon nan antrenman yo.
  - b. **DEZYÈM OFANS** – Yon patisipan ki komèt yon dezyèm ofans pap kalifye pou patisipe nan okenn aktivite pou katòz (14) pwochen jou ki nan kalandriye aktivite yo aprè ke yo fin pran desizyon administratif yo. An plis de sa, yon dezyèm ofans ap trennen dèyè li yon sispansyon pou yon minimòm de (2) konpetisyon. Dezyèm ofans lan akonpanye yon sispansyon sou Pratik.
  - c. **TWAZYÈM OFANS** – Yon patisipan ki komèt yon twazyèm ofans pap kalifye pou li patisipe nan okenn aktivite entèskolè ak aktivite ki an deyò pwogram lekòl la pandan yon ane lekòl soti nan dat ke yo te pran aksyon administrasyon an.
3. **POSESYON AK/OUBYEN KONSOMASYON DWÒG KI KONFIME POU OGMANTE PÈFÒMANS, NAKOTIK, BWASON ALKOLIZE ANSANM AK ITILIZASYON LÒT DWÒG ILEGAL AK ATIRAY DWÒG.**

Yon patisipan ke yo konfime ki ap konsome ak/oubyen ki posede nenpòt dwòg pou ogmante pèfòmans li, bwason ki gen alkòl oubyen lòt dwòg ilegal, pral tonbe anba vyolasyon *Kòd Kondwit Aktivite/Atletik* la. Si gen yon vyolasyon Kòd la ki fèt akòz konsomasyon ak/oubyen posesyon yon dwòg pou ogmante pèfòmans, alkòl oubyen dwòg ilegal, alò konsekans sila yo pral antre an aplikasyon:

- a. **PREMYE OFANS** – Yon patisipan ki komèt yon premye ofans, anba seksyon sa-a, li pap kalifye pou anyen apati moman desizyon administratif la pran epi sanksyon yo ap pati konsa:  
Vente-en (21) jou nan kalandriye a, ak yon sispansyon pou yon minimòm twa (3) konpetisyon. Premye ofans lan akonpanye yon sispansyon sou pratik.
  - b. **DEZYÈM OFANS** – Yon patisipan ki komèt yon dezyèm ofans, anba seksyon sa a, li pap kalifye pou anyen apati moman desizyon administratif la pran epi sanksyon yo ap pati konsa:  
Trant senk (35) jou nan kalandriye a, ak yon sispansyon pou yon minimòm senk (5) konpetisyon. Dezyèm ofans lan akonpanye yon sispansyon sou pratik.
  - c. **TWAZYÈM OFANS** – Yon elèv ki komèt yon twazyèm ofans pap kalifye pou li patisipe nan okenn aktivite entèskolè ak aktivite ki an deyò pwogram lekòl la pandan yon ane lekòl soti nan dat yo te pran aksyon administratif la. Pou li kapab rejwenn kalifikasyon li, elèv la dwe reponn a ekzijans règleman ki enskri nan seksyon sa a. Anplis de kondisyon yo, yo enkli men yo pa limite a sa sèlman yon pouswiv pouf è tès dwòg ak/oubyen yon kontra sou konpòtman, dwe yon pre-reki tou pou re-enstitisyon, swivan desizyon pèsònèl Dirktè a.
4. **TÈS DWÒG O-AZA POU ELEV YO**
- a. Seksyon sa a aplike sèlman pou elèv ki ap patisipe nan yon disipin espòtif ak/oubyen cheerleading ke FHSAA patwone: Partisipan ki angaje yo nan aktivite sa yo dwe dakò pou yo sibi tès dwòg o-aza, san ke yo pa avèti yo avan, Kèlke swa lè administratè yo rele li pou vin fè tès la. Patisipan an ak paran li dwe siyen yon fòm ki di ke yo konsanti pou sa fèt avan menm ke yo otorize patisipasyon elèv la sou kèlkeswa fason an. Pwogram pou fè tès o-aza yo ap fèt swivan règleman otorite konsèy administrasyon an, e yo pral fè tout efò ki posib pou pwoteje vi prive ak konfidansyalite elèv yo. Yo ap konsidere rezilta pozitif yon tès yo fè o-aza kòm ase evidans vyolasyon seksyon III. C.

kòd kondwit Aktivite / Atletik yo, e yo pral aflije konsekans yo an akò avèk seksyon III.  
C. *Kòd Kondwit Aktivite / Atletik yo.*

- b. Si yo detèmine (nan moman ke li ap bay espesimen pou teste nan laboratwa a) ke elèv la delibereman melanje oubyen kontamine espesimen la nan kèlkeswa fason an, oubyen lit a tante itilize yon ajan pou maske espesimen la, yo pral enfòmè elèv la ke yo ap sispann li nan tout aktivite entèskolè oubyen aktivite ki andeyò pratik regilye lekòl la ki kouvri anba règleman sa a pou yon (1) kalandriye ane lekòl apati dat yo avize li a. Pou yon elèv ka retounen jwenn kalifikasyon li ankò lid we stisfè rekòmandasyon yo fè nan seksyon C.3. règleman sa a tou
- c. Si yon elèv refize soumèt a yon tès dwòg lè yo mande li sa, aprè li te fin soumèt yon fòm konsantman pou ekzekite tès la, yo pral enfòmè elèv sa-a ke yo pral sispann li nan tout aktivite entèskolè yo oubyen aktivite ekstra nan lekòl yo ki anba règleman sa-a pandan yon (1) lane apati dat notifikasyon an. Yo pral mande pou elèv la siyen yon fòm ki endike ke li refize sibi yon tès epi li konnen ki konsekans sa ap trennen deyè li. Pou elèv la ka retounen jwenn kalifikasyon li ankò, fò li satisfè tout ekzijans ki tabli nan Seksyon E. règleman sa a tou.
- d. Lè yon elèv vyole règleman sa a, jan sa dekri nan seksyon sa a (Tès Dwòg O-Aza) retounen jwenn kalifikasyon li ankò, elèv atlèt la pral sibi lòt tès dwòg, nan lè ke yo pap al anonse elèv atlèt sa a avan. Elèv atlèt la pral sibi lòt tès dwòg yo pandan yon peryòd ki ap dire jiska yon (1) lane apati dat reenstitisyon an pou yon kalifikasyon an plen.

#### D. MOVE KONDUIT JENERAL

Lè yo ap pran desizyon konsènan move kondwit ki jeneral, li enpòtan pou pwofesyonèl nou yo mete aksan sou patisipan yo ki kenbe yon nivo konpòtman ki wo anpil pandan tout tan pou fè konnen ke se yon bagay ki gen yon enpòtans kapital e ke bi ki apwopriye pou nou yo "se pa pou ekip yo ranpòte la viktw a nenpòt pri". Sa ki enpòtan se kenbe e demontre yon bon jan konpòtman fizik, moral ak yon konpòtman etik osi byen ke yon angajman pou valè konpetisyon espòtif yo ak sitwayènte ki se mesaj ki pi fò nou kapab transmèt bay patisipan yo pandan ke yo ap patisipe nan pwogram entèskolè yo ak aktivite ki pa nan pwogram nòmal lekòl la.

1. Direktè lekòl la pral sispann yon patisipan pou vyolasyon ki konsidere kòm aktivite ki ap tèn imaj wo nivo ki ap pwone pou pwogram entèskolè yo ak aktivite ki andeyò pwogram nòmal lekòl la. Vyolasyon sa yo kapab enkli ladan yon move aksyon ki anrejistre andedan osnon andyò pwopriyete lekòl la, men yo pa limite a sa sèlman, yon zak ki kapab konsidere kòm yon deli (apa de yon kontravansyon trafik ki minè) oubyen yon krim ki grav anba la lwa Eta Florid la, vyolasyon Kòd la, konpòtman dezagreman, vyolasyon règleman patikilye manb eta-a osnon manb lokal la (ekzanp., pa respekte lè yo bay pou manb ekip yo pa rete nan lari, rive an reta nan reyinyon yo, nan antrenman yo, oubyen nan konpetisyon yo), mank respè jeneral anvè antrenè, patwon, pwofesè yo, jwè yo oubyen fanatik yo ak kondwit ki pa gen rapò ak espò nan ekip la oubyen nan pwogram nan. Antrenè, patwon, oubyen direktè mizik la pral rapòte, sito ke posib, pa ekri bay kowòdonatè aktivite yo, direktè-a ansanm avèk paran yo vyolasyon-an(yo) ak rezon(yo) ki fè yo pwopoze sispansyon-an ak/oubyen pou patisipan-an pèdi nan aktivite yo. Sispansyon anba kategori sa-a kapab a la fwa pou pratik ak/oubyen konpetisyon. Longè sispansyon-an ta dwe aplike yon fason jis e li ta dwe koresponn avèk vyolasyon-an(yo). Direktè-a kapab **refize** sispansyon ke yon antrenè, patwon, direktè mizik oubyen yon kowòdonatè aktivite enflije si li jije ke vyolasyon ki komèt la pa sifi oubyen li pa apwopriye.
2. Nenpòt patisipan ke nenpòt otorite polis federal, eta oubyen lokal arete oubyen mete an detansyon pou yon ofans grav, oubyen pou yon bagay mal, si patisipan an se yon moun ki kapab responsab tèt li, ki kapab konsidere kòm yon ofans grav, yo ap sispann ni nan tout aktivite yo (san konte konpetisyon ak antrenman yo) jiskaske gen yo detèminasyon final ki soti sou akizasyon-an(yo) ak desizyon yon jij. Si, aprè konsiltasyon avèk konseye legal distri a, biwo komisè gouvènman eta a endike ke yo pral rejte oubyen redwi a yon degre ki

pi lejè akizasyon pou krim, oubyen pou sa yo ta ka konsidere kòm krim nan si patisipan an se te yon adilt, yo kapab re-entegre elèv la sou kondisyon. Si yon jij rekonèt ke yon patisipan koupab, oubyen li te komèt yon deli grav, oubyen nan moman kote yo rekonèt ke li koupab oubyen li komèt yon deli grav, patisipan-an, tou depan de akizasyon-an(yo), kapab sispann nan tout aktivite yo yon fason pèmanan pou rès ane lekòl la oubyen pou rès peryòd aktivite ki nan lekòl li-a ki enplike patisipasyon li oubyen karyè li.

3. Yo pral refere nenpòt elèv ke yo ekspilse nan konpetisyon atletik bay sèvis sante mantal jan ke Distri a idantifye sa.

### **PENALITE KI ANPILE/VYOLASYON KI MILTIPLIYE**

Si genyen nenpòt vyolasyon sou *Kòd Kondwit Aktivite/Atletik* la ki fèt nan finisman oubyen prèske nan finisman yon peryòd aktivite an patikilye (tankou sezon espò yo) patisipan ki komèt vyolasyon-an pap kalifye pou patisipe nan aktivite yo pou menm peryòd tan sa-a jan sa mansyone pi wo-a nan pwochèn aktivite kote patisipan-an ta dwe enplike, menm si aktivite sa-a pa rive fèt pous jis nan lòt ane lekòl ki ap vini an.

1. Pasaj ki pale sou penalite yo ap aplike de lekòl an lekòl nan ka kote yon patisipan ta soti oubyen transfere pou ale nan yon lòt lekòl ki nan distri nou an.
2. Si yon patisipan enplike nan yon ensidan kote gen plizyè vyolasyon ki rive nan plis pase yon kategori, yo pral trete chak vyolasyon sa yo epi penalite yo pral anpile. Yo pral konsidere ensidan an kòm yon (1) vyolasyon Kòd.
3. Yon elèv ke yo detèmine ki vyole Kòd la nan twa okazyon separe pandan karyè lekòl segondè li (nenpòt konbinezon nan Seksyon III, (A), (B), (C), (D), oubyen Seksyon IV, (A), (B), pap kalifye pou patisipe nan nenpòt aktivite entèskolè oubyen aktivite ki pa nan pwogram regilye lekòl la pou yon ane nan kalandriye lekòl la. Se direktè lekòl la ki pral detèmine si li posib pou re-entegre elèv la pou li patisipe an plen nan aktivite yo lè sispansyon an tèmine nan fen ane a.

### **E. EVALIYASYON/PREVANSYON/ENTEVANSYON**

Apa de sispansyon ki pi wo yo, pou yon patisipan kapab rejwenn elijibilite li, patisipan an dwe fè yon evaliyasyon inisyal nan *David Lawrence Center* oubyen lòt antite ke paran li chwazi pou nenpòt vyolasyon ki gen rapò ak seksyon ki pi ba yo:

- C.3.a. – itilizasyon ilegal, konsomasyon ak/oubyen posesyon yon dwòg ki pou ogmante pèfòmans, alkòl, sibstans kontwole/dwòg/materyèl pou pran dwòg (Premye Ofans),
- C.3.b. – itilizasyon ilegal, konsomasyon ak/oubyen posesyon yon dwòg ki pou ogmante pèfòmans, alkòl, sibstans kontwole/dwòg/materyèl pou pran dwòg (Dezyèm Ofans) ak
- Seksyon 4. Tès Dwòg O-aza.

Fasilite Altènatif pou evaliyasyon inisyal sa a dwe pre-apwouve pa Depatman Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis Sipò pou Elèv (377-0521). Yo ap fè yon evaliyasyon nan Sant David Lawrence la epi ou dwe fè aranjman pou sa lè ou sone Timoun DLC Pasyan Deyò/Sèvis Evakliyasyon yon an 239-455-8500. Rapò evaliyasyon an kapab enkli yon rekòmandasyon ki pou pwouve ke elèv la enskri epi konplete avèk siksè yon pwogram Prevansyon, Entèkansyon, oubyen pwogram edikasyon sibstans oswa tretman ki menm jan avèk li.

Yon elèv yo jwenn ki an vyolasyon anba Seksyon III. C. (1) Premye Ofans kapab otorize pou retounen patisipe aktivman SI li enskri aktivman nan aktivite prevansyon oubyen entèkansyon yo rekòmande yo, epi dokiman yo prevwa ke li rete enskri aktivman ladan yo.

Yon elèv yo jwenn ki an vyolasyon anba Seksyon C.3, KONFIMASYON POSESYON AK/OUBYEN KONSOMASYON DWÒG KI POU OGMANTE PÈFÒMANS, NAKOTIK, BWASON KI GENYEN ALKÒL AK ITILIZASYON LÒT DWÒG ILEGAL AK MATERYÈL POU PRAN DWÒG, Dezyèm ak Twazyèm Ofans, ansanm ak C.4 Tès Dwòg O-aza, dwe enskri epi konplete tout aktivite yo rekòmande yo avan pou kalifikasyon li re-entite.

Elèv yo dwe konplete nenpòt pwogram yo preskri li nan Sant David Lawrence la (239-455-8500) amwens ke gen yon apwobasyon davans ki soti bò kote Biwo Sipèvizè Atletik entèskolè yo pou konplete yon pwogram ki konparab nan yon lòt andwa AODA ki sètifye oubyen nan men yon pwofesyonèl abi sibstans ki lisansye. Paran yo responsab pou peye tout kòb ki asyosye avèk pwogram sa yo li ap konplete a.

Gen yon dokiman ki pote tit Abi Sibstans Evaliyasyon ak Rekòmandasyon ki disponib nan Biwo Aktivite ki nan chak lekòl yo. Elèv yo pral soumèt fòm sa a lè yo ap prezante pou evaliyasyon an.

Sant David Lawrence la oubyen yon lòt andwa ke Sipèvizè Atletik Entèskolè a apwouve davans, pral anrejistre jan yo aplike ak konplete rekòmandasyon rapò evaliyasyon yo, ki ap enkli fason yo konplete nenpòt pwogram yo ekzije yo. Sou demand elèv la ak youn nan paran li yo, Andwa kote elèv la sibi tretman an dwe voye yon Sètifika ki pwouve ke li konplete pwogram nan ki ap endike ke li rive satisfè tout ekzijans ki te genyen nan pwogram nan bay Koòdonatè Aktivite yo ansanm avèk Evaliyasyon ak Rekòmandasyon Abi Sibstans Evaliyasyon yo. Yo pral sispann patisipan an endefiniman jiskaske li satisfè ekzijans sa yo.

### **Resous pou ede avèk pwoblèm dwòg ak alkòl:**

Alanon/Alateen/Alcoholics Anonymous		239-263-5907
David Lawrence Mental Health Center	6075 Golden Gate Pkwy	239-455-8500
Narcotics Anonymous 24-Hour Club	475 Seagate Drive	239-597-3232

## **F. PWOSE EKITAB AK DWA POU ALE AN APÈL**

### **1. Pwosè Ekitab**

- Après rapò inisyal la, patisipan an, paran li yo, antrenè a, direktè osnon patwon mizik la, ansanm avèk direktè lekòl la pral resevwa yon notifikasyon sito ke posib nan men Koòdonatè Aktivite yo pou fè yo konnen ke gen yon patisipan ki komèt yon vyolasyon kont *Kòd Kondwit Aktivite/Atletik* la. Koòdonatè Aktivite yo pral òganize yon premye chita tandè enfòmèl tou kout, avèk endividi konsène yo, yon fason pou li kapab ranmase enfòmasyon avan pou li tandè yon aksyon administratif. Nan chita tandè sa a, yo pral enfòmè patisipan an epi yo ap ba li yon rezime tou kout sou fè ki sipòte zak li komèt la(yo) epi patisipan-an ap genyen opòtinite pou li refize plent la ak pou li defann tèt li epi pou li eksplike kòman istwa-a te pase nan fason pa li. Lè yon premye tès dwòg yo fè pou yon elèv revele yon rezilta pozitif paske yo jwenn youn oubyen plizyè sibstans sispèk nan san san li, epi MRO (Ofisye Revizyon Medikal, yon doktè lisansye ke distri a anplwaye pou sa) konfime rezilta-a, paran/elèv yo kapab mande pou yon laboratwa ke yo chwazi analize espesimen “B” tès la e ke pou yo voye espesimen “B” a nan laboratwa ki sètifye yo chwazi pou pèfòmè tès dwòg sou espesimen nan. Si rezilta tès dwòg laboratwa sa-a revele pozitif, yo pa ka ale an apèl avèk konklizyon sa a.
- Si pandan chita tandè inisyal la, Koòdonatè Aktivite yo detèmine gen vyolasyon ki te komèt kont *Kòd Kondwit Aktivite/Atletik* la, yo pral pran sanksyon administratif ki gen rapò ak sa Kòd la di an konfòmite avèk dwa elèv la genyen pou resevwa yon Pwosè Ekitab ak Dwa pou li Ale an Apèl, jan sa mansyone nan règleman sa a.
- Paran an(yo) ak patisipan an pral resevwa yon mesaj pa ekri ki ap anonse yo vyolasyon ki komèt la(yo) kont *Kòd Kondwit Aktivite/Atletik* la epi ak desizyon, kondisyon, penalite osnon aksyon ki pral enpoze yo.

### **2. Dwa pou ale an Apèl**

- Paran an(yo) ak patisipan an ap gen dwa pou yo ale an apèl si yo pa dakò ak desizyon Koòdonatè Aktivite yo rapòte bay Direktè lekòl la. Demand pou ale an apèl la dwebaze sou nouvo oswa lòt enfòmasyon aplis epi ki soumèt pa ekri bay direktè-a nan espas senk (5) jou nan kalandriye lekòl la aprè desizyon orijinal la. Si yo bay nouvo enfòmasyon oswa lòt enfòmasyon anplis, yo pral kontinye apèl la

- b. Si apèl la ap pouswiv pandan yon tan, si li kontinye pou yon espas senk (5) jou aprè yo te fin resevwa anons apèl la, direktè-a pral òganize yon reyinyon administratif sou vyolasyon ki te komèt la.
- c. Desizyon Direktè a, an konsiltasyon avèk Asosye Sipèentandan pou Operasyon Lekòl e Distri a, konsènan jijman administratif la ap vin tounen yon desizyon final e dosye a ap fèmen.

## **G. TRANZISYON ELÈV POU SOTI NAN PWOGRAM ALTÈNATIF YO**

Konsèy Administrasyon an rekonèt ke yon seri pwogram altènatif ki ap pran pye nan bi pou yo kapab entèvni kote disiplin espesifik oubyen kondwit kriminel yo fè santi bezwen yo. Fòk nou rekonèt tou ke kominote-a an antye gen enterè pou yo sipòte etidyan yo ki konplete avèk siksè yon pwogram konsa nan founi etidyan yo opòtinite pou yo kalifye pou patisipe nan aktivite entèskolè yo ak aktivite ki pa nan pwogram lekòl la. Yon elèv ki konplete ekzijans yo avèk siksè ak/oubyen ki gradye nan Pwogram Altènatif nou yo osnon lòt pwogram ki sètifye pa eta-a, epi ki jwenn rekòmandasyon pou li retounen nan Lekòl Piblik Collier County a, pral jwenn opòtinite pou li patisipe nan menm aktivite sa yo depi ke elèv la reponn a tout ekzijans akademik yo ki soti ala fwa nan Lekòl Piblik Collier County yo ansanm ak nan FHSAA. Elèv yo ki konplete avèk siksè yon pwogram altènatif pap tonbe anba sanksyon ki gen rapò ak aktivite kriminel oubyen vyolasyon Kòd Kondwit la ki te fèt avan yo te enskri nan pwogram altènatif la, kote se akòz move kondwit ki fè li te al enskri nan pwogram sa a. Sepandan, gen kondisyon ki dwe tabli pa ekri e ki dwe jwenn akò nan mitan administratè pwogram altènatif eta a osnon lokal la ansanm avèk antrenè ki apwopriye a, konseye a, patwon an, direktè mizik la, kowòdonatè aktivite yo ansanm ak Direktè a avan pou yo dakò pou elèv la rejwenn privilèj pou li patisipe nan aktivite yo. Si a nenpòt ki moman pandan peryòd aktivite yo osnon pandan sezon-an, gen yon vyolasyon nan kondisyon sa yo ki komèt, patisipan-an pral tonbe anba sanksyon ki konsistan avèk *Kòd Kondwit Aktivite/Atletik* la.

### **RÈGLEMAN 36. EKZIJANS 2.0 G.P.A. KIMILATIF POU PATISIPE NAN AKTIVITE ENTÈ-ESKOLÈ YO AK AKTIVITE KI PA NAN PWOGRAM REGILYE LEKÒL LA: F.S. 1006.15**

Nou mete aktivite entè-eskolè yo ansanm ak aktivite ki pa nan pwogram lekòl yo sou pye nan bi pou nou kore pwogram regilye lekòl la ak pou nou founi elèv yo yon seri opòtinite ki rich. Malgre nou rekonèt ke aktivite entèskolè yo oubyen aktivite ki andyò pwogram regilye lekòl la enpòtan anpil pou kwasans ak devlopman chak elèv, yo dwe rekonèt ke aktivite sa yo pa lòt bagay ke yon seri aktivite sou kote ki gen pou misyon ede yo aprann pi byen ak metrize konpetans de baz yo ki ofri nan pwogram regilye lekòl la. Ogmantasyon ekzijans pou gradiyasyon yo, pou antre nan inivèsite yo, ak ekzijans kalifikasyon pou bous detid inivèsite yo endike kòman kominote a mete aksan pou timoun yo ogmante pèfòmans yo, yo sipoze aplike ekzijans kalifikasyon nou pral bay la yo pou elèv yo kapab patisipe nan tout aktivite entèskolè yo ak aktivite ki andeyò pwogram regilye lekòl yo ki enkli ladan yo aktivite atletik, konsèy konsiltatif pou elèv yo, sosyete pou elèv ki fè gwo nòt yo, fanfa, koral, òkès, deba, klèb aktivite teyat ak konpetisyon.

Anplis de sa, ekzijans sou kalifikasyon FHSAA ke nou pral bay la yo ansanm avèk règleman lokal yo, sipoze yon ekzijans pou yon moun kalifye pou aktivite entèskolè yo ak aktivite anplis yo.

#### **Ekzijans pou Kalifikasyon Akademik**

- a. Yon elèv ki pase pou klas nevyèm ane e ki ap antre nan klas nevyèm ane a kalifye pou premye tèm/semès la.  
**NÒT:** Yo defini yon tèm/semès kòm mwayèn ane lekòl la apwoksimativman 18 semèn lekòl oubyen 90 jou lekòl.
- b. Tout elèv sipoze genyen yon mwayèn kimilatif nan high school ki egal a 2.0 GPA osnon pi wo sou mwayèn total 4.0 a, oubyen ki egal ak mwayèn sa a, nan tout kou ke yo pran yo, swivan F.S. 1003.4282 ak 1003.4295, nan finisman chak semès yo kapab kalifye pandan tèm/semès

ki ap vini an. Yo ap bay yon peryòd sèt (7) jou nan kalandriye lekòl la aprè dènye jou chak tèm/semès pou detèmine yon kalifikasyon akademik pou tèm/semès ki ap dewoule a.

Yon elèv ki pa kalifye pandan dezyèm semès nana ne li nan klas nevyèm ane a oubyen pandan premye semès nan ane li nan klas 10èm ane a paske mwayèn kimilatif elèv la nan klas segondè yo tonbe anba 2.0 nan finisman semès avan an e mwayèn la kontinye rete anba 2.0 nan finisman semès ke li pa kalifye a, kapab rejwenn kalifikasyon li pou semès ki ap vini an

1. Elèv la siyen yon kontra sou pèfòmans akademik avèk lekòl li a nan kòmansman semès ke li pa kalifye a kote li endike ke, omwen, ke li pral vini nan pwogram kou dete yo, EPI
  2. Li genyen yon mwayèn ki egal a 2.0 oubyen pi wo sou echèl mwayèn ki egal a 4.0, oswa yon ekivalan li, nan tout kou ke li sibi pandan smès ke li pate kalifye a.
  3. Yon fwa ke yon elèv antre nan klas 11èm ane, e apre sa, fòk li kontinye mentni yon mwayèn kimilatif ki egal a 2.0 oubyen pi wo sou echèl mwayèn ki egal a 4.0 a, oswa ekivalan li, nan tout kou li ap pran ke F.S. 1003.4282 ak 1003.4295 ekzije, nan finisman chak semès pou yo ka kalifye pou lòt semès ki ap vini an.
- c. Tout elèv fèt pou yo adopte yon kondwit ki satisfèzan, epi patisipasyon nenpòt etidyan nan aktivite ki andeyò pwogram lekòl la osnon aktivite entèskolè yo ke yo twouve ki koupab osnon ki komèt yon krim grav oubyen yon zak delenkan ki ta kapab yon krim grav si se yon granmoun kite fè li, keseswa yo kenbe jijman kont li, pral depann de règleman ke Konsèy Ekzekitif Lekòl yo pral tabli e pibliye. Pa konsekan, se Konsèy Administrasyon an ki pou detèmine, a travè règleman Konsèy Administrasyon an, si yon kalite kondwit konsa diskalifye yon etidyan (*Wè Règleman 34, Kòd Kondwit Aktivite/Atletik la.*)

Yo pral kalkile yon kredi maksimòm an plen ke li pran nan kou dete yo (sa enkli ladan nenpòt Pwogram Edikasyon Vityèl) pou detèmine kou ke li pase pandan semès avan an pou detèmine G.P.A. kimilatif la. Yo ap enkli tou kredi li te pran pou kou li te pran nan Pwogram Edikasyon Vityèl la pou detèmine kalifikasyon lokal pou tèm ki an kou a ak pou detèmine mwayèn jeneral kimilatif li. Pwogram Edikasyon Vityèl la dwe konplete avan fen premye tèm nan pou li kapab antre nan kalkilasyon kalifikasyon akademik pou tèm ki an kou a.

Si yon lekòl (entansyonèlman oubyen pa erè) pèmèt yon etidyan patisipe nan yon konpetisyon atletik oubyen al fè aktivite konpetitif (andedan oubyen andeyò county a) pandan ke elèv la gen yon G.P.A. ki pi ba pase 2.0, lekòl la kapab tonbe anba tout sanksyon FHSAA ak règleman yo ki redije sou kesyon sa a, yon seri lwa ansanm ak penalite ansanm ak fòfè. Se Sipèentandan an ki pral tande nenpòt afè ki ale an apèl.



**RANVWA PA YON PWOSESÈ**

- I. SIJÈ: Otorite Pwofesè a genyen pou Retire Elèv nan Klas li an Akò avèk F.S. 1003.32
- II. REZON: Bi seksyon sa a se pou bay plis klarifikasyon, definisyon, gid direktif ansanm ak kritè sou Otorite Pwofesè yo genyen pou retire yon elèv nan klas yo.
- Atik No. 1. Klarifikasyon – Seksyon sa a kreye pou referans regilye pwofesè nou yo bay ki rive nan yon woutin epi ki pwoteje pa gid kondwit yo, règleman yo, pwosedi ak konsekans ki figire nan *Kòd* la avèk tou *Kòd Kondwit* etidyan chak lekòl yo an patikilye ki baze sou konpòtman apwopriye etidyan yo ak sa nou ap espere de yo.
- Atik No. 2 An plis de sa, yon anplwaye kapab retire yon elèv nan yon klas:
- a. Definisyon - "Dokimante" – Pou rezon seksyon sa a, se pou yo ekzije pwofesè ki mete yon timoun deyò nan klas li prezante dokiman ki pwouve ke timoun nan gen yon konpòtman ki ap deranje klas la, lè gen rapò ki fè konnen ke pwofesè a pap konsanti pou elèv la retounen nan klas li menm lè yo pran sanksyon ki apwopriye kont li. Yo ap ekzije pou dokimantasyon yo prezante sou fòm ki nan referans ki nan Appendix A, Fòm TA1. Yo pral ekzije pou dokiman-an prezante yon deskripsyon klè sou dezòd la; katite tan dezòd la dire; entèvansyon pwofesè-a te tante fè avan yo ba li sanksyon referal la; rekòmandasyon pwofesè-a fè pou entèvansyon yo; ak kondisyon li poze, si li te fè kèk, pou li retounen.
  - b. Definisyon - "Repete" sa vle di yon elèv ki genyen oubyen ki montre yon istwa kwonik nan sal klas yo kote pwofesè ki refere li a dokimante yon seri dezòd ke li komèt. Kalite ranvwa sa a aplike pou retire elèv ki gen yon istwa dezòd ki pèsistan e ki pa janm sispann pandan yo mete li nan klas yon lòt pwofesè pou dezòd. Ekzanp kalite konpòtman kwonik sa yo ki entèfere nan enstriksyon klas yo kapab enkli ladan yo, men yo pa sa sèlman, pwofanite, derefize koube ak sa yo di li osnon deranje bòn mach klas la, pale oubyen dòmi twòp, deplase kite chèz li san pèmision, vini nan klas an reta, konpòtman ak/oubyen langaj abizif kont pwofesè a osnon lòt elèv yo teke pye, oubyen pouse lòt elèv, zak vandalis oubyen vòl, ak/oubyen voye objè. Jan de konpòtman tankou timoun nan pa pote kreyon li, liv li, materyèl li; pa patisipe oubyen pa fè devwa li (amwens ke elèv la ap deranje klas la pandan ke li pap fè devwa li); etc. sa pa nesèsman entèfere nan abilite pwofesè-a pou li kominike oubyen entèfere nan abilite pou kanmarad klas li yo aprann.
  - c. Konsekans yo twò souvan nan kategori sa a parèt sou fòm, men se pa sa sèlman, ISS, OSS, Lekòl lè Samdi, fè li rete pou plis tan lekòl la chak jou, plasman nan lòt klas, plasman altènatif, ak posibilite pou mete li deyò.
  - d. Klarifikasyon – Twò souvan konpòtman ki parèt nan seksyon sa-a, yo dokimante yo kòm ensidan ki serye nan yon nivo ki defini nan seksyon Zewo Tolerans *Kòd* nou-an. Ekzanp konpòtman deregle, deranje, osnon ki abizif ki menase seryezman anviwonman klas la kapab enkli ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman: vyolans fizik osnon batay, menase yon pwofesè osnon yon etidyan, posede ak/oubyen itilizasyon zam oubyen yon sibstans ki kontwole. Konsekans vyolasyon kategori sa yo twò souvan se dènye konsekans yo ke Estati Florida pèmèt tankou OSS, plasman altènatif, mete li deyò nèt, arete li, ak/oubyen tradwi li devan la jistis.
- Item No. 3. Klarifikasyon – Aprè yon disiplin administratif ki tonbe daplon, si pwofesè a pa konsanti pou aksepte etidyan ki refere pou retounen nan klas li a, Direktè a dwe

refere sitiyasyon an bay yon Komite ki pou Revize Plasman an pou soti avèk yon detèminasyon nan nan yon espas senk (5) jou apati dat yo te konplete disiplin orijinal la osnon konsekans yo ke etidyan-an ap sèvi

Genyen de (2) kondisyon ki tabli pou yon elèv retounen nan klas li san konsantman pwofesè a:

1. Si Komite ki pou Revize Plasman-an detèmine ke li ap nan pi bon enterè timoun nan si li retounen nan klas li ak/oubyen,
2. Si Direktè a detèmine ke sèl altènatif ki disponib pou elèv la se retounen li nan klas li.

Item No. 4. Klarifikasyon - 25% faktè yo pa konte kòm yon ranvwa disiplin regilye ke yon pwofesè drese nan atik No. 1 an, se sèlman ranvwa ki fèt e ki dokimante an akò avèk de kondisyon ki twouve yo nan nouvo lwa ki kòmanse avèk atik No. 2-a ki ta dwe konte. Pwofesè yo ki depase 25% faktè ranvwa a ki anba atik No. 2-a pral ekzije pou konplete yon plan devlopman pwofesyonèl ki pou amelyore konpetans yo dwe genyen pou jere sal klas la. Sepandan, konsiderasyon ke administrasyon-an fè pou ekzijans yo ta dwe enkli ladan yo nivo avèk kalite devwa nan klas elèv yo ansanm avèk konpetans jesyon pwofesè a lè li detèmine bezwen pou yon plan devlopman pwofesyonèl. Plan an ta dwe kolabore e dakò avèk pwofesè a epi avèk administratè de baz lekòl la.

Item No. 5. Gid Direktiv - Komite pou Revize Plasman an dwe e soumèt avèk ekzijans ki enskri nan Komite pou Revize Plasman yo, nan paj 13 *Kòd* la.

**LEKÒL PIBLIK COLLIER COUNTY  
DOSYE LEKÒL SOU OTORITE PWOFESÈ GENYEN POU RETIRE ELÈV NAN KLAS LI  
F.S. 1003.32**

T E A C H E R  C O M P L E T E S	1.	Non Lekòl la:		
	2.	Klas/Nivo Klas: Nivo/Sijè:		
	3.	Non Pwofesè a:		
	4.	Non ak nimewo ID Elèv la:		
	5.	Kantite fwa nan ane sa a yo retire elèv la nan klas li anba lwa F.S. 1003.32:		
	6.	Dat yo Retire li:		
A D M I N  C O M P L E T E S	7.	Enimere Nimewo Règleman ki nan Kòd sou Kondwit Elèv yo.	Rule Number  _____	<p><b>Yo ekzije Dokimantasyon TA2 ki Anrejistre oubyen deklasyon ekri ki sou ensidan serye a.</b></p> <p><b>Ekzanp:</b> Konpòtman deregle/ki Deranje Klas la – Yo te retire timoun nan akòz li te adopte yon konpòtman ki te si tèlman deregle, deranje, osnon ki abizif ki entèfere seryezman avèk abilitè pwofesè-a pou kominike avèk elèv nan klas yo yon fason efektiv oubyen abilitè pou elèv kamarad li yo aprann</p>
	8.	<p>Pinisyon yo te bay Elèv ki refere a(se Administrasyon-an ki pou ranpli pati sa-a)</p> <p>Ansèkle Nimewo ki Apwopriye yo:</p>		<p><b>Anrejistre aksyon disiplinè administratif discipline action meted out to the student for the offense</b></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1 Ekzije pou fè sèvis nan lekòl la/sèvis kominotè</li> <li>2 Plase nan lekòl samdi oubyen pwogramwolonje</li> <li>3 Plase nan ISS (Sispansyon Nan Lekòl la)</li> <li>4 Plase nan yon pwogram edikasyon altènatif nan lekòl (egzanp, New Beginnings, Phoenix)</li> <li>5 Plase nan OSS (Sispansyon Deyò Lekòl la)</li> <li>6 Rekòmande pou Ekspilsyon</li> <li>7 Lòt Tanpri Espesifye _____</li> <li>8 Retounen nan klas orijinal li avèk konsantman pwofesè a aprè disiplin ki apwopriye</li> </ol> <p>*9 Pa retounen nan klas orijinal li akòz pwofesè a pa bay konsantman li (Si aksyon sa a rive, yo sipoze soumèt ka a bay Komite ki revize Plasman yo (PRC))</p>
P R C  C O M P L E T E S	*9.	Aksyon PRC (Komite pou Revize Plasman yo)		<p><b>Aksyon PCR pran aprè li fini revize ka a.</b></p> <ol style="list-style-type: none"> <li>1 Elèv la retounen nan klas li te ye a</li> <li>2 Yo plase elèv la nan klas yon lòt pwofesè</li> <li>3 Yo refere elèv la nan yon pwogram lekòl (e.g., ESE, LEP)</li> <li>4 Yo plase elèv la nan yon pwogram altènatif/dezyèm chans/prevansyon kont abandonman ki pa nan lekòl la, oubyen ki pwogram ki andeyò lekòl la</li> <li>5 Lòt – tanpri espesifye:</li> </ol>
	Administratè:  Dat:  Direktè:	10.	Devlopman Pwofesyonèl ke yo Ekzije (li ap rive lè pwofesè-a retire 25% sou total elèv ki enskri nan klas li)	<input type="checkbox"/> yes <input type="checkbox"/> no

Pwofesè ki fè Ranvwa a: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_ Prezidan PRC la (Lè sa aplikab): \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_



**COLLIER COUNTY PUBLIC SCHOOLS**


SCHOOL RECORD OF TEACHER AUTHORITY TO REMOVE STUDENTS FROM CLASS: F.S.1003.32

Log Form "TA" 2

Date Started: \_\_\_\_\_ For Year: \_\_\_\_\_ Page \_\_\_\_\_ of \_\_\_\_\_

School:		Student:			Teacher:		Class:		Grade:		Subject:	
NOTE: One form to be used per student for documentation purposes.												
Incident Number	Date of Each Incident	Description of Deviant Behavior(s)	Description of Teacher Action or Discipline Response (consequence)	Action Taken by Administration or PRC, if Referred	Date Consented Not Granted to Return	Date Professional Development Required						

Updated: 9/4/08



**NOTICE OF OUT OF SCHOOL SUSPENSION  
(Section 1006.09 – Florida Statutes)**

Parent/Guardian of {STUDENT NAME}  
 {STUDENT ADDRESS}  
 {CITY, STATE ZIP}

**School:** {SCHOOL NAME}    **Grade:** {STUDENT GRADE}    **Student ID:** {STUDENT ID}

A brief and informal meeting has been held by the administration and the reason for this action was discussed with {STUDENT NAME}. If you desire to discuss the matter, you may call the school office to make an appointment with your child's administrator. The school phone number is {SCHOOL PHONE}.

This student may not appear at our school or on any other part of our school property or at any extra-curricular activities during the term of suspension. Also, during the term of suspension, this student is not permitted within the 500 ft. School Safety Zone of any Collier County School's grounds, inside buildings or at any school's functions. Trespassers will be subject to arrest and/or prosecution (F.S. 810.0975). The district reserves the right to extend the distance up to 1,000 ft. in the event this student's actions and/or conduct is disruptive or threatens the safety and well-being of students and staff or inhibits school operations in any way. This right shall include issuing further disciplinary actions.

**The suspension time frame is as follows:**

Suspension Code	Date Begins	Date Ends	Return Date	Length of Suspension	Attendance Code
OSS OUT OF SCHOOL SUSPENSION				{ } Day(s)	OSS
NOTES					

**The student returns on:** {RETURN DATE}

**The basis for this suspension is:** {VIOLATION}

---

Signature of Parent/Student

---

Signature of Administrator

## Collier County Public Schools Medication Authorization Form

Dear Parent/Legal Guardian:

If your child requires medication(s) during the school day, Florida Statutes and School Board Policy require that you provide written authorization for all medications to be given. An authorization for prescription medication must also be completed and signed by a licensed practitioner. **(Medications not approved by the Food and Drug Administration (FDA) and alternative medications, including natural, herbal remedies, homeopathic medicines, food supplements, and vitamins may not be administered at school, with the exception of prescribed pancreatic enzymes or prescribed dietary products to treat lactose intolerance)**

- The Medication Authorization Form on the reverse side of this document must be entirely completed and accompany prescribed or over-the-counter medications to be given to your child in school. The form must be signed by a parent/legal guardian. The prescribing healthcare-provider must also complete and sign the form for any **prescription** medications to be given. **Medications will not be administered without a completed Medication Authorization Form.**
- A parent/legal guardian or an authorized adult must deliver medications to the school health room. At the time of delivery, the quantity of each medication will be verified by the school nurse or school personnel. **Do not send medications to school with your child.**
- Medications given only one time per day or medications that can be given before or after school are not administered at school.
- Prescription medications must be received at school in a container with the original, unaltered prescription label attached. The **label must be written in English** and display all information required by law, including, but not limited to: date of prescription, "discard after date," student's name, medication name, dosage, time to be administered, and the prescribing healthcare-provider's name.
